Léebuy Wolof yi

— lu dajale 2750 léebuy wolof

Richard Shawyer

2nd Edition
© July 2009

Ubbite

Téere bii mooy liggéey bi ma def ak mbëggeel ngir dellu tuuti ci teraanga ji ma jotoon ci biir Wolof yi. Indiwuma lu bees. Dama dajale rekk léebuy wolof yi nekk ci yeneen téere. Téere yooyu, lim nañu leen ca mujug téere bii. Am na ay léebu yoo xam ne ni ñu ko waxe wuute na ci yenn diiwaan yi. Noonu, dugal nañu léebu yi ak seeni wuute ci téere bi.

Léebu bu nekk bind naa ci ban téere laa ko jële. Mooy lim yi nekk ci diggante xala yi. Ñaata ci téere yooyu ñu lim ci muju téere bi (maanaam téere yi léebu yi jóge) boole nañu ab léebu man nañu wone ni léebu boobu siiwe. Maanaam, su ñu fekkee ab léebu ci fukki téere, léebu boobu moo gëna siiw léebu bu nekk ci benn téere kese.

Léebu wolof yi ëmb nañu xam-xam ak ràññee yu bare. Xeet yépp man nañu jàng lu bare jaare ko ci léebu wolof yi, ci lu jëm ci luy baax ci nit ci kaw baaxi maam – maanaam diggante nit ak mbokk, ngor, jom, faayda, teraanga, sutura, sago, muñ, fit, njaambur, maandute ak ñoom seen. Xalaas, ngor wàññiku na lool ci Senegaal rawatina ci xale yi. Xëyna téere bi man na fanq ag wàññikoom te denc xam-xamu maam ya ngir jamono yiy ñëw. Mooy sama yéene. Yal na la Yàlla barkeel, yaw mi jàng téere bii.

Soo gisee sikk ci téere bii, yónni ma ab émayil ca musaa.sarr@gmail.com ngir xamal ma ko.

Musaa Saar (mi tudd itam Richard Shawyer)

Preface

This book is a labour of love for the Wolof speakers of Senegal. It is hardly an original work but rather a compilation of all the proverbs published by the numerous authors found in the bibliography at the end of the book. Variations of individual proverbs (including some minor grammatical variations) are included. The number of sources which quote a proverb is probably a good indication of how well known the particular proverb is likely to be.

There is much wisdom contained in these pages. All peoples can learn much from the values of traditional Wolof culture and the emphasis that it places on relationships – values of community, honour, dignity, courage, honesty, loyalty, self-control... Alas many of these values are being lost from Senegalese society. Perhaps this book might serve in a small way to slow these changes and preserve the rich heritage of Wolof sages of former years.

Avant-propos

Ce livre est un travail de l'amour pour les gens qui parlent Wolof. Ce n'est pas vraiment un travail original mais plutôt une compilation de tous les proverbes qui se trouvent dans les livres des nombreux auteurs trouvés dans la bibliographie à la fin du livre. Les variations de différents proverbes (quelques variations grammaticales mineures y compris) sont incluses. Le nombre de sources qui citent un proverbe est probablement une bonne indication d'à quel point le proverbe en particulier est susceptible d'être bien connu.

Il y a beaucoup de sagesse contenue en ces pages. Tous les peuples peuvent apprendre beaucoup des valeurs de la culture traditionnelle de Wolof et de l'accent qu'il met sur les rapports - valeurs de la communauté, honneur, dignité, courage, honnêteté, fidélité, sang-froid… Hélas plusieurs de ces valeurs sont en train d’être perdues dans la société sénégalaise. Peut-être ce livre pourrait servir d'une petite manière de ralentir ces changements et de préserver l'héritage riche des sages wolof d'anciennes années.

1. Aar moo gën faj. (20)
2. Aawo, aw la tudd. (9)
3. Aawo buuru këram. (2)
4. Aaye na, aayeetul keroog. (1)
5. Ab dag du bëgg moroom ma. (14)
6. Ab lonku, daar a ca gën. (2)
7. Ab yeel bu ëppee ab lupp booba jàngoro rax na ca. (20)
8. Abb delloo la sant. (20)
9. Àbb, delloo ca gën. (7)
10. Àddina ak li ci biiram jarula xiirook a ŋaayoo. (19)
11. Àddina, ànd bi géléem la. (2)
12. Àddina daramba la. (19)
13. Àddina du cere, waaye dañu koy laalo. (2,6,7,9,10,14,16,18,19)
    Àddina du cere waaye lu mata laalo la.
    Àddina du cere waaye dees na ko laalo.
14. Àddina du dara. (2)
15. Àddina du kër, xaarukaayu dee la. (18)
16. Àddina du lijjantiku. Ca xeexub Badar la lëje woon. (19)
17. Àddina gudd nab tank. (19)
18. Àddina jigéen la, ju fu mu tollu, mu ngi ëmb te kenn xamul lu muy jur. (15)
19. Àddina, kendandoo la. (15)
20. Àddina kenn defaru ko ci benn fan. (7)
21. Àddina këru naxekaay la. (20)
22. Àddina li muy yaatu-yaatu, ñaawaay a ëpp wóllare taar. (9)
23. Àddina mor yow. (9)
24. Àddina, ndoxum joor la ; buy taa, mu ngay ŋiis (6,15)
25. Àddina Njéeme la tudd, sant Ba. (19)
26. Àddina njoowaanu golo la, garab gu nekk lay wékku. (2,15)
27. Àddina ñett a ci gën : àjjana biti, ak weerteewlu ak mëneek say dëkk, ak ku la gis bëgg la. (1)
28. Àddina ñett a ci gën, am a gën, man a gën, xam a gën. (1,13,15)
29. Àddina, ñett a ci di yóbbal : ab xame, ab taar ak mbuus. (1,13)
30. Àddina ñett a ko jàpp : saxle, gub sax bi, ak sax mi. (1,13)
31. Àddina ñetti fan la, démb ñoom baay, tey ñun, ëllëg sunuy doom. (9)

32. Àddina potu ndaa la, ku naan jox sa moroom mu naan. (2,9,15,18)
33. Àddina, reenub ñàmbi la, kenn xamul fu muy damme. (19)
34. Àddina weeru koor la ; feek jant sowul, juubu du wees. (11,12)
    Dund gu jeexagul, weeru koor la : juubu weesoogu ca. (2,3,5)
    Koor gu jant sowagul, juubu weesoogu ca. (2)
35. Àddina wori neen la. (2,3,5)
36. Àddina yagadeete la, koo ca gis ngaa ndëndam, mu ko tëggal ; noppam ne ko : yàggleel. (1)
37. Àddinaa neex ba ku dee, ñu bàyyi laak say gëñ. (9)
38. Àddinaa ngi ci sunu kanam. (19)
39. Àddinaa tëradi. (9)
40. Àddinam xel, gën jamonoy bët. (19)
41. Àddinam xel, jam na gët. (1)
42. Àddinay gët, jamanoom xel. (2)
43. Àddiya ak moyaal, loo ci lekk, boo géexee, mu rees. (6)
44. Ag mbokk, dañu koy dox, mbaa ñu wax ko. (19)
45. Ag roy-dàq a fi yées. (2)
46. Ak lu nar teela xéy, bu dëgg gontee, jot ko. (6,8,13)
47. Àkk àkkum gaynde, song songum bukki (6)
48. Alal fajul dee, gàcce lay faj. (2,12,14,15)
    Alal du faj dee, gàcce lay faj. (7,9,18,19)
49. Alal joo gis, alaa ka fa ba. (20)
50. Alal yu bare, yaram wu wér a ko gën. (13)
51. Alalu golo : ca lex ba. (2,3,5,6,9,20)
52. Alalu jaambur ba la sant (20)
    Alalu jaambur ba fa la sant (16)
53. Alalu ku sàggan, ku farlu moo koy jariñoo. (7)
54. Àllaaxira bopp du fa doxub joor. (9)
55. Alxamdulilaay ju àndul ak coono, amul. (19)
56. Am bukki yomb na, waaye bukki buy xalam a jafe. (2,15)
57. Am : gore, ñàkk : gore. (7)
58. Am joo gis, indee ciy tegu. (19)
59. “Am léegi” a gën “daa am ci kanam”. (13)
60. Am na baat bu doonte xexer, nga daloo ko. (13)

61. Am na bukki bu ŋexalul, te jégéñ kër. (13)
62. Am na i bët yu gëna réy as gémmiñam. (4)
63. “Am naa géléem ca Gànnaar” yomb naa wax, (2,3,5,6,19,20)
64. Am naa géléem ma nga Gànnaar. (9)
65. Am ndaa, toj ndaa. (9)
66. Am nopp yu firéeku, taxula am dég-dég. (15)
67. Am réew, su fa lingeer dee fecc, ku fay woyaan doo rusa yaŋas. (2,3,6)
68. Am saxul, ñàkk it saxul. (15)
69. Am soow dina ëppela bare, wande du ëppela weex. (4)
70. Am xaj moo gën, am nit. (9)
71. Am yàlla yàllaay Buur, Naak yàlla yàllaay Buur. (14)
72. Amuloo salaamaalekum, amuloo fanaan leen jàmm. (9)
73. Ana golo aka xastey daar-daar ? (3,5)
    Ana goloo ka xastey daar-daar ? (2)
    Ana golo aka xaste ay daar-daar ? (6)
74. Ana golooka sàngoo mbàjj bay taamu nimoro diis ? (2)
75. Ànd ak filiks fetal damel, ànd ak damel fetal filiks. (9)
76. Àndandoo sag maas, diir koo yemal mbagg. (2,3)
    Àndandook say maas, diirook koo yemal i mbagg. (19)
77. Àndook waa new, waa dugóor raw la. (19)
    Andulook waa ndugóor yi, te waa nëw yi raw nañu la. (9)
78. Añ ci, te bu ci reer. (2)
79. Ardoo néwi, ñu tup Malal. (9)
80. As gor dina dugg ciy naxam. (2)
81. Asamaan lu mu taw-taw suuf àttan ko. (9)
    Lu asamaan taw, suuf mën na koo dékku. (2,7)
    Lu asamaan taw-taw, suuf dékku ko. (19)
82. Asamaan moo di buuri mbaar. (4,13)
83. Àtte bor ak fey. (12)
    Àtteb bor, fay. (19)
84. Aw doj du yàgg géej ba tax mu doon aw jën. (7)

85. Aw fas, manees na koo wommat ba cim ndox, waaye naanloo ko te marul, maneesu ko (11)

    Manees naa wommat fas ba cim ndox, waaye maneesu koo naanloo te neexu ko. (12)

86. Aw naaru-góor lu mu mëna mëna daw ñu bàcc ko ab yar. (2,6)

    Fasu naaru-góor, lu mu mën-a-mën daw ñu làbbili ko. (3)

    Lu naaru-góor gaaw-gaaw, fàww ñu làbbali ko. (19)

87. Awma ginaar siiru sikk ma duma ci fekk. (12)

88. Ay du weesu baay dee na. (7,12)

89. Ay du yem ci boppub boroom. (2,7,9,12,14)

    Ay du yem ci boppu boroomam. (11,15)

    Musiba du yem ci boppu boroom. (20)

90. Ay wax yu bare, du may lu ñu lekk. (4)

91. Ayi waay jàmmi waay. (17)

92. Ba béjjéni kuuy di lëŋaaru, mag ñaa nga fa woon, te mënu ñu ca woon dara. (2)

    Man maay béjjén, bi may déng mag ñaa ngi fi, dañu cee mënul dara. (17)

    Béjjénum xaaf ba muy woñaaru, mag ñaa ngi fi dan cee mënul dara. (20)

    Béjjénu xaaf, ba muy màgg bay wëndéelu, booba mag ñaa nga fa. (7)

93. Ba feneen amee ba-tey, kenn sonnatul. (2)

94. Ba mbott bëggee tollu niw ñay, daa funki ba toj te sottiwul. (12)

95. Ba nga déggee mbott mën nam ndox, ma ñu baxal taxul ñuy wax. (19)

    Mbott mën na ndox, waaye du mu tàng. (2)

    Mbott a gëna bëgg ndox, wànte mu tàng bokku ca. (4,6,8,13)

96. Ba nga séenee ron, ron a la jëkka séen. (2,6,8,13)

    Ba nga laata séen ron, ron a la njëkka séen. (9)

97. Ba ngay séen puj, puj a la jëkka séen. (20)

98. Baadoolo, boo ko nee kaay jël sa teraanga, mu bañ, danga koy jox toroxalam. (19)

99. Baadoolo bu bañee liggéey, bañeek mbokkam. (1,13)

100. Baadoolo bu ragal naaj ragal na njariñam. (6,15)

    Baadoolo bu bañee naaj, bañ nak mbokkam. (1)

101. Baadoolo, ci buntu néegam lay tawtee. (2)
102. Baadoolo dafay yemale bëgg-bëggam. (20)
103. Baadoolo du ne moroom ma : “jógal, ma toog !”, waaye bu jóge mu toog. (2)
104. Baatu dëgg yomb naa xam. (4,13,20)
105. Baax ak bon, loo ca mana nëbb dafa wóorul. (1,6,15)
106. Baax alalu Yàllaa : xarit ba la koy jox. (2)
107. Baax ci sa alal. (9)
108. Baax du taxa ñàkk i noon. (2)
109. Baax ndey, baax baay, baax ci bopp a gën. (9)
110. Baax sabaarub dugub la ; fu ñu ko fabe, ay fepp ruus fa. (2)
111. Baax yàgg. (9)
112. Baay, wékkukaayu yëre la, buy dem yëre bi ci gën lay sol. (9)
113. Baayo bu fattalikoo soxor. (9)
    Jirim, bu fàttalikoo, soxar. (2)
114. Bàkk nga Njaag. (2)
115. Bakkan du jaay. (2)
116. Bakkan, jàmm la bëgg. (2,9)
117. Bakkan jekk na ci xar-kanam, ndaxub gise. (9)
118. Bakkan waruw dàll la : fa muy dagge doo ko yëg. (2,3,6)
    Bakkan waru dàll la, buy dagg boroom du ko yëg. (19)
119. Bàkkanu julaa ngi ci làmmiñu penkat. (9)
120. Bala góor a baax, biiram réy. (13)
121. Bala kenn mëna làq ñeme li lay dàq. (20)
122. Bala mu ne mux-mux, ne war-war. (2)
    Balaa mu naan nux-nux, ni war-war. (9)
123. Bala nga am dara, nga wiccaxndiku sa nàq.
124. Bala nga jiitu, jot. (4)
    Bala nga jiitu, nga jot. (13)
125. Bala nga lekk ubbil sa gémmiñ. (4)
126. Bala nga ne “naam”, ne fa. (2,6,8,9,14,19,20)
    Bala nga wuyu nekk fa. (4,13)
    Bala nga naan naam, ne fa. (7)
127. Bala nga réer jog. (4)
128. Bala nga sànni, diir. (4,13)

129. Bala nga togg, am rënd. (4)
130. Bala nga tontu, jëkkala dégg. (13)
131. Bala nga tuufu, féetal i bët. (4)
132. Bala nga wuti jabar, wutal goro. (20)
133. Bala nga yaraan, jëkkala yaru. (13)
134. Bala ngaa aj kumboo, aj sa bopp. (19)
135. Bala ngaa dem lii moo neex, fàww nga jaar ci sonnoneen. (19)
136. Bala ngaa fajaan, jëkka wér. (6,13,20)
    Bala nga fajaan jëkka wérle. (4)
    Bala ngaa fajaan, wérle. (7)
    Bala nga fajaan, fajal sa bopp. (13)
137. Bala ngaa gësu, dal. (19)
138. Bala ngaa gore, goor ci dara. (9).
    Bala ngaa gore, am ci loo goor. (20)
139. Bala ngaa ñend géléem jot bakkan ba. (15)
    Bala ngaa ñand géléem, jot ca bakkan ba. (19)
140. Bala ngaa toj gémmiñu sàmm dangay xam la mu waliis. (2)
    Bala ngay fél gémmiñu sàmm, nga xam lu mu waliis. (20)
    Bul fél gémmiñug sàmm te xamoo la muy waliis. (19)
    Balaa ngaa toj gémmiñu sàmm, xaaral ba xam la mu waliis. (15)
    Balaa ngaa pes gëmmiñu sàmm xam lu mu waliis. (9)
    Bala ngaa mbej Samba, xamal la muy waliis. (14)
    Bala ngaa toj gémmiñu sàmm, na nga xam lu mu waliis. (13)
141. Bala ngaa xam luw taat di jëriñ, mbate toog jotee. (2,3)
    Bala ngay xam li taat di jariñ, toog jot. (6,8)
    Bala ngaa xam lu taat di jëriñ mbee jékki jotee. (20)
142. Bala ngaa xam, xamadi xaw laa rey. (5,8,16,19,20)
    Bala ngaa xam, xamadi xaw laa gaañ. (2,3,8)
    Bala ngay xam, xamadi rey la. (6)
    Ku daa-ta xam xamadi xaw la rey. (15)
143. Bala ngaa yóotu, fa nga dëgg dëgër. (7,10,19,20)
144. Bala ngay tuufu, teppalil. (6,13)
145. Bala ngay wut alal, na nga wut nit ñi. (18)

146. Balaa def tem-tem ne war-war (8)
    Bala mu naan tem-tem ne fet-fet. (2)
147. Balaa ginaar a duggati ci ngunu, yër ko. (19)
148. Balaa ngaa dundal ña ca mbedd ma nga dundal ña ca kër ga. (20)
149. Balaa soloo baax, solo yàqu. (7,20)
150. Bant bu dëng bu ko ëpp doole koy jubbënti (20)
151. Bant, lu mu yàgg yàgg cig dex, du tax mu soppiku jasig. (2,3,5,20)
    Yàggaayu bantu ron ci ndox, du ko taxa doon jasig (11,12)
    Bant, lu mu yàgg, yàgg ci dex, du ko taxa soppaliku jasig (6)
152. Bañ loo mënula wàññi dara, mook bëgg yem. (1,13)
153. Bañ mbey du tee dégg ug dënnu. (19)
154. Bañi daaw su bëggee ren, pexeem a joy. (2)
155. Bañu démb bu nangoo tey, pexeem a joyul. (9)
156. Bañuma ku ma tarka, waaye kenn du ma laab. (19)
157. Bare dugub, fekke déwén a ko gën. (2,4,6,13)
158. Bare ñeex, bare ceree ko gën. (2,4,13)
159. Barigó yëgul damsaan, ca la ñ(u) ko duye. (2)
160. Barile, baaxlee ko gën. (2,11,12,16)
161. Baroom jur ci sa tool taxul nga yett giir. (6)
    Ku baroom jur ci sa tool, taxti la yett engu. (13)
162. Basi, góor a koy bey. (2,14,19)
163. Bataaxal boo bëggee mu leer doo ko binde bale. (9)
164. Bay ci sa toolu sëriñ bu doon maye barke kon seeni doom a cay jiitu. (9)
165. Bàyyi sa teppeeku, yokk sa wëñ. (14)
166. Bàyyil bésub, jekkul ci nit ku yiw. (9)
167. Bàyyil xal, mu gëmm. (2)
168. Bëccëg tëdd, weer wa torox la. (2)
169. Beg raay ni tillug beyaat. (19)
170. Bëgga dëkkandoo mànjaago duma taxa sant gomis. (9)
171. Bëgga dem taxula dem, mëna dem ay taxa dem. (2,5,6,8)
172. Bëgg-bëgg, kapitenu boroom la : fu mu ko fekk maajloo ko. (2)
173. Bëgg-bëgg yee wuute, moo tax njaay may jar ca ja ba. (2,3)
174. Bëgg i ween du ma taxa takk i ngegenaay. (6,15)

175. Bëgg jiba, duma taxa gaar sama dënn. (9,19,20)
    Bëgg i ween du ma taxa takk i ngegenaay. (6,15)
    Bëgg xaritu pël du ma taxa booti sëllu. (9)
    Bëggu yàpp, bu mu la taxa lekk médd. (19)
    Bëggu yàpp bu mu la dugal ci galgal aw ñey. (19)
    Bëggu yàpp bu mu la dugal ci wonnub suññéel. (19)
    Namm yàpp du ma taxa lekk war-waraan. (9)
176. Bëgg ju sañul feeñe, mook bañaalé yem. (1)
177. Bëgg naa la, maa la raw mënu koo fey. (6)
178. Bëgg xaritu pël du ma taxa booti sëllu. (9)
179. Bëgg, yëg a koy fey. (7)
180. Bëgga nettali sa gént, nettali sa géntug moroom. (2)
181. Bëggati ma laax, ba sama bopp def wos. (4,13)
182. Bëgge bu la xañulee, booba bëggee goo. (9)
183. Bëgge du mat, ngor mat. (2)
    Mbëgge du mat, ngor mat (15,16)
184. “Bëgg naa la” ak “bëgguma la”, jarul soowoo. (2)
185. Bëggu yàpp, bu mu la taxa lekk médd. (19)
186. Bëggu yàpp bu mu la dugal ci wonnub suññéel. (19)
187. Bëggu yàpp bu mu la dugal ci galgal aw ñey. (19)
188. Bëggum ñeex duma taxa dëppoo cin lu tàng. (2,3,5)
189. Béjjén du jëkka sax bopp. (4,13)
190. Béjjénu nag jégeñe na lool, waaye bu ñu laalee du sagos boroom. (6,15)
191. Benn lam, du jib daal. (9)
    Benn lam du fëgg. (2)
192. Benn loxo du tàccu. (2,3,5,6,7,20)
193. Benn nopp, ku ca jëkk wat. (2)
194. Benn pombiteer bu nëb yàq na pañe.
195. Benn tànk doxul ug mbokk. (19)
196. Benn teraanga du war moroom ay tànku. (9)
197. Benn xel doyul. (9)
198. Béntéñe doŋŋ du ker, waaye moom lañu taamu. (2)
199. Bëñ a di sakketu gëmmiñ. (4)
200. Bëñ ak làmmiñ a dëkk, waaye danuy daje. (9)

201. Bëñ ak làmmiñ ñoo dëkk, bés bu set dañuy xuloo, waaye dañuy jubóowaat. (2)
    Làmmiñ ak bëñ a dëkk. (19)
202. Bëñ du ree jàmm ! (2,19)
203. Bëñ weex na, waaye deret a ko lal. (2,7,12,19)
    Bëñ bu weex tàll, te deret ju ñuul kukk lal ko. (9)
    Bëñ de na ree, wandey deret anga ca suufam. (4)
    Bëñ weex na, nde deret a ko ronu. (13)
204. Bérab bu nekk, la fay ñuul, moo fa dib ñag. (2,11,12,19)
    Bérab, la fay ñuul a fa dib ñag.
205. Bérab bukkeek mbaam yàgg-yàgg mbaam ay dee. (12)
    Bérab bukkeek mbaam. (2)
206. Bëre bëy duma taxa ngénte doom ju ma jurul. (14)
207. Bëre reenu ñàmbi la, kenn xamul fa muy damme. (12)
    Bëre, reenu ñàmbi la ; fa nga ko foogewul lay damme. (6)
208. Beref ku ko mayul diw, bàyyi kook diw sa ka yàlla jox. (9)
    Ku mayul berefus ndiw, bàyyi kookus ndiwam. (19)
209. Berkelle lu mu rëy-rëy, du ko taxa nekk naaru-góor. (19)
210. Bés a nga di déwén : boo ko waxee gone, mu foog ne tabaski la. (2)
    Xale boo ci ni ba déwén, mu defe ni Tabaskee tax ngay wax. (19)
211. Bés boo gis, day leb walla muy fey. (2,3)
212. Bés bu nekk ak la cay wara xew. (2)
213. Bés bu nekk, bés lay fay. (9)
214. Bés bu tawee, lay teg ca, lu ñu jiwoon dana sax, ku ko fekke doo né suuy. (2)
215. Bés du ñàkk day sore. (20)
    Bés du ñàkk. (7)
216. Bési Yàlla yi du (ñu) jeex. (2)
217. Bésub dee du bésub dund. (2)
    Bésub dund du bésub dee. (12)
218. Bët, bu reerul añ. (2,8)
219. Bët bu rusul, toj. (2,7,9,11,12,19)
    Bët bu rusul, tuuru. (15)
220. Bët bu woree sew. (9)

221. Bët du gis la koy fatt. (9,16,20)
    Bët, la koy fatt, du ko gis. (2,8,19)
222. Bët du jooy lul lu mu xam. (13)
223. Bët du yenu, waaye xam na lu bopp àttan. (2,3,5,6,8,9,10,15,19,20)
    Bët du yenu, waaye xam na lu bopp antan. (6)
    Bët du yenu, wande lu bopp àttan xam na ko. (4,13)
224. Bët kàttan. (9)
225. Bët yu naqaree gën foo fi nekke. (19)
226. Bëti saa-wëtë. (9)
227. Bëtu mbëggeel du gis melo. (9)
    Bëtub mbëggeel du xool melo. (19)
228. Bëtub mbëggeel, jéll nab gàkk. (2,3,5,11,12)
    Bëtu mbëggeel jéll na ab gàkk. (6)
    Bëti mbëggeel, jéll na gàkk. (19)
229. Bëtub tan jéll na méddum sanqaleñ. (7)
230. Bey, ci sa wewu tànk. (2,7,20)
    Mbey ci sa wewu tànk. (14,20)
    Bey ci say óom. (9)
231. Béy, bu àndul ak béy ya, ànd ak cere ja. (2,3,6,9,19)
232. Béy dana dagg, daggaale moroom ma. (2)
233. Béy du gëmal gënn. (2,3,6,9,19)
234. Béy du raas déemi guddi. (2,6)
235. Béy wéy na mbuus. (2,6)
    Béy wees na mbuus. (19)
    Béy bi ñu yàpp, wees na mbuus. (13)
236. Béy wu ne, am nag déem. (3,19)
    Béy wu ne am nag déem, (te yaay samag déem.) (2)
    Bëy wu ne am na ag déem. (6)
237. Beykat du jéggib toolam. (2)
238. Biir du def bar ca a ku des. (12)
239. Biir du suur, xel ay suur. (2)
240. Biir dug pal. (2,9)
241. Biirub ribaa jarula ñee boroom. (9)
242. Bitéel amul xànc. (2)

243. Bokk meen, taxul bokk jikko. (9)
244. Bokk ndey du tax menn. (4,13)
245. Bóli gu dog, doktoor amu ca pexe. (9)
Bóli gu dog, tiiñ nab doktoor. (2,7,12)
Bóli gu dog tiiñ na ab doktoor. (11)
Bóli gu dog, doktoor mënu ci dara. (7)
Put gu dog tiiñ na doktoor. (9)
246. Bóli mbedd la, waaye nag du ca saawo. (2)
247. Bon a gën gannaaw baax ; baax a yées gannaaw bon. (2)
248. Boo amee xaritub gunóor, bu ko tas cib kekk. (19)
249. Boo baaxee ñépp a lay jur,
Boo bonee sa yaay dugg coono. (2)
250. Boo bëggee jàmm, féexëlël sa xol. (15)
251. Boo bëggee xam luy muñ, amal jabar. (2,3,5,6,15,20)
252. Boo bëggee xam luy laabiir, amal doom. (2,3,5,6,15,20)
253. Boo déggee “jaar bëgg naw sëb”, newul ñu boole kook moom togg. (2)
254. Boo doon góor dangay sol màntó di war naaru góor, di dañal; bi ngay jigéen yaa ngi dog buumi gàcce, di bëgg lu baax, di bañ lu bon. (9)
255. Boo fa sànnee bàttu mu tag ! (2)
256. Boo gajjee am ngeer, ngeer rekk a fay jebbi. (20)
257. Boo gisee ku def lu mu warula def, bu ko farfarle. (13)
258. Boo gisee lëf lëf a tax, boo gisee yàpp, rab a dee. (15)
259. Boo jombasee, danga xaal. (2,19)
260. Boo lekkee ci ndab, ubal ba mu jekk, teraanga la. (19)
261. Boo luuboo, ba luubu, bu la Yàlla yeetalee nga nelaw. (9)
262. Boo ma jàppee fu Yàlla nekkul, rey ma. (15)
263. Boo mbaam mbaamloo, ma lawbe-lawbe lu. (9)
Kuy mbaam mbaam lu, ma lawbe lawbe lu. (14)
264. Boo nee laax bi tàng na, mu ne mbott suyal xorom. (9)
265. Boo reeyee lëf a la reeloo. (4,13)
266. Boo waree fasu mbaax ñu war fasu wañ̃ñ topp la. (9)
267. Boo xejjatee ci péey ba fa jee ja. (19)
268. Boo yëkkëtee ab loxo ne yëguma kenn, yëkkëtil beneen bi ne kenn yëgu ma. (20)

269. Booba Yàllaa laaxul géej ; moom mi moom géej, moom sanqal. (2)
270. Booy aji Màkka, dëkk boo romb am na jàkkaak yilimaan, waaye Màkka la yaakaar ja ne. (2)
271. Booy gunge boroom biir buy daw, bu dawul, bul daw. (5)
272. Bopp, bu àndul ak bët, du mëna fajaru. (7)
273. Bopp bu nara barkeel, nopp ya cay sax day dégg um ndigal. (19)
    Bopp bu naree am jàmm, yàlla da cay saxal nopp yuy dégg. (9)
    Bopp bu am njeriñ, noppi moo ca sax. (20)
274. Bopp du ngir karaw kese. (20)
275. Bor du am rakk. (2)
276. Boroom bakkan bu ne la “mbas maa ngoog”, nee ko : “fas Yàlla”. (2)
277. Boroom caq war nay moytu boroom baatub neen. (2)
    Boroom caq day moytu boroom yoqeel. (14)
278. Boroom dëj mën naa jooy ab dëjam. (14)
    Boroom dëj bi mën naa jooyub dëjam. (2)
279. Boroom doole xamul ndànk. (2)
280. Boroom kànjaa mana maafe. (2)
281. Boroom karaw gu ñuul ñàkkul dara. (18)
282. Boroom kol gu weex, day moytu boroom xàndi tiir. (9)
    Boroom yére yu weex war naa moytu boroom xàndig tiir. (2)
283. Boroom lal a xam i màttam. (2,6,13,20)
    Tëddji lal, moo xam ay màttam. (11,12)
    Boroom lal a xam màttu lalam. (7)
284. Boroom làmmiñ du réer. (20)
285. Boroom ŋàdd yëgul boroom pañe. (2,3,6,7)
    Boroom ŋàdd faalewul boroom pane. (5)
    Boroom ŋàdd wu dakkul yëgul boroom pane. (9)
286. Boroom ndékki, ku ko jëkka yeewu tëddaat. (2,3,5,6,7,9)
    Boroom-kër, ku ko jëkka jog, dinga tëddaat. (5,6)
    Boroom ndéegó, ku ko jëkka yeewu tëddaat. (12)
287. Boroom njëg a yab luy jaay. (2)
288. Boroom tubéy, bu jàngoo, sol. (2,3,9)
    Boroom tubéy saayu jàngoo sol. (11,12)
289. Boroomub dég-dég day moytub gise. (2)

290. Bu bëgg-bëgg doonoon jëmm, dina bëmëx boroomam ci kàmb. (11,12)
291. Bu bët setee, ku ñaaw rus. (19)
292. Bu bëy dàqee ab sàcc ci kër, xaj war naa rus. (11,12)
    Bu bëy dàqeeb sàcc ci kër, xaj war naa rus.
293. Bu caaxaan wéyee, dëgg a des. (2)
294. Bu cooroon jeexee, bët sébbi. (7)
295. Bu cuuj màggee, ñu bàyyi ginaar. (2)
296. Bu daay tàkkee, gisoo bàqaar, am na lu ko téye. (19)
297. Bu dee bala ngaa xam ñu wax la, bu ñu la waxee itam doo xam. (19)
298. Bu dee ku ñëw nga ni du waa ji, léegi waa ji romb la ànd ak gaa ña, te doo xam ni waa jaa. (19)
299. Bu doom yàkkamtee génn kër baayam, yaayam a yàkkamti. (6,15)
    Ku xeeb sa këru baay, sa ndey a yàkkamti. (1)
300. Bu dul wonteek benn kenn du ni ñaar (9)
301. Bu dul woon benn, deesul xam ñaar. (9)
302. Bu for yombee, sëgg jafe. (2,8,15)
303. Bu fukk dee gas, fukk di suul, pënd ay bari waaye pax du fa am. (2,6,9,15,16,18,19,20)
    Bu ñaar di gas, fukk di suul, pënd ay bari, waaye pax du am. (7)
304. Bu gudd nopp doon taxa dégg, kon mbaam kenn du ko dóor. (9)
305. Bu gune yaroo lu mu am jombu ko. (12)
306. Bu guney yéeg, du tàggoo, waaye bu daanoo ñu yëg ko. (11,12)
    Gone, bu dee yéeg du taggoo, waaye bés bu daanoo mag am caw yoon. (2)
307. Bu jamar naagu, ndegam sarweet a ngi dund. (2)
308. Bu janax doon xumbal, ñag boo séen muy xóoy. (19)
309. Bu jëgg sippee mbaam féex. (12)
310. Bu joxe doon taxa ñàkk, kon ku watu doo sëq. (19)
311. Bu kenn dee gas, fukk di suul, kan ma dana yeexa xóot. (2)
312. Bu ko defati wóorul, dootu ma ko defa wóor. (12)
313. Bu la am-am taxa bew, ndax nàkk du wees. (2,5)
314. Bu la asamaan jegee, fexeel ba laal ko. (7)
315. Bu la bukki tooñee dumaal gaynde. (15)
316. Bu la gumba wooyee ci galle, booba dafa dëgg ciy doj. (2)

317. Bu la jëgg fenee yóbbante ko. (15,16)
318. Bu la mbaam wéqée bul feyyu. (9)
319. Bu la mën-ngawar jayee ba nga mafñàndum saaw, boo fa jógee, loo amati jënde koog teg. (2,3)

    Ku mafñandum saaw, bu déwénee loo bey mu yem cig teg. (19)

    Su la mën ngawar jayee ba nga mafñàndum saaw, boo fa jógee, loo bayati jënde kog teg (6)

    Ku namm ngawar taxa mafñandu suñeel, bu ren dee déwén loo am teg lay jar. (9)
320. Bu la ngelaw mayee mbaam, ngelaw a la koy xañ. (15)
321. Bu la ñàkk taxa ñànki. (2)
322. Bu la ñépp dee déglu, dangay wax lu ñépp mëna dégg. (19)
323. Bu la sa caxkaal dugub neexee ba nga néeg koo suqi, bu sekkee du la noppal. (11,12)

    Bu la caxkaal dugub neexee, ba nga néeg koo suqi, bu sëkkée du la barilu njariñ. (12)
324. Bu la sa xaj bawul, xaju keneen bawlë. (15)
325. Bu la taar bi taxa bew, ndax laago du wees. (2,3,5)
326. Bu la Yàllay tàccoo feccal ba lay bàyyi. (12)
327. Bu la yàppu bopp réeree, làmbal sam kaaŋ. (2)

    Bu la yàppu bopp umpee, làmbal sam kaaŋ. (19)

    Ku sa yàppu bopp réer dangay làmb sam kaaŋ. (9)
328. Buleen xeeb bataaxal, lu mu tuut tuut wax lay indi. (9,19)
329. Bu lëg lekkee aloom, na ko gërëme coy (5,6,7,9,12,14)

    Lëg su lekkee aloom war na koo gërëme coy. (2,3)

    Bu lëg mosee aloom, na ko gërëme coy. (10)

    Bu lëg ñamee aloom, na ko gërëme coy. (19)
330. Bu liir juddoo sex weenu ndeyam, am na lu mu ci jublu : dund. (7)
331. Bu loos wu gudd doon taxa falu, kon giléem du fanaan biti. (7)
332. Bu ma jiitu ci sama mbojj. (2,3,6)
333. Bu mag amee sutura moo ko may boppam. (12)
334. Bu mbey matee faj baaraam des. (15)
335. Bu naar sonnee wax i wolof. (2,3,6)

336. Bu ndab xatee, gaana jooy,
Xulóol du màtt saamaan,
Nag du màtt
Mbaam du daan,
Dax du jaaru,
Nen du maaj
Njoolum peñ du lugat baag,
Béy du tol na géléem-saar. (2,20)
337. Bu ndongo sañoon, tawu mburu di am bés bu nekk. (18)
338. Bu ndox tuuroo, an bàq a des. (6,7,10,19)
Gannaaw ba ndox tuuroo, an bàq a des mbaa rootiyaat. (2)
339. Bu Ngaay neexee, Mexee tax. (2,3)
Bu ñu nee Ngaay neex na, Mexee tax. (19)
340. Bu njaab yàggee gawar feeñ. (7,20)
341. Bu nu demee ba ca cippaa ndaw ja, yuux dina jibe fu ñu ko foogewul. (20)
342. Bu ñ(u) nee “guy ga”, na ne “daqaar ga”. (2)
343. Bu ñalingaanee, Ngoy a ngay boot doomam. (2)
344. Bu ñam tegee, ku fekke ci nga. (20)
345. Bu ñépp melee nib yaafus, tool booy. (2)
346. Bu ñépp yemee, am ñu gedd seen cër. (7,9)
Bu ñépp yemee, am ñu gedd seen wall. (15)
347. Bu ñey dee xàll babal, doom yaa tax. (2,3,5)
Bu ñey dee xàll baabal, doom jaa tax. (19)
Bu ñey dee xàll mbabal, doom yaa tax. (9)
Su ñey dee xàll ab àll, doom yaa tax (6)
Bu ñey xàllee babal, doom jaa tax. (7)
348. Bu ñey juree, meew baawaan. (2)
Su ñey juree, soow bare, meew baawaan. (8)
349. Bu ñigg dogee weñ, tëgg yaa ca wax. (11,12)
350. Bu ñii di jooy, ñee ngay ree. (19)
351. Bu ñu dee wax leeraayu weer, booba jant a génnul. (2)
352. Bu ñu la suqiwul, nga naaw. (2)
353. Bu ñuy werante wurus ak similoor, booba taylee jotul. (19)
354. Bu pënd wuree, fattu bare. (6)

355. Bu raadu nee yàŋŋ baxaw bëgga booy, boo bëggee jot sa jikkoy baay sàccal ab jànqam. (9)
356. Bu reer doon doy, reeri daaw ya doy. (2,20)
357. Bu sedd jamee ku amul cangaay dangay banku. (20)
358. Bu sef neexul, seppali du neex. (7,9)
359. Bu sëkk amee, damu taxaw. (9)
360. Bu sëllu yooy, bu giir deme neen. (9)
361. Bu sikki demee, sàkka taxaw. (9)
362. Bu sikkim lakkandoo, ku ne sa bos ngay fey. (2)
    Bu sikkim lakkandoo, ku ne sa bos ngay tal. (12)
363. Bu sol mànto doon maye daraja, kon géléem du tëdd biti. (9)
364. Bu suuf dee jooy ndox, booba asamaan a tawul. (2)
365. Bu tawee, lay teg ca, dina tooy. (9)
366. Bu tëgg demee, lu fa uppu yay def ? (2,9,19)
367. Bu tey xamoon ku nga bokkal bakkan, mu di sa ànd ci àddina. (4)
368. Bu wax neexul, tontu du mëna neex. (11,12)
369. Bu worma jeexul woon, kon ndox du togg jën. (19)
370. Bu xulóol dofee, jaan mbokk ma doful. (9,10)
    Bu xulóol dofee yit, jaan, mbokk ma, dofut. (7)
371. Bu Yàlla amulwoon, nit du am. (2)
372. Bu yoon jeexul, “waaxusil” du jeex. (2,7,11,14)
    Feek yoon jeexul, waaxusil du jeex. (11,12)
373. Bukki am na gillint, tey àll bi leer. (19)
    Bukki am na taal àll, bi leer na. (14)
    Su bukki amee làmp, àll bi leer. (2)
374. Bukki amtekoonu bàkk yëy ko. (2)
375. Bukki, balaa baax, yooy. (6)
    Bukki, balaa baax, mu yooy. (13)
376. Bukki bu daanee ponkal ca doxin wa la. (15)
    Bukki, bu songee ponkal ca doxin wa la. (2)
    Bu bukki dabee gaynde, ca doxin wa la. (9)
    Bukki su yabee gaynde ca doxin wa la. (14)
377. Bukki bu nammee fande reere doom ja. (9)

378. Bukki, kenn du ko dénk ay seel. (6,19)
Kenn du dénk Bukki ay seel. (14)
379. Bukki nee : “li ñépp wax ay dëgg !” (2)
Li ñépp wax ay dëgg. (19)
380. Bukki nee : “ndaari neexul, waaye kër baay a”. (2)
381. Bukki nee na, ab reer taxumaa jóg, waaye bu ma ko fa fekkee sant. (9)
382. Bukki su la bëggee yapp, da la naan yaa ngi may xeeñi seel. (14)
383. Bukki wiiri-wiiri, jaari Ndaari. (2,6,8,9,14,19)
Lu bukki wiiri wiiri, jaari ndaari. (2,8)
384. Bul ànd ak ña di rambaaj. (13)
385. Bul bëggati dëkk ba dëkk fa, na la dëkk ba bëgg nga dëkk fa. (9)
386. Bul def jaambur loo beggul mu def la ko. (20)
387. Bul di njëkkee li mujjee. (20)
388. Bul diw suukar ci sama yaram, bàyyi maak sànqaleñ yi. (9)
389. Bul mere ka la yakkal ci gaalu xaj, boo ca lekkul mu jar ko. (15)
390. Bul mere li ci kaas bi, mereel ki ko xelli. (18)
391. Bul ne : “teen bi, duma naan mukk sam ndox”. (2)
392. Bul sa loxo ubbiku ndax nangu te téju ndax maye. (13)
393. Bul war loo di jëwu fas. (19)
394. Bul wóolóoti sa taat ba weer ci cere. (9)
395. Bul xeeb nit ndax tuutaayam. (18)
396. Bul xeebal ginaar woppam nde moo koy rey. (17)
Bul xeebal ginaar woppam. (2)
397. Bul xolli gunóor, ndax wenn der la. (2)
398. Bul yebu ci sama mbojj. (6)
399. Buleen sonnal béer, njaw du mel na lem. (9)
Dañuy sonal béer rekk, waaye njaw du mel na lem. (2)
400. Buma naanatul ñeex, ñeex duma naan. (9)
401. Buub ëtt bàyyib ruum. (19)
402. Buur aayul, dag yaa aay (2,6,8,11,12,19,20)
403. Buur bu amul ay gaay, jendi du ko daw. (13)
404. Buur bu amul i nit du doon buur. (4)
Buur bu amul ay gaay, nguuram wóoral. (13)
405. Buur bu baax dina sàmm i nitam. (13)

406. Buur bu baax dina rafetal réewam. (13)
407. Buur du jur buur ; baadoolooy jur buur. (2)
408. Buur du mbokk. (2,6,7,8,15,17,18,19)
    Buur du mbokk, du jeneen. (1)
409. Buur, lekk ak naan, folliku day bette ! (2)
410. Buur warula làmboo nekk njiitu réew ba noppi, gëna bëgg nit ñi koppar yeek xéewal yi. (7)
411. Buur Yàlla day nattub jaamam. (2)
412. Buy, balaa jariñ, toj. (6)
    Wuy balaa jëriñ toj. (2)
413. Caga, benn yoon la ñu koy nax. (2)
    Caga, kenn du ka nax ñaari yoon. (14)
414. Caga du digleb séy. (2)
415. Caq dafay am digal. (7)
416. Car bu fàq moo gën garab gu daanu. (7)
417. Cat, bu la reyul, semmal la. (6)
    Cat du reyul sembal. (14)
418. Ceddo magul pël da kaa jëkka juddu rekk. (9)
419. Céebo du fi bàyyikoo guufa oom. (9)
    Céebo du jóge guufooy woom. (2)
420. Cellug mag, wax la. (7,10)
421. Cere ju ne, mbokkum sëb la, waaye cóopóor a ca raw. (2)
422. Cere ju neex ca la diw dàqe. (9)
423. Cerey puso, ku ko soq, wol ko, mooñ ko du la jaaxal. (11,12)
424. Cerey wottaj, su ko gan xamee, dëkk yaa ko ko wax. (2)
    Bu gan xamee cerey wattaj, dëkk yaa ko ko wax. (11,12)
    Lu gan xam ci dëkk, ku fa dëkk ko ko wax. (8)
425. Cerey yànn ràngooñi baadooloo koy siim. (9)
426. Cérub Ma-xejj, Ma-xojj a koy jël. (2)
427. Cetug ginaar : bu ko fekk fa muy bóof. (2)
428. Ci xeex ba, géwal yee ñemeloo xarekat ya. (13)
429. Cin bax na, waaye du jikkoom, matt a ko ca jóo. (2)
430. Cin bokkul i safiin. (2)

431. Cin bu naree neex, bu baxee xeeñ. (2,6,8,19)
Bu cin naree neex, bu baxee xeeñ. (7,10)
432. Cin du am kawar ndege safara. (4)
433. Cin fuqul bënnul, yax ba ca nekkoon bëgga réer, te ka ko toggoon jógu fa. (2)
434. Cin lu mag ay togg daxin. (19)
435. Cof say waajur baaxul. (20)
436. Cokk wu saxee demi sëg. (20)
437. Cokkeer a dim limb, ku weddi laajal baag. (2)
438. Cokkeer bëgg sëb, wànte du sëb ya ñoo baxal ci cin la. (13,20)
Cokkeer bëgg na sëb, wandey du ju mu andale ci cin. (4)
439. Cokkeer loo naaw di gës su dalee duppe jànj. (4)
440. Cokkeer mënula réer moroom ma ci mboob. (2,3,5)
Cokkeer mënula réer moroomam ci ngeer. (9)
Cokkeer, mënta réer moroom ma ci dédd (6)
441. Coll ju nuuru ci gannaawu moroomam du oomle. (13)
442. Conco, boroom rekk a ko àttan. (6)
443. Coonooy njalbéenug njariñ. (15)
444. Coow la ca teen ba, ña amul baag a ko waral. (2,3,6,20)
Xuloo ba ca teen ba ña amul baaga (20)
Coow la ca teen ba gaaya amul baaga. (12)
445. Coowal mbott, terewul nag naan cib déeg. (6,17)
446. Coqam a gën këmm, (2,12,14)
Cuqum a gën këmm.
447. Coqtaan yóbbuwul lancam. (7)
448. Corox, ndox condox. (9)
449. Cuuj bu naree doon séq, cin manalu ko dara. (20)
450. Cuuj cof mag, mag jooyatul cuuj tëb di jooy. (9)
451. Cuuj màgg beru. (19)
452. Cuuj, su woomalee, beru. (2,3,5,6,9)
453. Da nga takk àmbaram. (9)
454. Daan mag, daanu xaj na ca. (9,19)
455. Daan mbër daanu xaj na ca. (2)
456. Daanu dajul fépp. (2)

457. Daanu dajul suuf. (12)
458. Dabe jote. (9)
459. Dafa mel ni yaa ngi laaj mbott geenam. (7)
    Laaj mbottu gennam... (8)
    Laaj nga mbott ab geen. (20)
460. Dagg, sutul xaaxaam lu mu koy sekkee. (2)
461. Dàll yuy xotti ay tànk, paddaañoo ko gën. (6)
462. Damaa boot rogganti. (2)
463. Damaa weer sama gejj, rekk : ku weri yaa xam ! (2)
464. Damaa yëy ba noppi, duññil léen. (19)
465. Damaa yorum seku, duma soowookum seku. (2)
466. Damay daas fanaanal ndax rendi day bette. (2)
    Daasal sa paaka fanaanal rendi day bette. (14)
467. “Danaa laa” reyoon sama maam ! (2)
468. Dana mel na ngéntel saxaar lu roplaan di yóbbug ndawtal. (2)
469. Danga ma létt, mbaa nga laŋ ma. (2)
470. Danga may sex, mbaa nga yàbbi ma. (2)
471. Dangeen di jay dëru ba muy jóg di daw. (9)
472. Dangéen di jay béy ba mu dëkk géléem. (9)
473. Dàq ginaar, waxaale sa soxla. (6,19)
    Dàq sa ginaar, bàggaale ca sa soxla. (2)
474. Daqaar du wuum ku ko maccul. (2,3,6,12,19)
475. “Dàqal mu ñów naan” marul, “dàqal ma ngay naan” a mar. (2)
476. Dàqe mayewul taalu béy bay baxaw. (12)
477. Dar jant du ko teree fenk. (4,13)
478. Dara dara né muus mu daqaar yar. (2)
479. Dara du doy nit, xanaa lu mu amul. (4)
480. Dara jariñul mëna daw, demal ba dem jotee. (2)
481. Dara yéesul taxan, di loob matt moo xamul ëllëg ku koy jaaroo : lu ñ(u) taxanati, na ñ(u) ci jaaru. (2)
482. Darnde, bu lakkee, boroom yëg ko. (7)
483. Daw ba rëcc, ci ngóora la bokk. (2,15)
    Daw ba raw, ci ngóora la bokk. (4,12,13)
484. Daw, ca ba ngay am i tànk. (2,7,11,12,16,20)

485. Daw du may i taalibe. (4)
486. Daw jiitu taxula moom yoon. (9)
Daw jiitu du may kilifa. (4,13)
487. Dawal daanu ku ne man na ko. (12)
488. Dawug daay tàbbib jëmb. (2,3)
Daw jëmb tàbbi daay. (9)
489. Dee du jaas. (2,7,6)
490. Déeg du buur, wande ku ko bëgga xuus summi say dàll. (4)
491. Déegub poot, ay xam du ko naan, ay xamul a koy naan. (8,11,19)
Déegub póot, xam du ko naan, xamul a koy naan. (12)
Déegu póot i xamam du ko naan. (4,13)
492. Déegug jànj du tee bare dugub. (2,20)
Déegub jànj du tee góob. (11,12)
493. Deel teggi sa loxo bi ci taati kiy dem. (14)
494. Deel wax bu tuuti, tey déglu bu bare. (4)
495. Deesu ma yaakaar, yab ma ! (2)
496. Def ca ba ngay man. (12)
497. Def kariñ xal, yobb na. (9)
498. Def loo man, wax loo xam, boo tëddee nelaw. (2,7,8,9,15,17)
499. Dég-dég amul i tànk, waaye jàll nam ndox. (2,3,6,20)
Dég-dég amul i tànk, waaye dina jàll dex. (7)
500. Dëgg a neex Yàlla. (15)
501. Dëgg dina bas ay bët waaye du ko luqi. (20)
502. Dëgg du juddu rekk màgg. (7)
503. Dëgg du yendu àll, fanaan fa. (2,15,16)
504. Dëgg, kaani la, ku ñu ko xëpp nga toxoñu. (2,3,5,6,20)
Dëgg kaani la, koo ko tuuf mu toxoñu. (14)
505. Dëgg, kenn du ko ñéeblu. (19)
506. Dëgg, puso bu réer la : gune man na ko for, mag man na ko for. (6,15)
Dëgg, puso bu réer la : mag dana ko for, ndaw dana ko for. (2)
Xel, puso bu réer la, mag dina ko for, xale dina ko for. (10,20)
Xam-xam, puso bu réer la, mag dina ko for, xale dina ko for. (7)
507. Dëgg rombul i nopp. (2)
Dëgg du romb i nopp. (10)

508. Déggadi ñett la jur : buum ci baat ; — xeej ci koll ; — ak gis ku ne : « Ki diw ma woon am ? » (1)
509. Déggal ndigal i ñett, bàyyil ndigal i ñett. (1)
510. Dégloo xel, te baña dégloo xol. (2)
511. Dëgmël lu ko gëna jege teen bi ci biir nga jëm. (20)
512. Dëjub xaalis, boroom a koy jooyal boppam. (2)
513. Dëkk ba nga juddoo, bu la fa kenn gënul, sa ndey ak sa baay wàcc nañu. (2)
514. Dëkk gaar ba taxula bare i gan. (2,3,6)
515. Dëkkandoo bu baax a gën mbokk mu sore. (13)
516. Dëkkandoo bu yàgg, mbokk la. (20)
517. Dëkkandoo dafay wàlle. (6)
518. Dëkkandoo, jàmm a ca gën, bés du ñàkk. (12,17,19)
    Dëkkandoo, jàmm a ci gën. (6)
519. Dëkkub gumba, patt a fay buur. (9)
    Dëkkub gumba, patt a fay njiit. (2)
520. Dem fu yoon amul moo gëna jekk loxo neen. (4)
521. Dem Gànnaar mag a ca gën mbaa gone gu sawar. (9)
    Dem Gànnaar, mag a ca gén. (2)
    Dem Gànnaar mag a ca gën mbaa ndaw lu sawar. (16)
522. Demal moo gën doo dem. (4)
523. Démb a tax nu naan tey. (2)
524. Démb weesu na, waaye lu mata fàttaliku la. (20)
525. Dëmm rey la, jaale la. (2,3,6,9,11,12).
    Dëmm rey la ba noppi jaale la. (5)
526. Demoo jama, dikkoo ceng. (9)
527. Demuma Jama, dikkuma Céng, àndumaak waa Ndéem ña, waa New ña raw ma. (2)
528. Denckatu xaalis wóor a ko war. (9)
529. Dendaale bu doon jariñ, dugub, xob yaa koy laalo. (2,3)
    Su dendale doon jariñ, dugub, xob yaa koy laalo. (6)
530. Dëng ànd ak say mbokk a gëna jub tàggook ñoom. (20)
531. Dénk ma, dénk ma ! - duma la dénk sama alal
532. Deñ-kumpa baaxul. (20)
533. Deñcin wu ñaaw moo gën jiiñ sab xarit. (18)

534. Der bu tooy du fàcc ! (2)
535. Dërëm ak dërëm, ngalam ak ngalam. (14)
536. Dërëm ak dërëm ñoo mëna ànd. (7)
537. Dërëm ak jabar aku jaal laa yemale (: lenn laa ci yorul.) (2)
538. Dërëm bi génnul gaal gi. (2,7,6)
539. Deret du réer. (7)
540. Deretu bopp, du moy mbàgg. (20)
    Deretu bopp, du moy mbagg moy baat. (2)
    Dereti bopp du moy mbaggum boroom. (11,12)
541. Deretu téegal du moy luppub boroom. (2,3,6,9)
    Deretu téegal du moy mukk luppub boroom. (5)
542. Deru sëllu wëgg na ndeyam ci teen. (9)
    Deru sëllu wëgg na ndeyam. (2)
543. Dëtëm, ku siggi yooy. (19)
544. Dex gu ne asamaan a ko rootal. (19)
545. Dex sedd na wànte dina rey. (20)
546. Di màtt di ëf. (2)
547. Di raam, di sàcc, su màggee jël i gétt. (4,13)
548. Dibtóon gàtt na, waaye peram kenn du ko yéeg. (19)
549. Dige bor la. (7)
550. Diggante bët akub nopp, sàcc xëju fa. (2)
551. Diggante gaana ak gumba, deru Maam Yàlla du fa set/rafet. (2)
552. Diggante jëkkër ak jabar, kersa gi warula bare. (20)
553. Diggante, sér la, ñaari loxoo koy wodd. (6)
554. Diggante sooca xajul wax ca lu baax (14)
555. Diggante summikook solu, lu mu gaaw gaaw yaramu neen am caw yoon. (2)
556. Diggante xàcc ak dóor, yiwu Yàlla xaj na fa. (15,19)
557. Diggante xacceek dóor, lu-ne xaj na ca. (2)
558. Digooy tool, taxula yemum ngóob. (19)
559. Diiŋat mag, dégg sa ngan gi nopp. (9)
560. Dina màtte am du màtte, bul jox sa loxo. (14)
    Dina màtt ak du màtt lépp, bul jox sa loxo. (2,19)
    Dey màtteek du màtte, bul jox sa loxo (15)

561. Dindi, loo fa defoon a ca gën. (2)
Dindi, la nga defoon a ca gën. (19)
562. Dof amul, muusin a wuute. (19)
563. Dof ba raw, moo gëna muus ba dee. (6)
564. Dof, doppa-poor ay ndeyam. (2)
565. Dof du ko nangu. (2)
566. Dof du wër day jël coñsé. (14)
567. Dof, kenn du ko ne : “yaa moom jàng yi”, waaye danga naan ko : “ci nga bokk !” (2)
568. Dof sonnul, bokk yaa sonn. (19)
569. “Dogankon ak …!” du ñàkk ci lum mëna doon. (2)
570. Dogankon ak tubéy, julli ñaaw. (2,3)
Bu dul woon tubéy, julli ñaaw. (4,5,13,14)
Su dul koon jat, julli aay. (6,13)
571. Dogu, lu mu song dagg la, mbaa daaneel la. (20)
572. Donn sa tabaxub baay, donn ngërëmam a ko gën. (19)
573. Dono du gërëm kenn gaawa dee a ko may. (13)
Dono gërëmul kenn gaawa dee a ko may. (4)
574. Doo bàyyi weer ci benn fan. (9)
575. Doo wekki, dangay daaj. (2)
576. Doo yàpp, doo jën. (2)
577. Doo Yoro, wànte ci pël yi nga. (19)
578. Dooley jën, ndox. (2,3,6,9,16,19,20)
579. Dooley jigéen làgg na waaye bëréwul. (9)
580. Dooley réew : doom ànd. (7)
581. Doom a jara jooy, waaye du mbootu. (2)
582. Doom bu dënnuwul, ñiit. (2)
583. Doom danga doon dem mu dab la, mënu laa yàqal saw yoon. Ki la fekk ci saw yoon, bu mu la yàqal saw yoon. (19)
584. Doom ja, ndey ja. (2)
Doom ja, baay ba. (20)
585. Doom ju amul nijaay ci mbedd lay dégge. (11,12)
Doom ju amul nijaay ci mbedd lay yaroo. (2)

586. Doom ju baax, doomu ñépp a, doom ju bon, doomu yaayam rekk la. (19)
Doom bu baaxee, doomu ñépp la. (2)
Doom su tékkiwul doomiy waajuram kese la, waaye su tékkee di doomi ñépp. (20)
587. Doom, lu mu fekk ci weeni ndeyam, moom la nàmp. (13)
Doom, lu mu fekk ci weenu ndeyam la nàmp. (4)
588. Doom yomb na, ju baax jaa jafe. (2)
589. Doomi mbott, ndox du ko rey. (2,18,19)
590. Doomu baay fu mu defe teraanga moroom ma war na ka dimmale def lu ni mel walla lu ko ëpp ngir yëkkëti seen askan. (20)
591. Doomu béy, yóbbe na yaayam taq am xaaxaam. (6)
592. Doomu gaynde, bu dale ci gétt, jàmm jeex fa. (2)
Gaynde bu duggee ci gétt, jàmm jeex na. (19)
593. Doomu gaynde fàdd la baaxoo. (7)
594. Doomu ndey dañu mel na baaraamu benn loxo. (20)
595. Doomu ndey, ndey a ko jur. (9)
596. Doomu ñey bu ko ñaanal mu réy, ñaanal ko mu wér to gudd fan. (18)
Ñey wu ndaw, ñaanal ko fan wu gudd te bañ koo ñaanal réy. (19)
597. Doomu tubaab, ba di miskit. (9)
598. Doomu-jittle du doom. (2,6,13,15)
Doom jiitle du doom, xaré bu wafe-lë. (1)
Doom jiitle du doom, ay la. (13)
599. Doon sa baay bokkul ak donn sa baay. (7)
600. Dori boo gis, xàndoor la woon. (2)
601. Dox sag ndaw aayul, waaye dëkk cee bon. (20)
602. Doxandéem nelawul ba yàndoor. (6)
603. Doxatu géléem, kow la jëm. (6)
604. Doxkat, bu yóbbuwul, indi. (2)
605. Doxkat du fekke deewug baay ba. (2,8,19)
606. Du bés bu nekk baay rey gaynde. (6)
Du bés bu ne baay ray nag. (14)
Du bés bu set baay rey mbëtt. (2)
607. Du Bilaal, waaye ci gàdd gi la ! (2)
608. Du fas wu jóge Gànnaar rekk di aw naaru-góor. (2,3,5,6)

609. Du man rekk, bokkuma cee ko gën. (6)
    Du man doŋŋ, bokkuma caa ko gën. (7)
610. Du xamum nganj, yàgg a suub la. (9)
    Du xam nganj, mës a suub la. (6)
    Du miin nganj, yàggal suub la. (2)
    Lii du xam nganj, mën suub la. (7)
611. Dugal ginaar ci ngunu laa mën, waaye xawma fu geen gay féetee. (2)
612. Dukk-dukk ak yoll-yoll, yépp ci xél yi la, waaye wégét ay seen baay. (12)
613. Duma bëgg lu la neex ba ne la Yàllaa ngi lay nuyu. (6,15)
614. Duma bokk ak yaw jëkkër, te boo ma ca fekkee ma dem ba la ca. (2)
615. Duma jënd jaan ci pax. (2)
    Duma jënd jaanum pax. (20,16)
    Duma jënd jaar ci pax. (3,6,20)
    Duma jënd janaxi pax. (19)
616. Duma la may jabar, tëddeel la ko. (2)
617. Duma làngandook ñey, waxuma la bëreek moom. (2)
618. Duma lekk ci cere ji, ba noppi xëpp ci suuf. (19)
619. Duma ŋaandook kàmb ndax xaw ma fu muy ŋebe. (2)
620. Duma ñeexum ñebbe. (2)
621. Dund dundug wereyaan. (2)
622. Dund gu jeexagul, lu nekk xaj na ca. (6,7,11,12)
    Dund gu jeexagul, guddi gu bët setagul la, lu ne xaj na ca. (2)
    Dund gu sotteegul, lu ne xaj na ca. (19)
623. Dund gu jeexagul, weeru koor la : juubu weesoogu ca. (2,3,5)
624. Duñu lekkloo nit su suure. (4)
625. Duñu teqale ñaari nag yu mbëkkante. (4,13)
626. Ëkk nit la. (20)
627. Ëkk tiitul ngëléen. (6)
628. Ëlléerub gumba xammewul joor ak ub jànj. (2)
629. Ellég du añ du reer, waaye jar na sédd. (9)
    Ëllëg du añ, du reer, waaye mat nay sédd. (2)
    Ëllëg du añ, du reer, waaye dees na ko sédd. (7,15)
    Ëlleg du añ, du reer, waaye lu mata sédd di leen yaxanal. (20)

630. Ëllëg, ëllëgu Yàlla la. (2,20)
Ëllëg, ëllëg gu Yàlla la. (15)
631. Fa bon jeexe, la tàmbalee (di bon). (2)
632. Fa gaynde bóof ak i doomam, fa la mbedd yem. (19)
633. Fa médd ya nekk, fa la tan yiy daje. (7)
634. Fa nga taxane laa fortoo. (19)
Fa nga taxane, foofu laa fortoo. (7)
635. Fa ñuy tëgge ab xàndoor, deesu fa ñaani njël ; fa ñu koy bey lañu koy ñaane. (11,12)
636. Fa yaw a yegg, du man yeggu fa. (9,11,12)
637. Fa yëngu-yëngu tubay egg taatu boroom eggu fa. (9)
638. Faalewuma baaraam bu amul we. (4)
639. Faalewuma cin lu baxul. (4,13)
640. Faayoo Naar ba xoromam. (14)
641. Fafal naaw akub naas rawantewul. (14)
642. Fajtekoon bejjaaw, faj bejjaaw ba ca kër ga. (2)
643. Fakk naa laa gën a masuma laa gis. (20)
Fakk na la, moo gën xamuma la. (4)
644. Fàkk taal dëju ca ku ca ragalul yàlla it war caa ragal taat wu làkk. (9)
645. Falleen bët, folli nopp. (2,15)
Kilifa day folliy noppam fal ay gëtam. (9)
646. Fan wu gudd, fetalug ñaari ngémmiñ la: mënees na caa tooñ, feyyu ca. (2,3,5,6)
Àddina, fetalug ñaari ngémmiñ la. (19)
647. Faraasu dafa nirook yàq góob ñëw weddi ko. (20)
Faraasu nuroo naak yàq, waaye góob a ko weddi. (2)
648. Farala liggéey dina sawarloo. (13)
649. Faru lawbe gën ug neen. (2,14)
650. Fas wu làpp a gën fas wu réer. (6,13)
651. Fas yépp dinañu daw, waaye roccim-ngeer a ci raw. (9)
Fas yépp mën nañoo daw, waaye roccee ca mën. (2)
Fas dina daw, wànde roccim-ngeer a ca raw. (13)
652. Fasale su ittee tooñ. (4)
653. Fàttee mag boroom. (2)

654. Fayoo Naar ba xorom sa. (2)
655. Fecckat mënula muñ i ndënd. (2)
656. Feebar su newwee feeñ. (14)
657. Fëfëlaan du jël wërsëgu kàkkatar. (9)
658. Fegoo gën faju. (7,9,11,12)
    Fàggoo gën faju. (19,20)
    Fàggandiku moo gëna faju. (20)
    Fagaru moo gën faju (20)
659. Fekk baax cib dëkk, baax fekk la faa ko gën. (2)
660. Fekke am na cër. (7)
661. Fekkee waral jàmbat. (14,18)
662. Fel du ñànd géléem. (2)
663. Fen terloo soxla te fajuwul jar na ko. (9)
664. Fen wuy defarug mbokk a gën dëgg gu koy yàq. (2,3,5,20)
    Fen wuy defar moo gën dëgg guy yàq. (6,19)
665. Fi am yem, la ngor yem. (14)
666. Fii, kekk la, golo du fi raweeb xaj. (2,3,6)
667. “Fii laa dikkoon” du tere réerle. (2,13)
    Fi la dikkoon, du tere réeral. (1)
668. Fii la fuuta féete mënula boyali lex. (14)
669. Fii mu ne, su ma toogee cib nen sax, du toj ! (2)
670. Fii, wund du fi naane ñeex. (2,3,6,20)
671. Fiirug noon : wax ju neex. (2)
672. Fitt, boo ko sànnee, du dellusi. (6,13)
673. Foo dul, bu fa, foy nag di fa ba, lu la fa fekk nga di ko fa. (9)
674. Foo fekk ku yaruwul, day mëna yaraate. (2)
675. Foo gisu yàpp, bakkan a dee. (2)
676. Foo ko fekk muy fenk nib jant. (9)
677. Foo ragal, yónnee fa sa alal, boo demee ñeme fa. (1,2,13)
678. Fóore, fa nga rawe (11,12)
679. For nëbb du xeloo jébbalee. (4)
    For, ne ndokk, jébbaletil. (13)

680. Fot-fot tàggalewul mbaam ak i noppam. (11,12,19)
Pët-pët tàggalewul mbaam ak i noppam. (2,14)
Fóot-fóot teqalewul mbaam aki noppam. (9)
Fëtfëtlu taggalewul mbaam aki noppam. (20)
Fatfatlu du fasale mbaam sëf ak i noppam. (4,13)
681. Foye sa ndaw du jur ludul réccu ëllëg. (18)
Fowe sag ndaw, yalwaani sag mag. (14)
682. Fu jàmm yendu nit a fa xam lu mu waxul. (2,3,15)
Fu jàmm yendu, waay a fa xam lu mu waxul. (19)
683. Fu la jiit màtt, mu raay-raayi. (13)
684. Fu ma war a doone mbubb, duma fa doon jiba. (9)
685. Fu mag newul lu fa yobbu turam. (9)
686. Fu nag nekk, bukki dee fa. (4,6,8,13)
687. Fu nuy feese, kenn du fa jooy domp. (9)
688. Fu ñépp di say, ku sayul, yaa dof. (15)
689. Fu ñuy feese, kenn du fa jooyub góom. (19,20)
Fu ñuy feese, kenn du fa jàmbatub góom. (2)
690. Fu ñuy suuleb néew, kenn du fa jooy ku wopp. (2,3,5)
691. Fu sindax di ñaawatee xodd, garab a faa jege. (20)
Fu sindax di yabe ndóbin, garab a fa jege. (4,6,13)
692. Fu tooy, mu tag. (7)
693. Fukk ñuy ñaan, kenn kuy gàntoo leen mën. (2)
694. Fukki nit mënuñoo bokk fen. (9)
695. Fullaa gën ub taar. (15,19)
696. Fullaa gën ub taar, waaye dëkk boo dem géléemug tukkal a nga fa, te fa lañ(u) koy weesu wuti jongama. (2)
697. Fullaay jaay daqaar, (mbaa “ma ñam” jeexal ko). (2,3)
Fullaay jaay daqaar mbaa ma macc jeexal ko. (14)
Fullaay jaay daqaar, mbaa – ma mos – jeexal ko. (6)
Fullaay jaay keccax. (9)
Fullaay jaay daqaar. (5)
698. Fullaay jaay daqaar, faaydaa koy macc. (2)
699. Gaal, lu mu fees fees mëna yóbbaale benn bataaxal. (2)
700. Gaalug dof du teer fu neex bokk ya. (2,6,19)

701. Gaana day bëgg moroom. (2)
702. Gaanaa soxorul, xol baa jeex. (2)
703. Gaawo, bu nare neex ca àjjuma ja lañ koy xam. (2)
704. Gàcce ak xamadi, laajul a ko indi. (6,13)
705. Gàcce biir kër, meen a koy faj;
Gàcce penc, geñoo koy faj. (20)
706. Gàcce bu rayul semmal. (9)
707. Gàcce giy palmaan ñey, baxa-segu la. (2)
Gàcce gu palmaanoo ñay baxa yumé wula (15)
708. Gàcce ngi ci rooti te sottiwoo. (9)
709. Gàcce rey na xaj fa béy di màtte gan. (2)
710. Gàcceg may ma, bu doon ray, kon ki ñàkk bay ñaani mooy jëkka dee. (9)
711. Gajànga, kenn du ko ràkkal. (9)
712. Gajj ndox, sa dënn a cay metti, ndege du ko taxa dog. (6,13)
Gajj ndox, sa dënn a cay metti. (4)
713. Gajjug xuloo, dëkk bu mu sax, sémmiñu waxtaan a koy gor. (19)
714. Galgal, su ko ngelaw uppee, saymi na. (19)
715. Gallaaj i nit, mooy jub. (20)
716. Gam-gamle bukkeek mbaam, bu mu doon ci màndiŋ. (19)
717. Gan, dañu koy xuuf (14)
718. Gan day mallu. (2)
719. Gan doxat la balaay reyee, dem. (20)
720. Gan du tabax. (11,12)
721. Gan du yewwi bëy. (7,14,16,19)
Gan du yewwiy béy. (2,8)
722. Gan su dikkee silmaxa la, su dee ñibbi, géwël la. (4,13)
723. Gan yomb naa muñal. (2)
724. Gan yu bare bugalul mbaam-sëf. (2,4,8,13)
Gan yu bare bugalul mbaam-sëf ndege duñu ko yàpp. (13)
725. Gannaaw ay, jàmm. (2,3,6,7,8)
726. Gannaaw bukki, mbaar. (2,12,14)
727. Gannaaw dee ga, tuub wees na. (13)
728. Gannaaw man, manadi. (20)
729. Ganug yamb ak yamb la. (9)

730. Garab ba muy lu tuuti lees ko wara jubbanti. (20)
731. Garab ca kaw lay fekkantee. (2)
    Garab ci kaw lañuy fekkantee (14)
732. Garab du meññ lu dul la ñu ca gajj. (20)
    Garab la ñu ca gajj lay meññ. (20)
733. Garab, fa mu juddoo lay deewe. (2)
734. Garab gay doon pénc lawbe du ko gis ba di ko gor. (12,20)
735. Garab gu dul meññ du am yoon. (6,8,15)
    Garab gu dul tàbbal ay doom doo am aw yoon. (1,2)
736. Garab gu la sutul, du la may ker. (4,9,14,15,19)
737. Garab gu romb, mu sànni la mburu, su ëllëgee nga rombaati fa. (13,20)
    Garab gu nga romb mu sànni la i mburu su ca ëllëg sa, nga romb fa. (4)
738. Garab gu tooy dina mësa wow. (20)
739. Garab, loo fa gàjjee fay jebbi. (2)
    Garab loo ca gajj mu saxaat. (4,13)
    Garab loo ca gajj moo ca jebbi. (13)
740. Garab su daanoo xob ya lax. (14)
741. Garab wex na ci làmmiñ waaye faj na ci biir. (14)
742. Garabu guddi kuy def goo gis rocci léegi nga rocci gu am i dég. (20)
    Ku def garabug guddi goo jot rocci, danga masa rocci gu am i dég. (2)
743. Garabug kaani, doom yaa ko gëna wex. (19)
744. Garabug Saalum, balaa am njariñ ñu lakk taat wa. (2)
745. Garees gi ginaar am bay jenj, xàbbon am na ko te ni muut ak moom. (9)
746. Gaskatu dànkew a ngay wayaseer
    Yorug leman
    Wërsëgu jàmbur ku cay wayaseer
    War koo gërëm. (2)
747. Gàtt aayul, gàtti pexee aay. (12)
748. Gàtt wërsëg, ne xaj bu jub tabaski dee. (2)
749. Gàtt-xel na patt bu for bët di laaj fu m(u) koy def. (2)
750. Gàtt-geen, gàtt-geen a koy fey. (6,15)
    Ngatt geen, ngatt geen-a koy fey
751. Gawar gu di dawal fasam, mbaxanaam wadd te jotu ko for ? (13)
752. Gaynde bëggul mbuum, yàpp lay dunde. (2,3,5,6)

753. Gaynde, bu ko yoo di màtt ci bët muy jooy, booba dafa xamul fu mu koy dóor. (7)
754. Gaynde ku tëx dégguli jat. (14)
755. Gaynde waaf na ca déeg ba. (9)
756. Gayndeg sibi du xaritook u loo. (19)
757. Geenu golo gudd na, waaye lu ca laal boroom yëg ko. (2,3,5,8,13,20)
    Geenu golo gudd na, waaye loo ca laal mu yëg ko. (4,19)
    Geenu golo gudd na waaye foo ci laal mu yég ko. (6)
    Geenu golo gudd na, waaye lu ci dal boroom yëg ko. (9)
758. Geenub géléem sàngul uw taat te dàqul i weñ. (2,3,6)
759. Gëja gis sa màgget, bu mu tax nga defe ne sax na ay bëñ. (6,15)
760. Géléem bu ñemeñee fanaan biti, bu ragalee fanaan biti. (19)
761. Géléem ci biiri béy. (2)
762. Géléem du juddoo ci wanañ màgge fa. (9)
763. Géléem du màgge ci ron lal. (2)
764. Géléem gu la ngelaw may, bu ngéléenee tënkal. (2)
765. Géléem nga, sëf ŋaax sippi ŋaax. (9)
766. Géléem Samba Saar su toppee tefes, dafa ñolaxndiku. (13)
767. Géléem su tëweey naar, jommal i pël. (19)
768. Gëm naa dee, ndege yax. (4,13)
769. “Gëmmal” matula wax gumba, fekkoon na kooy patamtiku. (2)
    Gëmmal, matula wax gumba. (6,13,19)
    Gëmmal jarula wax gumba. (9)
770. Gëmm du tere ñu gis la. (13)
771. Gémmiñ gu waxul dëgg wax fen. (14)
772. Gémmiñ waccootul, xanaa taat di waccu. (2)
773. Gémmiñu may ma su yàggee xasaw. (14)
774. Genn gaal du yeb moroomam. (4)
775. Géwal ay jël bopp. (2)
776. Géwal, su reppee cib xare, lu mu jiin xeeb ko. (2,9,14)
777. Ginaar ak i nenam yépp, boroom ginaar a moom. (2,8)
    Ginaar ak i nenam, lépp boroom a ko moom. (7,9)
778. Ginaar, bu doon wàccee ci taaxum-kaw itam, “kes”, rekk la ñu koy dàqe. (2,3,5,6)

779. Ginaar bu toppee ñii taxani dafa gisul ñii bojj. (20)
780. Ginaar dëgg na doom ja, waaye bañu ko. (8,19)
781. Ginaar dem na Ndar waaye sàgoom yóbbuwu ko. (20)
782. Ginaar du am faru siiru. (2,3)
783. Ginaar du topp taxankat, soqkat lay topp. (19)
784. Ginaar gu bu ñu gaddu, xamul yoon wu sore. (8)
    Ginaar gu ñu gàddu xamul yooni je bu sore (20)
785. Ginaar wéete wolandoo, gëse benn tànk. (7,9,10)
    Ginaar su wéeteek woluwaayam, nu ko neex lay gëse. (19)
    Ginaar su wéete cib wolandoo, gëse benn tànk. (19)
    Bu ginaar wéetée wolu, gësé benn tànk. (12)
    Aawo buuru këram ; Ginaar wéete wolandoom ; Gëse benn tànk. (2)
786. Ginaarug jàmbur ku mu yóbbu poliis, danga yemul ci “kes !” (2)
787. Gis bëgg, miin bañ ngir jikko. (19)
788. Gis dina taxa xam. (4)
789. Golo bu reppee day dall. (2)
790. Golo ci cank lañu koy yeew. (2,3,5,6)
    Golo ci ndigg lañu koy yeew. (9,19)
    Golo ci ndigg lañu koy yeew ba pare di ko xool. (20)
    Golo ci ndigg lees koy yeew. (14)
791. Golo ci taatu garab : yéeg ba wàcc, walla waaja yéeg. (7)
792. Golo du bey, baabun dunde ! (2,19)
    Golo bay baabun dunde. (9)
793. Golo gi dëkk Ndar
    ak golo gi dëkk Ndakaaroo yem,
    Goo ci bett dóor kob yar,
    Xel ma ci yéeg rekk lay dem. (2)
794. Golo gu mënula yéeg itam, mën gu daanu nga bës ko. (2)
795. Golo gu ne, car ba muy fanaan mooy boroom. (2)
796. Golo mën naa yéeg, ngembu baay baa tag. (9)
    Golo mën naa yéeg, ngembal baay ba tag na ! (2)
797. Golo ñaawul, baay ba la niru. (2,6,9,15,19)
    Bukki ñaawul, baay ba la niru. (14)
798. Golo xàmmeewul xaj bu gumbaak bu lafañ. (19)

799. Goloo la gëna xam kër gu barey xaj. (2,3,20)
Golo xàmmee na kër gu am xaj. (14)
800. Góncu golo mooy alalam. (9)
801. Gone, ban la, feek mi ngi tooy : nu la neex def ko ni. (2)
802. Gone, bu jàqee, tàllal mag ab naqam. (2,3,6)
803. Gone bu loxo la setee, mu mëna bokk ak mag. (8,11,12,19)
Gone bu loxoom setee mu mëna bokk ak mag ña. (2)
804. Gone bu téyee ci loxoob baayam, ku mu gis defe ne baayam a la mën. (2)
805. Gone, bu yaroo macc tàngal, yëy goney Ngaayam. (2)
Boo yaroo macc tàngal, yëy sa goney-Ngaay. (2)
806. Gone du fent, dafay toppandoo. (19)
807. Gone, lawtanu yomb la; boo walbatiwul mu law fu la neexul. (2,3,5,6,15)
808. Gone, lu luppub ndeyam lax-lax, ca lay wuufu. (2,3,5,6)
809. Gonee may dëkk, waaye mag a may daan ! (2)
810. Gonee nga daan sakkane ca lalu ndeyam. (2)
811. Goneey doon mag. (2)
812. Goneg mbóoyo gu reew, xaar ko ca taatu ndaa la. (2,3,6,19)
813. Gont taxani for aw ñey, muur a koy maye. (7)
814. Goor buy jooy dafa wara lakkatu. (20)
815. Góor bu takkee tubeyam gaynde la, bu ka tekkee xarum tubaa beer la. (20)
816. Góor ca xare baa gën, ñépp dem, nga des fa kër gay fetal i tan. (2)
817. Góor du yox-yoxi. (9)
818. Góor-góorlooy taxa doon góor. (2)
Góorgóorlu mooy tax nga nekk góor.
819. Góor wurus la, waaye jigéen a koy taxa yegg ci ngalam. (2)
820. Góor yombul. (20)
821. Góorug “yaay may ma ñeex/wogg” amul jom. (2)
822. Góorug wat baŋ du faj gàcce. (2)
823. Gopp bu nekk ci biir ba muy romb a tax muy bey. (20)
824. Gor, bu ñàkkee, fàttaliku bor. (6,15)
825. Gor du toroxal ndab. (9)
826. Goro, deesu ko wax dëgg. (20)
827. Guddaay taxul ñemeñ. (13)
Loo gudd-gudd, taxul nga ñemeñ. (13)

828. Guddee àll duma taxa war mbaam. (2)
Guddee àll bu mu la taxa war mbaam. (19)
829. Guddee duma taxa fanaan cib sëg. (14)
830. Guddi am na boroom. (2,3,5,7,12)
831. Guddi, balaa aay bët set. (2,8)
Lii guddi aay-aay bir set. (9)
Lu guddi aay-aay, bët dina set. (19)
832. Guddi moo di buuru ker. (4,13)
833. Gumba am na beneen liggéey bu dul nas i pusó. (2,3)
Gumba tal na beneen liggéey bu dul nasi pusó. (5)
Gumba tal na leneen lu dul nas i puso. (6)
834. Gumba du jiite yoon. (5,9,15,16)
Gumba du jiiteew yoon. (2,3)
Gumba du jiitew yoon. (18,19)
Gumba du jiite aw yoon (6)
835. Gumba gu tëx, déggul ndéey. (2)
836. Gumba neex na baat, jant so na, mbedd yi yaa na ! (2)
Gumba neex na baat, jant bi so na. (19)
Gumba neex na baat, jant fenk na. (9)
837. Gumba tal na leneen lu dul tëb i teen. (2,15,16)
Gumba tal na lu dul tëb i kàmb.
Gumbaa ngaak yitte yu dul tëb i teen. (19)
838. Gune bu yaroo yoru, waaye bu yaruwul du yoru. (12)
839. Gune dafay seetlu mag. (15)
840. Gune du të, te ña ko doon dooñ raxasooguñu. (11,12)
841. Gune gu yàgga dox wecci na mag. (7)
842. Gune mënta fétemu géléem, ndax wëlbati baa koy jaaxal. (11)
Gune manuta fetamu géléem. (12)
843. Guney tey ñooy dooni magi ëllëg. (20)
844. Gunge àgg baaxu ca. (9)
845. Gungeb néew du weesu armeel ya. (2,3,6)
846. Gutt a paf ni pàww. (9)
847. Guy dana jur i dég. (2,3)
Guy dina jur i dég. (5,6,9)

848. Guy gu daar a yées cib gént ; ca la gone yépp di jàngeb yéeg. (2)
849. Iñaan, mooy jëkkëri wërsëg, da koy tëb mu jur doom. (19)
850. Jaam ak pexeem, Yàllaak dogalam. (2)
    Jaam ak yéeneem, Yàlla ak dogalam. (6)
    Nit ay bëgg-bëggam, Yàlla ak dogalam. (6)
851. Jaambur, foo tollu naan da laa jàmbu. (7)
852. Jaan amul tànk waaye Yàllaa ngi koy diri. (9)
    Jaan amul tank Yàllay diri. (14)
    Jaan amul tank, waaye Yàlla ko wattat, yoobu. (8)
853. Jaan dees koy lugg, nit dees koy lugg. (7)
854. Jaan du tuut, saayu mattee boom. (15)
855. Jaan sew na, waaye daŋar a nga ca biir. (2,19)
    Jaan sew na, waaye daŋar a nga ca biiram. (11,12)
    Jaan sew na, waaye am na daŋar. (6)
    Jaan tuuti na waaye daŋar jaŋ ca biir. (14)
856. Jaaxaan ciw naaj ne gisoob jant. (2)
857. Jaaxle, jaaxaan faju ko. (19)
858. Jaay poon ak làqarcee ànd. (14)
859. Jaaykat day war géléem, jëndkat war mbaam, ñu daje ciw loo. (2)
860. Jaaykatu yax demetil njaniiw. (4,13)
861. Jabar ak jaam kenn du ko wacc. (2)
862. Jabar, deesu ko mat, dañ(u) koy mën. (2)
863. Jabar, doonte ne yeena jéllooy sàkket, ab xer damm. (2,3)
864. Jabar-goro. (2)
865. Jabar jeey takk tubéy,
    jëkkër jeey woddu. (2)
866. Jabar ju bon ak bëñ buy mettee yem (buddi rekk.) (2)
867. Jabar, la mu am fa kër jëkkëram, su ko doon am fa kër baayam du séyi. (2)
868. Jabar ñatt la:
    - ji ñu la takkal,
    - ji la takkal boppam,
    - ak ji nga takkal sa bopp. (2)
869. Jabaru sàcc du yendandoo. (2,19)
870. Jaboot day boot ñépp, te du wàcce kenn. (2,3,5,6)

871. Jaboot, jàmm ay mbokkam. (7)
872. Jabtu na aat bu fër. (2)
873. Jàdd, buur-fari la. (13)
874. Jakkarloo ku ko mos xam ne jëw a dàq. (20)
875. Jàkkay xobbat jombul ilimaani wunk. (2,11,12)
876. Jalu muus janax du ko yër. (9)
877. Jalub muus la, ku ko sulli fekk fa dara. (2)
878. Jam sakket du ndann. (4)
879. Jàmbaar su daanoo, Yàllaa ca jàpp. (19)
880. Jàmbaaru fàkk tëdd. (2)
881. Jàmm a gën jam-jamoor. (9)
882. Jàmm, ca la ñépp xaj. (2,15)
    Jàmm ci la lépp xaj. (14)
883. Jàmm du ëpp, ay du tuut. (19)
884. Janax, bu daggee caqub muus, ñag baa jege. (2,19)
    Bu janax dogee caqub muus, nag baa jigéo (12)
885. Janax day bari pax, bu bëggee mucc. (7)
886. Janax du jur lu dul luy gas. (20)
887. Janax du woo loob deram bay bëtt ñag du ñeme ndono la. (14)
888. Janax matul mbuus, te yàq mbuus. (2)
889. Janax yu bari duñu gas menn pax. (18)
890. Jàng dey gindi jëme ci jëf. (16)
891. Jàng du wees. (2,7,8,10)
892. Jàng ja ca. (17)
893. Jàng njàngaan, soo mokkalee ber sa daara. (2)
    Ku jàng, boo mokkalee, ber sa daara. (6)
894. Jàngora du bàyyi xeet topp dëkkaale yiy faat. (9)
895. Jàngul tari fen la. (2)
896. Jant moo di buuri niitu. (4,13)
897. “Jàppal, ma yenni la”, du sawar laa yenni, waaye bëgga xam la nga yenu la. (2)
    Am na ku la ne “ma yen la” ; booba, la ca ndab la la bëgga gis. (6,13)
    Am na ku la ne ma yen la, tey sa ndab la bëgg séet. (4)

898. Jàpp ci gittax ba for yat. (20)
    Dangay jafandu ci gittax, ba ba ngay am yet. (7)
    Jàppal ci gittax gi ba keroog ba ngay am yet. (7)
899. Jàpp cib bànqaas mu fàq. (2)
900. Jàpp sama loxoo ma gënal naan yoon waa ngee. (20)
901. Jarag moo di sàqam jabaraankat. (13)
902. Jasig su fàddee kay taxan, kay sangu ca dex ga matula wax. (2)
903. “Jatul” matula wax soccet. (13)
904. Jataŋ, loo ko fóot, fóot, du ko teree xasaw mbeq. (6)
    Jataŋ fu mu jaar, xeeñ mbeq. (19)
    Jataŋ loo ko fóot fóot mu xeeñ mbeqe. (14)
905. Jatkatub jaan jaan a koy mujje. (14)
906. Jébbëlu, tuub, te nangu ko. (2)
907. Jéem, tële, bàyyi, gàcce nekku ca. (2)
908. Jëf du fi jóg, nettali du màgget. (19)
909. Jëf ñatt la: Jëf, jëfantu, jëfandoo. (9)
910. Jëf yóbbaale na wax ba noppi. (2)
911. Jege attayakat taxuta jëkka naan. (20)
912. Jege buur, jege xol baa ko gën. (2)
913. Jege te sori, sori te jege. (2)
914. Jegem pees taxula ñam yàpp. (2,11.12,19)
    Jóge peesu taxula am yàpp. (6,9)
915. Jëkka fecc taxula mujjeb géew. (2,11,12,19,20)
916. Jëkk cim pax, sab geen nekk ci biti. (2,3,5,6)
917. Jëkka laye taxula ey. (4,6,13)
    Jëkka laye di tax nga ey. (13)
918. Jël bu kii suule bu ki. (2)
919. Jël jinne tay ci njuuma. (9)
920. Jélloo gëna aay ca ka ca diggante ba. (2)
921. Jélloo gëna aay ciw rooy. (2)
922. Jëm ci làmb di bàkku, jóge cay bàkkoo ko gën (11,12)
    Dem sa làmb ja di bàkku jóge fa di bàkkoo ko gën. (7,14)
923. Jën, fa nga ko jàpp, soo ko fa sange, mu rëcc. (13)
924. Jënde nga sabaar ngar. (2,9)

925. Jëndle la fas wu yaa-biir te duñ(u) la ko gubleel. (2)
926. Jigéen naka takkaayam day, la jikkoom day. (1)
927. Jigéen ay jur lu ne. (14)
928. Jigéen doyula wóolu, ndege lu mu la wax, wax ko sa moroom. (4,13,20)
929. Jigéen jàngaaniwul, ndey jaay sëriñam. (7)
    Doom ju jigéen jàngaaniwul ndey jaadi sëriñam. (12)
    Jigéen du jàngaani, yaayam ay sëriñam. (2)
930. Jigéen, jëkkëram mooy sangam. (2)
931. Jigéen ju nekk ak sa yoonu tool. (19)
932. Jigéen ju wujjam dee, dara bugalu ko ca. (4)
    Jigéen ju wujjam dee, dara soxalu ko ca. (13)
933. Jigéen ñatt la: jigéenu xaj, jigéenu suñéel, jigéenu céeli. (9)
934. Jigéen, soppal te bul wóolu. (6,8,15,19)
    Jigéen ju ndaw, soppal te bul wóolu. (2)
    Soppal sa jabar, te bu ko wóolu. (1)
935. Jigéen, xorom a ca gën. (19)
936. Jigéen yàgg naa xiif te nàmpul yaari weenam. (19)
937. Jiit, jànkalaaray maamam. (12)
938. Jikko dana soppiku jaan walbatiku màtt boroom ba. (2,3,5,6)
939. Jikko du ganeyaan. (9)
940. Jikko kawar la, boo ko watee mu délsi. (19)
941. Jikko laago la. (9)
942. Jikko ak boroom : pax. (7,20)
    Jikkook boroom pax. (9)
    Jikkook boroom ba ci pax. (19)
943. Jikkoy pusóo gën jikkoy paaka ci mag. (2)
944. Jinne su bëggee daqaar, ku yéeg daanu. (2,3,5,15)
    Bu jinne bëggee daqaar, ku yéeg daanu. (6,9,11,12,14)
945. Jolie, mbaléeñ a koy tiiñ. (2)
946. Jolonker dina këf yàpp, di yóbbu, di lekk. (13)
947. Jom ay tukki, waaye fullaay ñibbisi. (7)
948. Jombos bu tàng, du lex ba ko jëkke moo koy mujje. (6, 9,19)
    Yomb gu tàng, lex bi ko jëkke du ko mujje.
949. Jommal sa tool moo gën jommal sa nawle. (20)

950. Jongama benn lal jombu ko. (20)
951. Jongama du ñàkk daaguwaale. (20)
952. Jongama du ñàkk laago. (13)
953. Jooja fajul jooja, mer mu yàgg la. (2)
954. Joori waay bu mu la taxa sànni say sagar. (19)
    Jooru waay du ma taxa wocc samay sagar (20)
    Joori waay, bu mu tax nga sànni say sagar. (17)
955. Jooy, woy la, boo sonnee noppi ! (2)
956. Jot nga ci ràbbu Awa Géy, bay laaj saaj. (9)
957. Joxoñ, benn baaraam ; la ca des, tàllal sa loxo la. (1,13)
958. Jubb wu la fal, waroo koo bàyyi muy mar diw. (2,15)
959. Juddu bu rafet doŋŋ sampul kër. (2)
960. Juddu bu rafet ndey ak baay, waaye faayda boroom. (2,12,17)
    Juddu bu rafet ndey ak baay, faayda boroom. (15,16,20)
    Juddu bu rëy, ndey ak baay, faayda boroom. (19)
    Juddu bu rëy ndey ak baay, waaye faayda boroomam. (11)
    Juddu bu rafet : ndey ak doom, faayda : boroom (7)
961. Juddu, ku koy tëgglu sa këriñ dana jeex. (2)
962. Julli reer ak reer julli yépp de, reer bi du macc. (2)
    Reer julleek, julli reer, yépp a yem. (9)
963. Junj doy na boroom xel. (14)
964. Jur, mu dee, du yaradal ; jur, mu dund te baaxul mooy yaradal. (6,15)
    Jur mu dee taxula yaradal ; jur mu né léŋŋ, te fajul dara ay yaradal. (2)
965. Ka jëlu yuux, xam na lu xew. (4)
966. Kaala ci ndigg lay jóge dem ci bopp, waaye su jëkkee ci bopp, dana wàccaat ci ndigg. (2)
    Kaala du jëkké ci bopp, ci ndigg lay doore. (12)
967. “Kaay ma wax laa” gëna yomb “kaay ma jox la”. (11,12)
968. Kàkkatar du doon fasu kurs. (9)
969. Kàkkatar, garab gu mu yéeg daadi koy muru. (2,12)
970. Kàkkatar lu mu yéex yéex, wërsëgam lay dunde. (2)
971. Kanam du kaso, waaye koo ca tëj mu xam ko. (2,19)
972. Kàngamloo ma gënal ku ma dàq yóbbuma nduluñ. (2)

973. Kañ la fi soowum ginaar ba, ñuy sunjuñi cuuj ? (19)
Kañ la soowum ginaar ba ñuy ŋalaab i cuuj ? (2)
974. Kañaan du tee béjjén a daan. (2)
975. Kar-kar ay doon kàdd ; lëppaa-lëpp ay mujje dewnde. (19)
976. Kar-kar ay mujj doon kàdd. (2,11,12)
Kar-kar ay indi kàdd. (6)
977. Keedo yépp duñu buur. (4)
978. Këll bu ne am na mberoom. (2,3,5,6,20)
Këll bu nekk ak mberu ma koy ub. (11,12)
979. Këllug dax du dem ngëwël dellusi. (9)
980. Kendal lu neex, xam fooy fanaan a ko dàq. (2)
981. Kenn bëggul ku la sut ba mu des sa doom ja nga jur. (20)
982. Kenn ci ñoom warul féete sa moroom gannaaw. (20)
983. Kenn du boole say nen yépp ci genn leket. (6)
984. Kenn du def sa bopp Maamadu, def ma Maamadi. (19)
985. Kenn du dog laawu jaan. (4)
986. Kenn du gàlli dee. (6,13)
987. Kenn du jiital kilifa, ba noppi di ko fakktal. (19)
988. Kenn du ma jam-naani. (2)
989. Kenn du ma rey, fukk suul ma. (9)
990. Kenn du namm dëkk boo xamul, waaye dees na dégg nit ba bëgg koo gis. (2)
991. Kenn du sippée ciw naaru góor di sëf ci mbaam, te géléem taxaw. (12)
992. Kenn du toog ci bànqaas di ko gor (6)
993. Kenn du tudd néew te newuloo “dem-Yàlla.” (13)
994. Kenn du wax lu mu xamul. (4)
995. Kenn gisul fu ñuy tabaskee xaj te naa dagan na. (2)
996. Kenn mënula jàppandoo ñaari jaar. (19)
Ku dàqandoo ñaari jaar jenn ja raw la. (16)
Kenn mënula nappandoo ñaari jaar. (2)
997. Kenn mënul lekk lu dul wërsëgam. (14)
998. Kenn mënul sa kanam, mën sa gannaaw. (2)
999. Kenn mënula nuru mbokki jàmbur, ku ne say mbokk ngay nuru. (2)
1000. Kenn rawul sa mbañ ci ñaaw làmmiñ. (13)
1001. Kenn warula jombalu waajuram. (13)

1002. Keppaar kepp. (9)
1003. Keppaarug ngunu jombul séq. (2,3,6)
1004. Ker, kenn du ca mbaar. (11,12)
1005. Kër bukki xasaw na, waaye fa la bukki dëkk. (18)
1006. Kër, ñaari wax a ko mëna tas : “bu fi” ak “maa ko”. (2)
1007. Kër, ñaari wax a koy tas : “su doon man” ak “su ma doon yow”. (2)
1008. Kër waay, ku ca dikk ak dagaan, yaa tooñ ; boroom da di kër-këri bay am ko. (1)
1009. Kër-kër mooy maye kër. (19)
Kër-këray yor kër. (14)
1010. Keroog bésab waccu, ku yëgoon ruy ngay reere. (2)
1011. Keroog jatuleen fekk na soccet ne ràpp. (9)
1012. Kerug caxat, bu ca mbooloo yendoo garab ga mu law a tax. (2)
1013. Kettet buy la jig te buy daanuy toj. (19)
1014. Kéwél bu dul foog du locci. (14)
1015. Kéwél du tëb, doom ja bëtt. (2,3,5,6,9,11,12,15,19,20)
1016. Kéwél ga ca géej, dana manu ko jam. (4,13)
1017. Kéwél gu dul foog du jur sand. (9)
Kéwél bu dul foog, du doon sand. (19)
1018. Ki feebar dëgg moo di ki amul yaakaar. (7)
1019. Ki gëna bëgg mooy datusi. (9)
1020. Ki la ñaagal, moo la ëpp cere. (19)
1021. Ki nekk ci làng a xam fi gal-gal jekkee. (14)
1022. Ki wax, waxul ; ki jottali moo wax. (6,7,8,20)
1023. Ki yendu ci ayeropoor bi, jigéen a ko jur, ki muy yendul, jigéen a ko jur. (19)
1024. Kilifa doj la, soo ko laalee gaañu, su la laalee nga gaañu. (13)
Kilifa doj la. (9)
1025. Kilifaay ki fiy faj. (19)
1026. Kiñaan fanqul muur, Yàllaay maye. (2,20)
Añaan fankul muur Yàlla moo la may. (19)
1027. Kokkateey lekk mburum gune. (11,12)
1028. Kolkolaat yëgul ne yamb baax na. (6,13)
1029. Kóllëre gannaaw lay féete. (2,7)

1030. Kolonk ñedd tallal raxas. (9)
1031. Kon, ay di buriy sarax. (2)
1032. Kon, daanu toggoo jiit, waaye xawma kuy féeteek fett ga. (2)
1033. Kon loxo dem ci gémmiñ, te du ànd akub tib. (2)
1034. Koo ba noor lees koy wut. (12)
1035. Koo bañ, bul ko may sa doom, boppam la cay jur. (15)
1036. Koo ci ne “nanu dem ca ngénte la”, mu ne la “dëj baa ëpp u nit”. (19)
1037. Koo gënul doo ko teeñ. (2)
1038. Koo jiitu ca mëninam mën ko. (2)
1039. Koo jurul doo ko yërëm. (20)
    Jurut du yërëm. (20)
1040. Koo ne “wuyul sa baay” du mer, wànte koo ne “wuyul sa jëkkëri yaay” mu mer. (9)
1041. Koo ne duma la topp fa ngeen jëm dafa sorewul. (15)
    Boo nee nit duma ko topp, booba fa ngeen jëm soriwul. (7)
1042. Koo teral fu la neex tëral. (9)
1043. Koo waxul sa bopp, du la xam. (7)
1044. Koo xaar ca la mu gëna bëgg, dof a la fay fekk. (2,15)
1045. Koo xamul, “ee !” nga koy wooye. (2)
1046. Koo xeebal soxlaam, yaa ko rey. (2)
1047. Koo xëy ci waaram ameel na la añ. (14)
1048. Koo yaakaar, Yàlla la yaakaar. (2,7,11,12)
1049. Kóoni du rot ci kanamam. (2)
1050. Kooy topp dangay xam fa muy jëm. (14)
1051. Kooyi bukki du njoowaanug tef. (2,3,6,18)
1052. Ku aj a gëna bañ ku séenu kaw. (2,7,9,17,20)
    Ku aj a gëna bañ ku téen. (19)
1053. Ku am jur jaay leen. (4)
1054. Ku am kanam, am gannaaw. (2)
1055. Ku am kuddu, du lakk. (2,3,5,6,8,9,19)
    Kenn du am kuddu di lakk. (13)
    Ku am kuddu du lakk, walla bu lakkee, di cuune. (7)
1056. Ku am nit ñi, ñàkkoo dara. Ku ñàkk nit ñi, amoo dara. (2,15)

1057. Ku am xaritu golo sa ngemb du tag. (2,3,6,18)
Kuy xaritook golo, bu sa ngemb tagee, mu àjjil la ko. (19)
1058. Ku amagul ab tool, maneesu koo may ab liggéey. (11)
1059. Ku amul baay, na sab nopp doon sa baay. (18)
1060. Ku amul bopp, na am ay tank. (6,13)
1061. Ku amul dara, du xeeb dara. (20)
1062. Ku amul ginaar siiru waru koo sikk. (11,12)
Ku amul ginaar, siiru man na koo baña sikk.
1063. Ku amul i mbokk, amuloo dara, doo dara. (20)
1064. Ku amul i nopp du dégg. (4)
1065. Ku amul kilifa, jinne doon sa kilifa ! (2,7,9,15,20)
Ku nanguwul nit yilif la, jinne doon sa kilifa. (8,19)
1066. Ku amul mbubb sa biir feeñ. (4,13)
1067. Ku amul palto, amul palaas, amul njariñ. (2)
1068. Ku amul yaay, nàmp maam. (2,18)
Ku amul ndey, nàmp maam. (4,6,8,13,20)
1069. Ku añaane say dono, sa deewin ñaaw. (7)
1070. Ku aye, wol sa moome. (11,12)
1071. Ku bañ céebo nangum xaar. (18)
1072. Ku bañ ginaar doo wonniy nenam. (9)
1073. Ku bañ ku la ñafale, dangay tooñ koo mën. (2,3)
1074. Ku bañ ku saw ub lal, dajeek kuy yàq ub lal. (19)
1075. Ku bañ lu baax, lu bon nga bëgg. (2)
1076. Ku bañ ñu saaga la, doo saagaante. (20)
1077. Ku baña dee ci nguur doo falu. (14)
1078. Ku bëgga dee, wéqu. (6,7,8,9)
1079. Ku bëgg akara, ñeme kaani. (2,3,5,6,7,14)
1080. Ku bëgg cerey jaboot dinga nax doom ja. (9)
1081. Ku bëgg dara, def dara. (9,19)
1082. Ku bëgg ku la duma, tooñal ku la mën. (2)
1083. Ku bëgg lem, ñeme yamb. (2,4,6,20)
Ku bëgg lem, wara ñeme yamb. (19)
Ku bëgg lem, dangay ñeme yamb. (5)
1084. Ku bëgg ñeex mu saf, dangay togg yàpp wu duuf. (19)

1085. Ku bëgg ting, taalul. (19)
1086. Ku bëgg xaalis, liggéey. (4)
1087. Ku bëgg yaa baax, dangay maye sa alal. (2)
1088. Ku bëgge taxa xar sab dënn, ñaw ko dina la jaaxal. (11,12)
1089. Ku bëggul gaana, ba kook wéñam. (13)
1090. Ku bëreey daan. (7,19,20)
1091. Ku bërewul itam, ñu bëre daanu ci sa kaw. (2,19)
1092. Ku bey sa bànneex, góob saw naqar. (2,3,6)
Ku topp sa bànneex, góob sa naqar. (5)
1093. Ku biddante, xiif (13).
1094. Ku biiñ bëggal tuñam ngaa seete. (1)
1095. Ku bindoo ni tama, ñu tëgge la ni tama. (19)
1096. Ku boot bukki, xaj baw la. (2,4,6,7,8,9,13,14,15,19)
1097. Ku dàq xaj ba ca këram, nga bàyyi ko. (13)
Ku dàq xaj ba ca seen kër, nga bàyyi ko. (4)
1098. Ku dee ca ja ba, yaa tàgge sa bopp. (2,7,3,5,9,15,19,20)
Ku dee cib marse yaa tàgge sa bopp. (12)
1099. Ku dee, doo tàgge sa bopp. (2)
1100. Ku def lu baax, mbaa nga wax lu baax, am lu baax.
Ku def leneen mbaa nga wax leneen am leneen. (2)
1101. Ku dëgg jaan, du la ne wacc ko. (4)
1102. Ku dëgg watitu jaan boroom anga fa fekkul. (4)
Ku dëgg watiti jaan, dafa fa fekkul boroom. (13)
1103. Ku dem ba xamatoo foo jëm dangay toppaat say tànk dellu fa nga jógewoon. (9)
Ku dem ba xamatuloo fa nga jëm, nga dellu fa nga jóge. (6)
Soo dee dem ba xamatoo foo jëm ; dangay dëpp dellu fa nga jógéwoon. (2)
1104. Ku dem mbaar um Macaam Macaam teg lab tànk. (14)
1105. Ku demul àllarbay sëriñ bi dem dibéeri Firawna. (2)
Ku demul altiney yonent Yàlla muxamed, dem taalaata Firawna. (9)
Àllarbay Maróota mbaa dibéeri Firawna. (19)
1106. Ku demul Gànnaar itam, xam ne guddi lañuy reer. (2,6,9)
Demunu Gànnaar, waaye xam nanu waxtu wi ñuy reer. (19)

1107. Ku denc ci ron lal a gëna bañ ku dëféenu cib ruum. (2)
1108. Ku di bëgga rendi boppam, su ñu ko bëggee rendi warula yuux. (4,13)
1109. Ku di bind noppaliku. (4)
1110. Ku di boot dëru, doom la amul. (4)
1111. Ku di dem xare, nga gànnaayu, mba doo ca faj soxla. (13)
1112. Ku di foo yabu dem fa, sa ngor yàqu. (1,15)
1113. Ku di loo bëgg jaar ca, sa ngor yàqu. (1,13,15)
1114. Ku di loo xam wax ko, sa ngor yàqu. (1,15)
1115. Ku di naan ngelaw su joxee ci soow jël. (4)
1116. Ku di waliis, dafa ras i tuñam. (13)
1117. Ku digeek gaana mbëkkante wara ŋëb fanaanal. (2)
    Ku digaaleek gaana xeex dangay kurpañ fanaanal. (9)
    Ku dige gaana, rëkkante, na nga ŋëb, fanaanoo. (13)
1118. Ku dikkoon, da nga demati. (1)
1119. Ku doon laajte Faali, Ngooy a ngi. (2)
1120. Ku doon may sa bopp doo ñàkk. (14)
1121. Ku dugg ci lu ko matul, ba la nga caa génn, lu ko mat sëkk dina la ca fekk. (19)
1122. Ku dul sëgg doo for lu réer (14)
1123. Ku dul toxu doo xam fu dëkk neexe. (2,3,5)
    Ku dul tukki doo xam fu dëkk neexe. (7,20)
    Ku tàyyiwula toxu, dinga xam fa dëkk neexe. (19)
1124. Ku ëmb sa sanqal, ëmb sa kersa. (2,6,7,11,12,14,15,19)
    Ku yëy sa sanqal ëmb sa kersa. (14)
1125. Ku Faat Caam létt, nga gis i sët, booba jig na la. (7)
1126. Ku fanaane def wara yendoo déglu. (15)
1127. Ku fecc ba génn ub géew, kenn du la seetaan. (2,3,6)
1128. Ku fecc taxa jàll dex ba àggee dinga mbabbsu. (20)
1129. Ku fóon sa ngemb yab la. (2)
1130. Ku fóotal mbëtt, roccil bar. (2,6,9,19)
1131. Ku for sa pénc, yenduwaani. (6)
1132. Ku gedd, sa ndey a togg. (6,13)
    Ku di talantu ci ñam, booba sa yaay a toog. (13)
    Ku gedd, sa yaay daa aye. (11,12)

1133. Ku gémmiñam ni kerr ak i gëñ warula wonni yàbbit. (11,12)
1134. Ku gën ci kër, moo gën ca àll. (2)
1135. Ku gën di buur ci àddina, moo gën di jaam ca laaxira. (4,13)
1136. Ku gërëmul nit ñi doo gerëm Yàlla. (15)
1137. Ku giiroo koon may la, def ca ndab la ngeen bokk. (4)
Ku giiroo may la, dee ngeen bokk ndab. (13)
1138. Ku gis nen ne nen-a ngi, waxatumala-ak nenu baa. (15)
1139. Ku gis sa sàgganu, yab la. (20)
1140. Ku gisatul kenn, di sa magum bopp. (19)
1141. Ku guux peterol di wólub taal, loo ca góobe gar ko. (2)
1142. Ku iñaanul ne Yàllaak diw. (15)
1143. Ku jaan màtt sam xel dem ci dee,
Ba ngay dund ak ba ngay dee,
Lépp sam xel dem ci dee. (2)
1144. Ku jaaxaan di saw, balaa kenn a tooy nga lóor. (2,3,5,6)
Ku jaaxaan di colal, ci sa kaw lay dellusi. (2)
Kuy jaaxaan di saw, ci sa kaw lay dellusi. (9)
1145. Ku jaay juróom-ñaari màggat wara xam lu sa maam di jar. (20)
Ku jaay màggat war ngaa xam looy jaaye sa maam. (9)
Boo jaayee juróom ñaari màgget, boo geestoo yem ci sa maam, xam njëgam. (6)
Ku jaay juróom-ñaari màggat xam nga li sa maam di jar. (19)
1146. Ku jàngul du tari. (11,12)
1147. Ku jaqe foo jublu, moy sa yoonu kër. (1,15)
1148. Ku jëkka jukki, ba ca. (2)
1149. Ku jëkka waxtaan du ko mujj. (4)
1150. Ku jekkul du bariy bañ. (19)
1151. Ku jél rongoñ, siim cereem, bu ko ñaan ñeex. (4,6,13)
1152. Ku jëm ci xur wi, na wax ak ña fa jóge. (7)
1153. Ku ji buuse dangaa amul kemb. (9)
1154. Ku jommi jonkan. (9)
1155. Ku jonkan yomb na daaneel. (13)
Su jonkanee yomb na daaneel. (4)
1156. Ku joxe say gone, joxe say ree. (19)

1157. Ku jur yërëm, ku jënd sakkanal. (7)
1158. Ku kàcc sag ndaw, mbaanig sag mag. (2)
1159. Ku la abal i gët fa ko neex ngay xool mbaa mu nangu ko. (2)
    Ku la may bët, nga xool fu ko neex. (7)
    Ku la abal i gët, nga xool fa ko neex. (12,19)
1160. Ku la abal i tànk, nga dem fa ko neex. (2,3,6)
    Ku la abal i gët, nga xool fa ko neex. (12,19)
    Ku ñuy diri, doo taamu fu nu lay jaarale. (2,3,6)
1161. Ku la bëgg a lay sonal, waaye ki la baña lay noppal. (2)
1162. Ku la bëggati, bëgg ko ngir ka la bañ. (2)
1163. Ku la ëpp i sagar ëpp lay teeñ. (2)
1164. Ku la feesloo, yàpploo na la. (19)
    Ku la feesloo moo la yàpploo. (9)
1165. Ku la iñaaneb xeesaay, du la may korooj. (19)
    Ku lay añaane xeesaay du la takkal korooj. (9)
1166. Ku la jam, doo nàcc ! (2,15)
1167. Ku la jàngal pes nëbb la kuntaaba. (14)
1168. Ku la jëkk ci néeg bi moo lay wax ni ngay tooge. (20)
1169. Ku la jëkka reer, won law reerin. (2)
    Ku la jëkka reer won na la reerin. (7)
1170. Ku la jëkka yeewu ne la sàngul. (2,15)
    Ku la jëkka yeewu, ne la sàngal say taat. (8)
1171. Ku la jox ndékki, jox la añ, su reer ñëwee nga yaakaar. (20)
1172. Ku la mag, ëpp lay sagar. (2,3,5,7,8,10,11,12,15,19)
    Ku la mag, ëpp la xel, ëpp la sagar. (9)
    Ku la mag ëpp la ay sagar. (6)
    Ku la jëkka juddu, ëpp la ay sagar. (4,13)
1173. Ku la mage fukki fan, wara xam fukk yoo xamul. (19)
1174. Ku la man ci mëq, man la ci siim. (12)
1175. Ku la màtt fàttali la say bëñ. (6)
1176. Ku la ne : “mbas maa ngi ñów”, nee ko “ayca”. (2)
1177. Ku la ne “sangul”, sab taar la bëgg. (2,8,19)
    Ku la ne “sangul”, sab taar a tax. (11,12)

1178. Ku la ne, nga ne ko, xuloo gaawa ñëw. (13)
Ku la ne, nga ne ko, xuloo ñëw gaaw. (4)
1179. Ku la ne : “mayeel sa alal”, sa ngërëm la bëgg. (4,6,13)
1180. Ku la nekkal ci naaj bi, nga nekkal ko ci kër gi. (20)
1181. Ku la sut, nga ne ko njool mi. (4,6,12,13)
Ku la sut nee ko njool mi. (14,15)
1182. Ku la taati neen némm day, boo woddoo ëpplé. (1)
1183. Ku la tooñ, bul feyyu. (13)
1184. Ku la wàll jàngoro jëkk na la ca. (12)
1185. Ku la xeexe daw. (19)
1186. Ku la yéene xiif, saa yoo ko rombee, géexal. (7)
1187. Ku laaxul lekk, doo laax jaay. (2,8,9,20)
Ku laaxul lekk, laaxtil jaay (4,6,13)
Bala kenn di laax jaay, laax lekk. (7)
1188. Ku lakk mburu, tuddub dëkk. (2,11,12)
Ku lakk mburu tuddub dëkk mbaa nga may ci ki nga jéllóol. (9)
Ku lakk mburu, tuddub dëkk, mbaa nga maye ca. (19)
1189. Ku lakk sab jëmb, foo làqu të la. (17)
1190. Ku lamb, yaa tey ; daagu : fa ñu la nobe (2,6,19)
1191. Ku làqu ci ku ñu rus dinga raw. (18)
Sindax, ndaa lañu koy ruse. (18)
1192. Ku lay mbej ngay fayyu su yaggee mu ba la. (14)
1193. Ku lekk ab jëwam. (2)
1194. Ku lekkul yàpp du muucu yax. (9)
1195. Ku log suukar, doo ko yàbbi. (13)
1196. Ku ma fa dëgg, nee ma : mas sa ! (2)
1197. Ku ma fatt, ma toxoñu. (2,19)
1198. Ku ma ko dëbbin, ma rukkin la ko. (7)
1199. Ku ma ko ndóbin ma rókkin la ko ! (2)
1200. Ku ma nëbbu, ma réer la. (2)
1201. Ku macc lu saf siicu. (14)
1202. Ku maf jaay mafati jaay njëngu jaam du la réer. (9)
1203. Ku màgg doon mag, di sa magum bopp. (19)

1204. Ku màgg gërëm sa ndey, mbaa nga xarab ko. (19)
Ku màgg gërëm, mbaa nga xarab. (7)
1205. Ku mana féey du xaru ci ndox. (4,13)
1206. Ku mar taxa naan póotit, bu “robine” ubbee nga rus. (2)
1207. Ku mbaanig sag ndaw, kàcc sag mag. (2,12,15,16)
1208. Ku mën lu bare te du ca def dara mooy ki yàq. (20)
Ku mën te defoo lu yàqu yaw a. (2,7)
1209. Ku mëna nodd, jàkkaa ngoog. (2)
1210. Ku mënoona dog sa bopp, su dogee sa baaraam rekk, na nga fab sa baaraam, daw te gërëm Yàlla. (13)
1211. Ku mënul, bawoo : lu yàqu yaw a. (2,12,15)
Ku mënul, bawul, lu yàqu yow a. (7)
1212. Ku mënul dara, du def dara. (4)
1213. Ku mënula yalwaani, wara mëna nangu sarax. (2)
1214. Ku mënuta xaajal boppam, du mëna jeexal moroomam. (11,12)
1215. Ku mer noppee muus. (11)
1216. Ku moomul sa alal, sa alal moom la. (15)
1217. Ku muñ, muuñ. (2,3,6,7,8,9,19)
1218. Ku naan bay jayax, dangaa yemul cim ndox. (19)
1219. Ku naar di sa gan booba nga ñàkke sa gan. (9)
1220. Ku naaw ak i sabaar, ni cëppi nuut su nee mana maa yéy deesu ko gëm. (12)
1221. Ku nara weesu sa bés, sag déwén ñaaw. (2)
1222. Ku ndóbin rey sa maam, foo séenati lu ñuul, daw. (2,3,5,6)
Ku ndóbin rey sa maam, foo séene lu ñuul wara daw. (19)
Ku ndobin rey sa maam, boo séenée lu ñuul daw. (7,18)
Ku ndóbin ray sa maam, boo gisee lu ñuul wara daw. (9)
1223. Ku ne dama ne, raw nga say buum. Buñ la yeewee, du kenn yow a (11)
Ku ne dama ni raw nga say buum, boo waxeeg njaaxum yaa yeew sa bopp, kenn yeewu la. (12)
1224. Ku ne, la nga am ngay duggeb géew. (2)
1225. Ku ne mën naa wax ne sama yaay a ma jur, waaye sama baay a ma jur sa ndey rekk a la mëna firndéel. (9)
1226. Ku ne sa cerey yaay daa wex xorom, ba nga gedd ko, danga fande. (2)
1227. Ku ne sa xetug ngèmb doy na la bandaxndiku. (14)

1228. Ku ne tekk, tekk, ñu won la yoon. (14)
1229. Ku ne yunn ci néeg sa kanam newwi soo duggee dee. (9)
1230. Ku nekk ak sa bàmmeel. (20)
1231. Ku nekk ci xare warula ree ku ñu jam. (2,3,5,6,20)
    Ku nekk ci biirub ndox, warula ree kuy lab. (12)
1232. Ku nekk ndax boppam, tey Yàlla ndax ñépp. (4)
1233. Ku nekk sopp na niroom. (4)
1234. Ku nekk war nga fajal sa moroom gàcce ba gar ci sa bakkan. (20)
1235. Ku nelaw fàtte say bor. (19)
1236. Ku ngembuwul doo sànguw ñey. (2)
1237. Ku njëlu di jooy, yaa xam ku dee. (15,19,20)
    Ku jëlu di jooy, yaa xam ki dee. (2,20)
1238. Ku njëluy jooy yaa xam la nga fanaane. (11,12)
1239. Ku njëriñ jot, nga yàgg fa. (1)
1240. Ku nobul waay, jox ko yëfam. (2)
1241. Ku nopp yaay nax doom. (14)
1242. Ku nu ne infiroo nga ne duma dëmm yaa wone sa bopp. (9)
1243. Ku nuy feyyikug tëng ci ndàqum ginaar, daa weesu kës. (12)
1244. Ku ñaan ñàkk, boo jëndee am. (2,15)
    Ku ñaan ñàkk, boo jëndee moom. (11,12)
1245. Ku ñàkk taxa ñaaw, boo amee du la tee ñaaw. (12)
1246. Ku ñeme dañu laa déey. (9,14)
1247. Ku ñeme yamb, lekk lem. (2,3,13,20)
1248. Ku ñemewul guddi, du rañaan. (13)
1249. Ku ñépp sompal nga duunle. (2)
1250. Ku ñépp tëfli nga tooy. (6,14,15,19)
1251. Ku ñu fey sa bor nga mer, la nga leble rafetul. (20)
    Ku ñu fey sa bor nga mer, la nga leblewoon baaxul. (2)
    Ku ñu fey sa bor nga mer, la nga leble woon a jagul. (7)
1252. Ku ñu nettali sa jëw nga mer la nga def rafetul. (20)
1253. Ku ñu waccul doo tala njaaloo. (9)
1254. Ku ñu yónni jëkkër, nga indiw far. (2)
1255. Ku nuy bëgga ray, nga génne mbuurunke dafa fekk koon nga denc ko. (9)
    Ku ñuy bëgga ray, nga génne mburunké dafa fekkoon nga denc ko. (9)

1256. Ku ñuy dàq ngay daw, di jàppi ween, sa càmmiñ a lay dàq. (9)
1257. Ku ñuy jàppub jaam ngay seetub surga. (2)
1258. Ku ñuy jiiñ bëtu guddi, ngay soccoo yeeli liir. (2)
Ku ñuy jiiñ ndëmm doo soccoo yeeli liir. (9)
1259. Ku ñuy jiiñ yakktaan ngay ŋollib tànk, lu ñu la waxal yow a. (2)
1260. Ku ñuy yërëm ngay bindlu téeréb gémmiñ. (2)
Ku ñuy yërëm doo bindlu cawli gémmiñ. (9)
1261. Ku puudar taxa rafet, boo ñaqee ñaaw. (9)
1262. Ku ràcc, jëmale sa kanam, mu dëll. (2,6,7)
Ku ràcc jëmëlé ci sa kanam mu dëll. (9,16)
1263. Ku ragal sawoor, bul ji dugub. (6,13)
1264. Ku ratt, sifu ca. (19)
1265. Ku reere cerey dëj, fanaane jabari dono, boo bindantee, amoo ngor. (19)
1266. Ku reew, amul saans... (19)
1267. Ku reew, ñàkk lépp. (1)
1268. Ku rey jinne wara fekke awale ba. (9)
1269. Ku rey naat dem sa kër baay, ku rey nit dem sa kër ndey. (20)
1270. Ku rey sa mbaam, yenu sab sëf. (19)
1271. Ku rey say bañ, say bokk jeex. (19)
Ku rey say noon, say bokk jeex. (20)
1272. Ku réy-réylu gaawa rus. (13)
1273. Ku sa bëgge bare, sa ngor néew. (1,8,13,15,20)
1274. Ku sa bopp toj sa xam-xam jeex. (2)
1275. Ku sa gémmiñ di nàcc, doo wax jàmm. (7)
1276. Ku sa mbañ dee doo ko jooy. (4,13)
1277. Ku sa mbañ seede, nga ñaaw. (7)
1278. Ku sa mbootu jotul, doo rogganti. (2)
Ku woddu jotul, doo boot i gamb. (2,19,20)
Kuy boot jotul, ngay dolliy gamb. (17)
Ku say sër jotul doo boot i gamb. (9)
1279. Ku say moroom jaru bëy, boo jarul bëy it njëngu bëy nga. (9)
Ku sa moroom jaru béy, boo jarulu béy itam, njëgu béy nga. (2)
1280. Ku sa ndey xëy, dangay gontu. (14)
1281. Ku sa taat di mbee doo jënd béy. (9)

1282. Ku sa tuñu kaw dem, sa fula jeex. (20)
1283. Ku sa weeru baay doy, doo xaaraani bay tala fande. (19)
1284. Ku sa yaay tuur sam ñeex, nga mëq sa cere. (9,19)
1285. Ku sàcc lëf, boroomam daf ko fekkul. (13)
1286. Ku sag nàkk jeex, nga aj say koog. (6,11,12,15,19)
Ku sag nàkk jeex, nga wékk say koog. (2)
1287. Ku sam xel yeddul, nit ñi yedd la. (2,15)
1288. Ku sam xéy neexul, fasal jom ca ngont la ndegem xéyaat amul. (2)
1289. Ku sañatula bañ, saña nangu. (2)
Ku sañula bañ, saña nangu. (7)
1290. Ku saraxatul gumba, bàyyi kook yalwaanam. (2,6,14,19)
1291. Ku sawar ci liggéey, oomle. (13)
1292. Ku say tuñ dagg doo mën : “wópplëw !” (2)
1293. Ku sëlmuwul, doo sëlëm i kuti. (2)
1294. Ku sët di wéttali maam a fa sore. (9)
Ku sët wéttali maam, moo ca dàq. (20)
1295. Ku sol tubéyu nékk du jaaru. (6,13)
1296. Ku sol yérey yu jafe, léegi anga sol sagar. (4)
1297. Ku sonn bàyyi, kuy bëgga dee daw, te ku daw ñaaw. (2)
1298. Ku sonn, jëriñoo. (20)
1299. Ku sonne suuna ba ban suuna, bu la neexee sóonu ca kër ga. (12)
1300. Ku sóobu tooy. (20)
Bu sóoboo dex tooy xépp.
Ku xuus, tooy. (19)
Géej, ku ko xuus, tooy (4,8,13)
1301. Ku sopp doomam, du ko ñàkk ratax. (13)
1302. Ku soqul, wolul, ba la ngaa laax duggub ruq. (19)
1303. Ku sori taxa ñaaw, fa nga dëkk, rafetoo fa. (19)
1304. Ku sumb tooy. (18,19)
1305. Ku tagg sa bopp, doo juum. (14)
1306. Ku takk màggat taxani, walla sedd bi xaw laa gaañ. (14)
Ku takk màggat taxani, mbaa sedd bi xaw koo gaañ. (2)
Ku takk màgget taxani, walla sedd bi rey ko. (19)
1307. Ku tàqamtikoo xam li mu saf. (2)

1308. Ku taxawul faratay boroomam, taxaw yu moroomam. (14)
1309. Ku taxul ndeyi kenn a liggéey, sa ndey du liggéey mukk. (19)
1310. Ku tëb ak ay sabaar, dal ak ay gub, soo ko jëlulee it, yow lañu koy jiiñ. (4,6,13)
    Ku tëb ak i sabaar, daanu ak i gub, su nga leen lekkul, koon it ñu jiiñ la leen.
1311. Ku tëb dal cib taal, dese nga weneen tëbin. (2,6,19)
    Ku tëb dal ca safara, dese na beneen tëbin. (13)
1312. Ku tëb di wax, doo noppee juum. (6,15)
1313. Ku tëdd ci tëdditu mburu, xam ne mburu góor la. (11,12)
    Ku wuutu mburu, xam ni mburu góor la. (9)
1314. Ku teg diw ci naaj, moo ko reyloo. (13)
1315. Ku tëg sa ndënd nit ni wallisi. (14)
1316. Ku tey ab jéllam, kenn du ko tawat. (6)
    Ku tey sab jéll, bu ko tawat. (13)
1317. Ku tey xamoon njàlbéen, muj di noflaay. (4,8,13)
1318. Ku togg sa cin, yaw lay jëkka xeeñ. (2)
1319. Ku tuumaal ñépp, yaa taq. (6,15)
1320. Ku wacc sa and, and boo dem fekk boroom toog ca. (2)
    And bu mu dem fekk fa boroom. (15)
    Ku wacc sa and, and boo dem fekk ca boroom (6)
    Ku wacc sab and, and boo dem fekk fa boroom. (10,19)
1321. Ku wacc sa and, and boo war mu toj. (15,16)
1322. Ku wàcc yoon, yoon dal ci sa kow. (7)
1323. Ku wannuw yet, yendoo taxaw. (2)
1324. Ku wara defar, boo yàqee mu ñaaw. (7)
1325. Ku wat pàq ba ñu la xame woon ñu fakk la. (7,9)
    Ku wat pàq ba ñu la xame woon, kenn dootu la xàmmee. (6)
1326. Ku wax, feeñ. (2,3,7)
1327. Ku waxul, sa xumbal du fey. (2,3,6,20)
1328. Ku wóolu Yàlla, dinga wér. (13)
1329. Ku wor ku la dul wor, Yàlla wor la. (4,13)
1330. Ku wuti xànc dinga moytu rat. (9)
1331. Ku xam ki la may, bu ñàkkee dinga muñ. (19)

1332. Ku xam-xam dofloo ngalla ña la xamal. (19)
1333. Ku xamoon la ngay mujje nga jëkke ko (ba mu des dee). (2,9)
Ku xamoon fi ngay mujje, nga jëkke fa. (6)
1334. Ku xamoon lu ñu lay tontu bala ngaa wax, waaj ko. (20)
1335. Ku xamul “buur saay na”, xam “buur dee na”. (2,3,5,6,7)
Ku xamul “buur saay na”, dees na ko wax “buur dee na”. (15,8)
1336. Ku xamul “suur naa” dangay téye ca loxo ba. (2,3,5,6)
Ku xamul “suur naa”, ñu téye sa loxo. (19)
1337. Ku xamul ku la nax, xam ku la duma. (2)
1338. Ku xamul mbaam, mooy fóon wàq wa. (19)
Ñàkka xam mbaam a waral ngay fóon wàqu gannaaw wa. (2)
Ku xamul mbaam mooy fóon we wa. (9)
1339. Ku xamul, xamul moom la xaj di bawe. (9)
1340. Ku xamut fi nga jóge, doo xam fo nga dem. (20)
1341. Ku xarfa fuufawul, fuufa xarfa la. (15)
1342. Ku xaste, waxeef nga loo doon. (1)
1343. Ku xaste, yaa ñaaw. (2,15)
1344. Ku xeeb juddoom wàññi darajaam. (6,15)
1345. Ku xeeb laaxi ndékki bu ko def ci noppam. (13)
Ku xeeb laaxu ndékki defuñu ko ci noppam. (4)
1346. Ku xeeb sa kër baay wàññi nga sa ngor. (1)
1347. Ku xeeb sa muur, wàññi nga sa ngor. (1)
1348. Ku xeebul sa nguur, di buur. (2,3,6,20)
Nit su xeebul nguuram di buur. (5)
1349. Ku xelu xelliku. (9)
1350. Ku xëy tëdd, dinga gontoo daw. (18)
1351. Ku yàgga dox, gindib jant. (19)
1352. Lu yàgg ci njaw di njaw. (2)
Ku yàgg ci njaw di njaw. (9)
1353. Ku yàgg cib teen, baag fekk la fa. (2,3,5,6,7,8,9,14,15,18,19,20)
1354. Ku yàgg dox, yàgg gis. (8,20)
1355. Ku yakk të, da nga xiiful. (13)
1356. Ku yàkkamti sa wërsëg, amiin wa ñaaw. (2,15)
1357. Ku yakke loxo, bàyyi kuddu, doo ko ñaareel. (4,6,13)

1358. Ku Yàlla may, mu am. (4)
1359. Ku Yàlla sànni fitt, doo ko mëna fegu. (6)
Ku Yàlla sànni fett doo ko mana fàkk. (4)
Ku Yàlla sànni fitt doo ko mana fàkku. (13)
Fittu Yàlla mëneesu ko moytu. (13)
1360. Ku Yàlla tàccu nga wara fecc. (2)
1361. Ku yar sa mbër, yaw lay jëkka daan. (2,9,15)
Ku yafal sa mbër yaw lay jëkka daan. (16)
Ku yar sa kuuy, yaw lay jëkka daan. (6)
Boo yafalee sa am kuuy, yaw lay jëkka daan. (6)
1362. Ku yaru, falu. (1,6,15)
1363. Ku yem ci kes doo fey gi naar. (12)
1364. Ku yewwu ren dañu la naxoon daaw. (9)
Ñi yewwu ren la ñu naxoon daaw. (19)
1365. Ku yëy yaxub bukki, yëy na yaxub yëykatu yax. (11,12)
Ku yëy yaxi bukki, yëy nga yaxi yëykat. (2)
1366. Ku yónni say noon di nga leen yàkkamti. (20)
1367. Kuddoo ñeme gar ba ñu di ko ràcceeb laax. (2)
1368. Kuddu gu mag ay yëngal dëxin. (2)
1369. Kulli aj, kulli àjjee ko sut. (2)
Kuli aj, la ko àjjee ko sut. (2)
1370. Kuli xame naak Jaalo. (2)
1371. Kumbay bañ, Sàmbay rasu. (2)
1372. Kumpa jàpp na ndaw ci jombasu kaani. (13)
Kumpa jàpp na nit ci jombasu kaani. (4)
1373. Kumpaa ngi day ni ñay. (9)
1374. Kuppe : tongoo ak awu. (7)
1375. Kur man jaawara mbott mu ñu wolet. (9)
1376. Kutt mbëtt, we wu damm xaj na ca. (12,19)
1377. Kuuy dawul ; dafa wuti doole. (20)
Xar dawul ; dafa wuti doole. (2)
Mbër dawul ; dafa wuti doole. (7)
1378. Kuy aaye njéexaat, doo mayeeb call. (2)
1379. Kuy aaye waluwaay, doo maye wóor. (2)

1380. Kuy aaye xobu màngo, doo ca mayeeb doom. (2,6)
1381. Kuy bëgg i nelaw, boo deewee mu faju. (2)
1382. Kuy bëgga toxu ak kuy bëgga dee yem, kenn mënula dëkk ak ñoom : loo wax mu diw ay. (2)
    Ku bëgga dee, ak ku bëgga toxu, kenn mënu leena dëkkal. (6)
1383. Kuy bëre yaay daanu. (2,3,6,12,15,20)
1384. Kuy bojjaan du weer kuuram. (9)
    Kuy mbojjaan doo weer sa kuur. (14)
1385. Kuy daanoo ca guy, jàppandiku ca mbortaan, dangay yàggal sa jéll, waaye ca suuf nga jëm. (6,13)
1386. Kuy dee, dangay dee fu ñu lay suule. (2)
1387. Kuy def bunt boo gis ubbi ko daa mës ubbi tisóoli. (9)
1388. Kuy dem fu mu warul dem, lu ko ca fekk moo ko teg boppam. (20)
1389. Kuy dóor a mën kuy saaga. (2,9,19)
1390. Kuy dund di xeeñ, boo deewee du mata wax. (19)
    Kuy dund di saxar, boo deewee nooy mel ? (2)
1391. Kuy dund te kenn xamu la, soo deewee du mata wax. (19)
1392. Kuy gaatngag lakk, dangaa yaakaar ndox. (2)
1393. Kuy gëmméel téggi sëg. (9)
1394. Kuy gunge boroom biir buy daw, lu la ca waaxusil fekkee. (2,3)
1395. Kuy jaaru te liwul, ñaq la fay jële. (2)
1396. Kuy jaay dee daa lamble. (9)
1397. Kuy jaay ker, bu jant sowee nga làlli. (2,9)
    Kuy jaay ker, bu ngoonee nga lamble. (19)
    Kuy jaay sa keppaar, bu tàkkusaan jotee te wàññiwoo sa njëg, ñàkk nga. (6)
    Kuy jaay ker balaay ngoon nga wàññi sa njëg. (14)
    Ku jaay ker ba takkusaan wara yombal. (15)
1398. Kuy jaay tamaate doo bëre : boo ca dëggee mu toj. (2,3,6,20)
    Kuy jaay kamaate doo bëré : boo ca dëggee mu toj.
1399. Kuy jàpp jaan faalewul jiit. (2,3,5,6)
1400. Kuy jéem mbànd te mënoo tabax, dangay yàq ban, rekk. (2)
    Bàyyileen jéem i mbànd ku mënula tabax doo yàq ban. (19)
    Tabaxe su jéemantoo mbànd tojle (de nga ko toj). (4)

1401. Kuy jeexaati doo mayeeb dërëm. (2)
1402. Kuy jiiy mbote wara séenu culletum bukki. (2)
1403. Kuy jooy di bëse kenn du la ñaan am ñeex. (19)
Kuy jooy di siime du maye am ñeex. (11,12)
1404. Kuy jooy du noppiloo. (2)
1405. Kuy jooy i yax, doo dem i sëg. (2)
1406. Kuy jooy ku ko watat, dafa amul ku ko boot. (2,4,6,13)
1407. Kuy juutu, sàkkaraa la ko dàq moom mi ko dëkke. (2)
1408. Kuy kuppeek Yàlla foo làqu të la. (2)
1409. Kuy laax géej, sa sanqal dana yàqu, te sab laax tooy. (2,3,5,6,19)
1410. Kuy layooji fàtte saw làmmiñ. (2)
1411. Kuy naan, di nëbbu, boo jangee, feeñ. (2,3,6,11,12)
Kuy naan di nëbbu, saa yu jangee feeñ. (5)
Ku nëbbu di naan, boo màndee feeñ. (19)
Nëbbu naan, màndi feeñ. (13)
1412. Kuy naan ngelaw boo gisee caakiri du mata wax. (9)
1413. Kuy naaw, sa geen di buubu, fa nga jëm sorewul. (9)
Kuy naaw, say dunq di ruus, fa nga jëm sorewul. (6)
Kuy naaw sab geen di buubu, fa ngay dal du sori. (2)
1414. Kuy ñaaguwaani seen dëkk a beyul. (19)
1415. Kuy ñuy diri, doo taamu fu ñu lay jaarale. (2,3,6)
1416. Kuy raam di la wat su yéege fas toogu la. (14)
1417. Kuy reere mébét bu yaboo falaŋi dog. (19)
1418. Kuy reere pann, boo woppee fande. (1,6,13)
1419. Kuy rootaani, seetil boroom goj ak baag. (2)
1420. Kuy rooteek sendal, doo yóbbum ndox. (19)
1421. Kuy sàkki ron, ku ko abal kàndaama bañu ko. (2)
1422. Kuy sàngoo làmmiñ boo noppee rafle. (9)
1423. Kuy sëqaat, ku ko ñaani mbël doo fa naaje. (2)
1424. Kuy summi lu ñu sol, du fa bàyyi lu ñu wékk. (2)
1425. Kuy tëgg ndëndëk sémmiñ doo bari wàlliyaan. (14)
1426. Kuy tëraan ak ku bëgg ku ko wéttali : “ubal bunt bi” du leen boole. (2)
1427. Kuy tëru, kuy teggee ca aay. (2,3,6,7,11,12,14,18,19)
Tëru teggee ca aay. (15,16)

1428. Kuy tisli sag yóor di tuuru war ngaa xam ni doo gudd fan. (12)
    Ku ni tisoo sa yuur ne këpp, ku ne la dinga gudd fan, nga weddi ko. (9)
1429. Kuy wàlliyàan, sa kër a tëggul. (2)
    Kuy wàlliyaan, seen kër dafa fowul. (20)
1430. Kuy weccee, sa alal da laa neexul. (2)
1431. Kuy wékk njoowaan, dangaa yaakaara féexlu. (2,19)
1432. Kuy weranteek sa xel fooy nëbbu dina la të. (9)
    Ku dàqeek sam xel, foo nëbbu të la. (7)
1433. Kuy wëri njooxee xam fa tool yay nangoo. (19)
1434. Kuy wokk taatu gaynde day ñeme xët. (14)
1435. Kuy woor, Yàlla nga ca bëgg. (19)
1436. Kuy wuti, demal fa nga yaakaar. (2)
1437. Kuy xalam di ca jaayu. (2,6,7,19,20)
    Kuy xalam di ca jaayu (barke ba yaa ko moom). (2)
    Kuy xalam di ci jaayu barke ba yaay boroom. (14)
1438. Kuy xànc bafa buteel. (14)
1439. Kuy xasab yoon, amul sér. (4,6,13)
1440. Kuy xool la ca ginnaaw sox bu tàkk, doo fital. (19)
1441. Kuy yiit di të doo woccu. (15)
1442. Kuy yoot du sëqat. (2,6,7,19)
1443. Kuy yuut a neexa jàngal tëfli. (2)
1444. La àllaaxira di am jàmm yépp, Kumbaak Sàmba fa demul woon. (9)
1445. La boroom géléem bëgg ci digóorug meer, yësal a ko koy may. (2)
1446. La jarag am di yuux, su ko néew amoon jël. (4,13)
1447. La jig mbott ca ndox ma, jigu ca janax. (8,19)
    La jig mbott cig dex, jigu ca janax. (2)
1448. La mu saf, ka ko macc a ko xam. (2,3,6,7,11,12)
1449. La nga dàqekoon kéwél mu jëm ca àll ba, nga dàqe ko béy mu jëm ca kër ga. (2)
1450. La ngeen tàyyi toppleen ko, la ngeen sawar bàyyileen ko. (1,6,13,15)
1451. La tee nag waa dabi nag ya tee ñeex maa neex. (19)
1452. La woon, na woon, ña woon, fa woon. (2)
1453. La Yàlla xam doy na. (2)
1454. La yóbbu tëgg du fa ba uppu ya. (2)

1455. Laaj ay taxa xam. (2)
1456. Laalo : sàntamànna jëkkër : waxambaane. (7)
1457. Laalo satamanaa ca gën, jabar joo wonni. (9)
1458. Laax tooy, sànku. (19)
1459. Laaxub daaw, bu ñ(u) ko dee nettali cafaay laa taxe. (2)
Laaxub daaw, bu ñu koy nettali, cifaay laa tax. (12,19)
Duñuy fàttaliku laaxu daaw/démb, cifaay ba tax. (14)
1460. Làbbali fas taxul fas a raw, raw a nga ca kanam. (19)
Làbbaliw fas taxula raw, raw a nga ca kanam. (2)
1461. Lafañ, boroomi mbaam lay faral. (6,15,16)
Làggeek boroomi mbaam ay far. (19)
Lafañ, boroomi mbaam lay àndal. (2)
1462. Lakk a gëna gaaw togg boo ca bëggul ñeex. (2)
1463. Lakk goo gis la fa gëna diis a fay lakk. (2)
1464. Làkk ma, mbaa nga léeb ma ! (2)
1465. Lamb ñay dégg saaj ba ñooy ëpp ña koy seetaan. (20)
1466. Làmb aw taat, boroom a ca gën. (2,3,6)
1467. Làmb daj, gis gënu koo wóor. (2)
1468. Làmb, dajul a gëna nooy diw. (2,4,6,13)
1469. Làmb, ku ca daanu, rekk na ne : ahan, te yem fa. (13)
1470. Làmbi bukki, béy du ca wàlli. (2,3,5)
Béy du wàlli ci sabarug bukki. (19)
1471. Làmbi dóor, feyyoo koy tas. (12)
1472. Làmbi gaana, tàccu bokku ca. (2)
1473. Làmbu golo, ku jóg, daanu ; golo yaa ko moom. (6)
Làmbi golo, ku jóg, daanu. (2)
1474. Làmmiñ du lekk moroom ma, te toggeesu ko. (2,3,6)
Làmmiñ wenn mënula lekk moroom ma te ñorul. (19)
1475. Làmmiñ jigul bant, astemaak nit (6)
1476. Làmmiñ, su nee “ñam wi wex na kaani”, muccu ca. (2)
1477. Làmmiñ wu ñaaw, weñ la wuy naaw, dina dal ci ku ne. (12)
1478. Làmmiñu luu a gën làmmiñu fenkat. (13)
1479. Lawbe laa, ku ma wàngarñi fekk maak sama jata. (9)

1480. Lawbee neexa jàngal i pël. (9)
    Ku déggi Lawbe neexa jangali pël. (14)
1481. Lawoon wonni na. (2)
1482. Laxas nga jaan, ci sa njaay. (9)
1483. Lay yóbbu nag busëri, moo ko fay yóbbu. (9)
1484. Làyy-làyy joo gis mujjam cëpp. (9)
1485. Leb yomm-yomm, fey dënit-denit. (12)
1486. Lebal nga jaboot tojal i guddi. (2)
    Lebal nga jaboot duuli guddi. (6)
1487. Lebtoo, feytoo. (2,20)
1488. Léegi, lu lëndëmoon leer, lu soriwoon jégé. (2)
1489. Leemkat boo gis, day mujj roccig buumam dem. (2)
1490. Lëf lu la Yàlla teg kenn mënu ko dindi. (4)
1491. Lëg mën naa daw, waaye àttanul teg. (2,3,5,6,14,19,20)
1492. Légét, bu wunnee, dana raw fa woon. (7)
1493. Leket su doon nit, ku ca def ñam, mu yuux. (4)
1494. Leketug kese, naxul i béy. (2,7,19)
    Leketu neen du naxu béy. (14,15)
1495. Lekk ci ndab ba noppi xëpp ca suuf. (2)
1496. Lekk, jarul damoo. (9)
1497. Lekk ñax mu wow, aste lekk ngooñ ak dugub, dina làpploo fas. (13)
1498. Lëkkaayu Yàlla, xalangu du ko dindi. (4,6,13)
1499. Lekkal lu la neex, waaye solal lu neex nit ña. (2,15)
1500. Lëkkale ay fen taxula am dëgg. (6,15)
1501. Lekkuloo diw, sa gémmiñ niin. (9)
    Lekkoo, sa gémmiñ niin. (19)
1502. Lem gi ci taatu mag, gat sa gat sa, du ko lemmi. (9)
1503. Lem neex na, waaye dub dund. (2)
1504. Lem neex na, waaye duw jiwu. (2,9,19)
1505. Lëm, lëm na lu gën lëm to lëm waxul la mu lëm. (9)
1506. Lëngoo dafa neex, waaye koo bàyyi mu demal boppam. (7,19,20)
    Lëngoo dafa neex rekk, waaye koo bàyyi mu dem ak boppam. (2,3)
1507. Lëngoo neex na waaye ko bàyyi mu wéy a ki mbàggam. (14)
1508. Lépp a ngi ci nit ñi. (19)

1509. Lépp luy melax du caagine wurus la. (20)
1510. Lépp lu am nopp du nen. (20)
1511. Lépp lu ànd ak noflaay ëmb musiba. (14)
1512. Lépp lu ag muñ tàmbali, ag muñ a koy yeggale. (11)
    Lépp lug muñ tàmbali ag muuñ a koy yeggali. (12)
1513. Lëppaa-lëppay mujjé dewnde. (2,11,12)
1514. Lex boo daan raay ak a fóon, boo ca dóoreem pes, ñàkkul lu tax. (2)
1515. Li “sunuy” neex-neex, “samaa” ko dàq. (2)
    Sumaa gën suñu (18)
    Lu sunu neex-neex, sama dàq ko. (11)
1516. Li béy doon dunde ba sax sikkim mën ca wéy ba dee. (20)
    Lu bëy daan dunde ba sax sikkim, man na kaa dunde ba, xëy dee. (9)
1517. Li boroom géléem bëgg ci dugóor yësal a ko ko mëna may. (19)
1518. Li ci taatu ndaa, mbott a ko xam, moom ma fa dëkk. (2)
1519. Li gëna jafe ci àddina mooy am alal ju ne gàññ, lew domm. (15)
1520. Li jig mbëtt jigul bar. (14)
1521. Li la dal, dalul galo, mi am ñeenti jabar, ba noppi di raasi ndéem. (9)
1522. Li la wokk a ma xuri. (2,19)
1523. Li ma naqari neexuma. (2)
1524. Li mbëtt bëgg la bar bëgg, bu dee bar bu baax. (9)
    Li mbëtt bëgg la bar bëgg, waaye la ca jig mbëtt jigu ca bar. (7)
    La mbëtt bëgg, la bar bëgg. (2,8)
1525. Li né këtt, né jonn, te kenn du ko tudd. (2)
1526. Li nga doon soo ko bañee, danga caa yées. (2,3,5)
    Ku bañ li nga doon danga caa gëna ñaaw. (9)
1527. Li ngay dàq mu jëm àll, dàq ko mu jëm kër. (7)
1528. Liccin, li mu yabe ginaar ca ba ñuy gone lawoon. (2)
1529. Liggéey bu amulug pey, yàgg lay taawloo, caatloo bon. (11,12)
1530. Liggéeyal àddina ja mu mel ni dootoo dee, liggéeyal allaaxira ja mu mel ni suba ngay dee. (20)
1531. Liggéeyu ndey mbind mu nu yaxan la doom jaay juddu maas. (9)
1532. Liggéeyub ndey; añub doom. (2,6,8,19)
1533. Lii ku koy reere, léegi nga fande. (9)
1534. Lii Njagaa ma ci sut. (7,9)

1535. Liibarub mbokk, moo gën kilób jaambur. (11,12)
1536. Liir bu juddook wërsëgam. (19)
1537. Liir yépp a néew doole, ba mu des liirub jaan. (19)
1538. Liirub jaan du tuut. (2)
1539. Lijjanti faj na aajo, waaye defarul am réew. (7)
1540. Li ñu men ci ab ànk maneesu ko ci ab loot. (11)
    Lis man cib ànk, maneesu ko cib loot. (12)
1541. Liy jaay cib ja lépp, manee su koo boole jënd. (12)
1542. Liy raam, ca ñag ba la jëm. (2,6,9,19)
1543. Loo barele-barele, boo génnee gis loo moomul. (2,3,5)
1544. Loo barile-barile, ci benn néeg ngay fanaan. (7)
1545. Loo bees-bees, dugub du ñàkk dugg. (13)
1546. Loo dog mu daanu, gannaaw xaal. (2,4,13)
1547. Loo doonul ndongoom doo doon ub sëriñam. (9,11,12)
    Loo nekkul taalibeem doo nekkub sëriñam. (2)
1548. Loo dul, bu fa, lu la fa, yaa ko. (2)
1549. Loo duuf-duuf bajantu gannaaw xat (waru la) (20)
1550. Loo faxas mu rot, dafaa dëkkul. (2)
1551. Loo jege-jege Maawo, Dee-Njéeme gën la koo jege. (2)
1552. Loo ji ngay saxle. (19)
1553. Loo mel ni kuy xëddé pepp, te fajar giy niit. (9)
1554. Loo mën-mën biiru waay, mu def ca loo yëgul. (2,4)
1555. Loo muus-muus, sab goro gën laa muus. (19)
1556. Loo ni suma doon buur, booba xelum buur a nga ca. (9)
1557. Loo ragal da lay gaañ. (6)
1558. Loo sopp-sopp doomu jaambur, sa doom a la ko gënal. (13)
    Lu nga sopp-sopp doomu jaambur, sa doom gënal la ko. (4)
1559. Loo teel-teela jóg, yoon jiitu la. (4,6,13)
1560. Loo xam-xam pax, janax gën la koo xam. (20)
1561. Loo xamul ab reggaayam, ab xiifaayam du la sonal. (11)
    Loo xamul reggaay ba, xiifaay ba du la sonal. (12)
1562. Looy bañ ñu xam ko, bu ko def. (2)
1563. Looy bañ, yal na la ko Yàlla bañle. (2)
1564. Looy may say bañ doo ko may say soppe. (9)

1565. Looy ñut-ñuti na sàcc bu ànd ak narkat. (9)
1566. Looy tendeefal, ne patt bu fori gët. (9)
1567. Looy yóotu, jotoo ko. (2)
1568. Loxo bu duggee ci mooñ am lu ko jam, da koo bett, waaye foogu ko woon. (7)
1569. Loxo du miin gudd, miin gàtt. (9)
1570. Loxo du tàmm gudd, gàtt te dogeesu ko. (2)
1571. Loxo lu nekk, biir ba muy riisoo ko tax di sonn. (2)
1572. Loxoy Kajoor dañuy féewaloo. (19)
1573. Yoxooy Kajoor day weesaloo. (12)
    Yoxoy Kajoor, dañuy weesaloo. (9)
    Loxoy Kajoor dañuy weesaloo. (2,7)
    Ay yoxo Kajoor dañuy weesaloo. (9)
    Loxool Kajoor-kajoor di weesaloo. (20)
1574. Lu àll ay-ay taat fare gannaaw. (20)
1575. Lu am ci suuf ñetti fan nëb, ba mu des jiwu ndax yaakaar. (7,20)
1576. Lu am Yàllaa ! (12)
1577. Lu amul, du am u tur. (19)
1578. Lu baax amul “seetal ma”. (2)
1579. Lu baax, du baax ba weesu baax. (2)
1580. Lu bëñ bu weex mayewul, bu xuur du ko maye. (19)
1581. Lu beref fett-fett, dal ca àndam. (4,13)
1582. Lu bon a bon. (2)
1583. Lu boroom ndugóor meer tàqamtiku. (9)
1584. Lu bukki om-a-om, mën naa bëreek béy. (4,6,13)
1585. Lu cin xat-xat, xorom ba xaj ca. (2,3,5,6)
1586. Lu cuuj tuut-tuut gàddu njëlam. (9)
1587. Lu daay tàkk-tàkk bàyyi fa kuréel. (2,12)
1588. Lu dagg sute xaaxaam ba di ko sekki ? (2)
1589. Lu damm ndigg ay dóoxaluw taat. (2)

1590. Lu defu, waxu, te lu aay di njàmbat. (19)
    Lu defu waxu. (7)
    Lu defu waxu, lu ay di njàmbat. (2,9)
    Lu defu waxu, lu aay di njàmbat. (12)
    Lu defu waxu, lu xew di jàmbat. (15)
    Lu ay, di njàmbat (6)
1591. Lu diis diig. (7)
1592. Lu dugg ci benn nopp génn ca bale. (4)
1593. Lu dul dëgg du yàgg. (2,7,10,19)
1594. Lu dul doy nu mu tollu doy. (12)
1595. Lu dul jàmm, jàmm a ko gën. (20)
1596. Lu dul raaf amul ci àddina si. (13)
1597. Lu dul Yàlla, ag neen la. (2,8,15,19)
1598. Lu ëpp tuuru. (2,7,20)
1599. Lu feeñ cib sëy, nuyoo woon na ca ngoro ga, dañu koo fayul. (19)
    Lu gane cib séy nuyoo na ci ngoro dañu koo fayul. (14)
1600. Lu gan sonal-sonal, dina ñibbi. (1,13)
1601. Lu gor di wëyée, Yàlla bu ko saay-saay xam. (9)
1602. Lu gune gu jigéen muus-muus buy matu woo yaay ja. (11)
    Gune gu jigéen lu mu muus-muus bu matoo woo yaay ja. (12)
1603. Lu guy rév-rév, gif ay ndeyam. (2,4,6,7,9,19)
    Lu guy rév-rév, gif a di ndeyam. (8,13,20)
1604. Lu jarag bon-a-bon, mana wàkk néew. (4,13)
    Lu jarag bon-a-bon, moo tane néegu neen.
1605. Lu jarul dem ndaam di wuti sëriñ. (9)
1606. Lu jebbi ci xol, focci ci jë. (6)
    Lu meññ ci xol, jebbi ci xar-kanam. (6)
1607. Lu jiin Njaag a, te yaay Njaag. (2,6,20)
    Lu njiin Njaaga, te yaay Njaag. (19)
1608. Lu jinne màggat-màggat, dese ŋelaju bu jommal gone. (2,3,5,6)
    Lu jinne màggat-màggat, dese regeju bu jommal ndaw. (2)

1609. Lu jiwu wa jeexul jógu fa. Te lu neex du jeex dañ(u) koy dog ba beneen. (19)

    Lu jiwu wa jeexul, jógu fa. (2,7,12)

    Lu njiwuma jeexul jogewu fa. (14)

1610. Lu jongama bëgg, Yàlla nay jàmm. (20)

1611. Lu jooyloo xaleel a gën lu jooyloo mag. (6,15,16)

    Jooyu xaleel a gën yu mag. (9)

    Jooyi gune moo gën jooyi mag. (7)

1612. Lu jot Yàlla def ko. (12)

1613. Lu jot, yomb (7,20)

1614. Lu juddoo cim tàgg, bu naawul jaaxal i mbokkam. (2,9,14)

    Lu juddoo cim tàgg naaw, mbaa mu jaaxal ay bokkam. (11,12)

    Lu juddoo cim tàgg, màgge cim tàgg, soo naawul, jaaxal say bokk. (19)

1615. Lu kenn mën, ñaar a ko ko dàq. (2,6)

1616. Lu la bett, mën la. (2,3,6)

1617. Lu la ci saxaar biirale ba nga nar cee wasin wago. (2)

1618. Lu la mar mayul, màtt du la ko may. (2,3,6,20)

    Lu la yar ak teggin mayul, leneen du la ko may. (6,15)

    Lu bëñ bu weex mayewul, bu xuur du ko maye. (19)

    Lu la raay mayul, wokk du la ko may. (19)

1619. Lu la raay mayul, wokk du la ko may. (19)

1620. Lu la réer ci juddu feeñ ci jikko. (2,6,15)

    Lu réer cib juddu, feeñ ci jikko. (7,19)

    Lu nëbb ci juddu, feeñ ci jikko. (8)

1621. Lu la sukk may, na la ko joxañ xañ. (9)

1622. Lu la sutul, du la mana may ker. (18)

    Lu la sutul manu laa keral. (11,12)

1623. Lu la tiim weesu na la. (2)

1624. Lu la waay maye kon jën, na la ko jàngale napp moo gën. (12)

1625. Lu la waay wàll ëppale la ca. (2)

1626. Lu la Yàlla jox, waruloo ko xeeb. (20)

    Nit lu ko Yàlla jox waru ko xeeb.

1627. Lu la yar ak teggin mayul, leneen du la ko may. (6,15)

1628. Lu li doon da na xaq um njekk. (1)

1629. Lu loxo def, loxo man na koo dindi. (2,9)
1630. Lu ma waxadi-waxadi, bu ma giseeb nen, ne : “nen a ngi”. (2)
1631. Lu ma xam ci ginaar gu ñor, lu-dul lekk ? (2)
1632. Lu mag bëgg te dofu ca, booba ab bëgg-bëggam dafa des. (2)
1633. Lu mag lekk a gën lu lekk mag. (9)
Lu mag mos a gën lu mos mag. (2)
1634. Lu mana am, gërëm Yàllaak sa ndey.
1635. Lu màtt yiy reere ? (2)
1636. Lu mbootu émb, moo ci yées. (9)
1637. Lu metti, ci góor lay dal. (2)
Lu metti, góor lay dal. (19)
1638. Lu metti yàggul, (ci kaw boo ko weesoo.) (2)
1639. Lu Naar gis ci mbuusam, ba sànni ko, ku ko for it du am njeriñ. (20)
1640. Lu nar barey-barey su dëgg jógee jot ko. (4)
1641. Lu ŋawul du màtt. (2,7)
Lu ŋaaŋul du màtt. (19)
1642. Lu ndaw fatu-fatu, bàyyi fa ëtt ba. (2)
1643. Lu néeg rafet-rafet, boo nelawee fàtte ko. (2)
1644. Lu neex, Buur jël, ba mu des fuddu. (20)
1645. Lu neex du doy. (20)
1646. Lu neex tey, dàq ëllëg. (19)
1647. Lu nekk ci kanam rawul i bët. (9)
Lu ne ca kanam rawagul ay gët. (2)
Li ci kanam rawul i bët. (7)
1648. Lu nekk fukk ëpp na kenn. (2)
1649. Lu nekk mënees na koo toxal, mu mel na mu meloon ba mu des wax. (6,15)
1650. Lu nga ñàkk-ñàkk xel, xam ne jabaru baay, ndey la. (4,13)
1651. Lu nga ragal sa taat féete la gannaaw. (4)
Loo ragal-ragal, sa taat féete ca gannaaw. (13)
1652. Lu ni këtt, lu ne jonn a koy faj. (2,6,9,19)
1653. Lu ni téll, mu ni damm na. (9)
1654. Lu nit nàmp moom lay yësal a ko koy may (9)
1655. Lu ñam baree-bare, mujja jeex, ndegem nëbbu la ko. (13)
Lu ñam barey-barey, mujja jeex. (4)

1656. Lu ñor tàbbi ; gàjjan gaay bañ. (6)
Lu ñor tàbbi, gajen baay bañ. (19)
1657. Lu ñu dëppe sendal, aayewuñu ko weñ. (2)
1658. Lu picc bare-bare, du teree ji dugub. (6,13)
1659. Lu picc dégg, sabe. (13)
1660. Lu picc naan-naan, naantil naanu ñey. (4,13)
1661. Lu picc naaw-naaw, dal ci suuf. (4,6,8,9,13)
1662. Lu puso muus-muus, wëñ jaar ca taat wa. (2,8,12)
Lu puso muus-muus wëñ jaar ca bën-bën ba. (11)
1663. Lu reen jan-jan, reen a nga ca suufam. (11,12)
Lu reen jan-jan, reen a nga ca suuf. (2)
1664. Lu rey Maalaw, du fi bàyyi Alfa. (2)
1665. Lu rey mbuum, dee ca, ku weddi laaj gerte. (2)
Lu rey mbuum, dee ca. (11,12,19)
Lu rayati mbuum, dee ca. (9)
1666. Lu sakkantalkat ba denc, sallaxkat ba sànni. (13)
1667. Lu “sama” neex-neex, “sunu” dàq ko. (12)
1668. Lu sax y dung naaw gannaaw bànjóoli. (4)
1669. Lu surga sañadi, sañadi sañ ne : “suur naa”. (2)
1670. Lu suur bajantu ba mu desub xaal. (19)
1671. Lu tànk ñaaw-ñaaw wonees kow yoon. (2)
1672. Lu téere yàgg yàgg ca wuude ba kay ëw, yàgg lu ko raw ci tànki boroom. (9)
1673. Lu tëgg dina tas. (2,7)
1674. Lu tëgg waxtaan, da koo tasul. (7)
1675. Lu toj bopp ay tuurug yuur. (2)
1676. Lu tóor-tóor jaayoo, na ko gërëme buut. (2)
1677. Lu waay def, boppam. (2,6,15,19,20)
Lu waay def, mu tees ci boppam. (13)
1678. Lu waay def da koo tal. (12)
1679. Lu waay def dee, su dekkee du ca dellu. (2)
Lu mag def dee, bu dekkee dana ko bàyyi. (7)
1680. Lu waay di wuyoo da koy niru. (2,20)
1681. Lu waay giirook yaw, di la may, mu faf ko ba ca ndab la ngeen bokk. (13)

1682. Lu waay góob, gar ko. (15,16,19)
    Lu ca waay góobe, gar.
1683. Lu waay jaay fa Yàlla, fekk fa njëgam. (9,11,12)
1684. Lu waay jéemul du ko mën. (17)
1685. Lu waay mënul neexul. (17)
1686. Lu waay muñ mu jeex. (12)
1687. Lu waay nangu, teg ko ko dagan na. (2,9)
    Lu nit nangu, teg ko ko dagan na. (15,19)
1688. Lu waay ñàkk, waayam a ko amul. (2,3,5)
1689. Lu waay ràbb, rax ca dënk. (19)
1690. Lu waay rendi, ci say loxo lay nàcc. (2,14,19,20)
    Lu waay rendi mu nàcc ci loxoom. (15,16,20)
    Lu waay rendi, ciy loxoom lay nàcc. (7)
    Lu waay rendi, ca suba, ba ngoon ci yoxoom lay nàcc. (9)
1691. Lu waay wax cib nawet, cab toolam la ko gise. (2,9)
1692. Lu wagajaane maye du and ak njariñ. (13)
1693. Lu wànq di dox noor ? (2,6,8,19)
1694. Lu wommat lu né fa mu jëm la jëme la mu wommat. (14)
1695. Lu xaj lekk-lekk, bàyyi fa der ga ca baat ba. (2)
1696. Lu xaj mënul ci saaku dugub mënalu na ko. (9)
1697. Lu xale wax, ca këram la ko dégge. (4,6,8,13)
1698. Lu xel nàcc, xel naan na ko. (19)
1699. Lu yaq añ, añ la. (20)
1700. Lu yëkkëti mag waxloo ko. (2)
1701. Lu yëngu am na lu ko yëngal. (20)
1702. Lub lawbe rëye kon, na ko mana yatte. (11,12)
1703. Luy aas dana nen. (2)
1704. Luy daw am na fu mu jëm. (10)
1705. Luy law, ndanaat a ca mën. (2)
1706. Luy nit ? (9)
1707. Luy yëng, la ko yëngal a ko ëpp doole. (2,7,19)
1708. Luy yoonu lawbe ci géléem te naar ne jonn taxaw ? (9)
1709. Luy yoonu sanqal ci nafa ? (9)
1710. Maa bañ sebet ndax i weñ. (2)

1711. Maa ci joo gis, ndof a ko lal. (12)
    Maa ci joo gis, ag ndof la. (11)
1712. Maa la men deesu ko wax, dees koy jëf. (11,12)
1713. “Maa mën” : defal ñu gis. (2)
1714. Maa ngi ci sa simis bi/mbubb mi/ létt bi (20)
1715. Maaseek nit, musu laa gën tubay, musu laa gën mbubb, mu xëy doomam a gën sa doom, dafa metti. (19)
1716. Maatay su jotee kenn duma njékk si gat-sa. (14)
1717. “Maa tey”, xuru gàcce la, ku rus a cay jaar. (2)
1718. “Maay taawu boroom kër gi”, tekki dara ci kër gee ko gën. (2)
1719. Macc buy : ay lor. (2)
1720. Maccaatum nen, kenn du ca fot te du xotti bóli. (2)
1721. Maccinu dimb dina tax dimb a wex. (9)
1722. Maccum daqaar ay ŋelaju lay àndal. (14)
1723. Mademmba Jóob Yatma Soog sëriñ bi ci Ñomre. (9)
1724. Mag a moom xamam, su ko neexee làl ko toog. (20)
1725. Mag ay duggi Ndóob. (2)
1726. Mag bu gëmmee, ne, gisuma jant bi, kenn mënu ci dara. (20)
1727. Mag bu rusee, ne “maa tey”. (20)
1728. Mag, day faggandiku. (6)
1729. Mag du fecc “Yàlla naa dee”. (19)
    Mag du fecc ci Yàlla naa dee. (14)
    Mag du fecc yal naa dee. (2)
1730. Mag du gaaw.
    Nu ngoog xamal nag ne : mag du gaaw.
1731. Mag du xam i naxam di ca dugg. (2)
1732. Mag du Yàlla waaye yàgg na ak Yàlla. (20)
1733. Mag, jaani ñàngóor la : bu la riisoo, bàyyil la daŋar, boo ko riisoo mu bàyyil la daŋar. (2)
1734. Mag jiitu, rakk topp ca. (2)
1735. Mag, lu dal xelam a koy may yaram. (2,15)
    Mag, lay dalum xelam, moo koy may yaram. (19)
1736. Mag mat naa bàyyi cim réew. (1,2,7,11,12,13,15,17,19)
1737. Mag mën na xélu ndaw, waaye bu àkkee saŋañ. (2)

1738. Mag mën naa rukki nen ba mu mokk te du toj. (19)
1739. Mag su rukkeeb laaloom, mëq ub daŋam. (19)
1740. Mag toog na séen lu xale taxaw te séenu ko. (8,20)
    Mag dina sóonu di séen lu gone gu taxaw gisul. (19)
    Xale séentu fu sori te gisul, mag toog fi mu toog di gis (18)
    Mag dana tëdd di séen lu sori, gone jóg taxaw te du séen dara. (2)
    Mag dina tëdd gis lu gune gu yéeg gisul. (15)
1741. Mag tuuti, gone tus. (2)
1742. Magu ñey, maaseek moom a ko gën. (19)
    Mag uw ñey, maaseek moom a ko gën. (2)
1743. Màggatum béy du weesu mburngël. (2)
1744. Màggatum guddi, ku ko gisul mu gis boppam. (2)
    Magum lëndëm ku ko gisul it, mu gis boppam. (19)
    Magum lëndëm, ku ko dajatul, mu daj boppam. (7)
1745. Màggatum pël : nañ màngi i yóo, bu nu màngi i yóo. (12)
1746. Màggetum dàngin, cuqtaan yóbbuwul ub lancam. (19)
1747. Màggetum golo kenn du ko jàngal ŋeleju. (19)
1748. Màggetum golo mu ngaak njaab mu mu jommaleb xaj. (19)
1749. Magum rambaaj, lu mu fekke ca la. (2)
1750. Magum téeméeri at ak ndawul téeméeri teen su ñu waxtaanee juboo. (19)
1751. Malaaka mu ne, am na mallarci. (19)
    Malaaka mu ne am na màllarceem. (2)
1752. Man a man a joo ais du waaja. (9)
1753. Mana wax, féetee ki wax a ko gën. (19)
1754. Man aréen, pepp mënu maa yey, su dul woon man, ceeb du niin. (7)
1755. Man de, jab laa : sama taat a ma téyé ! (2)
1756. Man firib man fàpp. (9)
1757. Man gan, man sa bopp la. (19)
1758. Man jiit, man jànkalaar. (9)
1759. Man suma doonatul baay kenn du ma miraasaale. (9)
1760. Man, taxas laa, ku ma lonk nga sëgg. (2)
1761. Mana, mana joo dégg, du moom. (18)
1762. Manaar a ngi naar yaa ngi. (15)

1763. Manees na laa takkal jabar, yóbbul la ko ci sa néeg, waaye il ci des, yow rekk a ko mana def. (6,15)
1764. Mar du ma taxa naan póotit. (7,9)
    Bu la mar taxa naan póotit. (19)
    Mar du taxa naan am póotit. (12)
1765. Matt gay ñoral cin, cib àll lañ koy taxane. (12)
1766. Màtt nga sa mpàllanq. (13)
1767. Màttu melantaan
    Duma ko fowe,
    Bu ma màttee,
    Ma màtt ko,
    Ndigg la damm. (2)
1768. May gu jëkk, may gu dëkk a ko gën. (7)
    May gu dëkk a gën may gu jëkk. (12)
1769. Maye bopp rocciw làmmiñ. (7,9,19)
1770. Mayee lu baax ci kër laa njëkkee. (20)
1771. Mayu nangu baaxul. (20)
1772. Mbaam, bu la wéqee nga wéqaat ko, tanewoo ko. (2)
    Su la mbaam wéqee, nga wéq ko, yéen ñaar a yem. (7,20)
1773. Mbaam dafa gàtt, waaye ci jur gi la. (2,9)
    Mbaam gàtt na, waaye ci jur gi la. (12,19)
1774. Mbaam du jur ci kanam nit. (8)
1775. Mbaam ma ñu sang ba mu set wecc anga xalangu ca binit.
1776. Mbaam mu, bu wéqee màtt, def na xeexu baayam. (1,13)
1777. Mbaam mu yeex tey yóbbub sëf, moo gën mu gaaw te yóbbuwul dara. (19)
1778. Mbaam xamul gafaka. (19)
1779. Mbaam xuux yaa neex deret mu ni sañula bañ la. (9)
1780. Mbaam-sëf mu te, “Bàyyi” la sant. (13,20)
1781. Mbaamum jaambur wañ̃ñ nopp du ma ca fekk. (20)
1782. Mbaax gu ñu soq njànj, mayewul uw nit. (19)
1783. Mbamb reyul weer. (2)
    Mbamb reytil weer. (19)
1784. Mbañ gàcce. (9)

1785. Mbar-béef ak mbaraa-béef,
Reeni xarañ
Ku ko toggal sab goro
Boo tóllantee mu dee. (2)
1786. Mbaxalum xeer, du ka jëkka sóor ay jëkka ñorle. (14)
Mbaxalum xeer, jëkk caa taal taxu caa jëkka ñorle. (2)
Mbaxalum xeer njëkka baxle taxula njëkka ñorle. (19)
1787. Mbaxana du fekke coonob boroom. (6,19,20)
Mbaxanay du fekki deewu boroomam. (4)
Mbaxana du fekke ayu boroomam. (13)
1788. Mbaxana moo teg sa bopp jekku ca, bul ko teg ci boppu keneen. (15)
Mbaxana moo natt ci sa bopp, jekku ca, bu ko natt ci sa boppu nawle. (4,6,13)
1789. Mbëggeel yax bu rëy toju ko. (19)
1790. Mbëggeel gu mat sëkk, wéet gu mat sëkk, ngor gu mat sëkk du fa nekk. (9)
1791. Mbejum kanam, boroom a koy fajal boppam. (7,14)
Pesum gémmiñ, boroom a koy fajal boppam. (2)
Pesum kaabaab boroom a koy fajal boppam. (9)
1792. Mbër a may dékk, mag a may daan. (6)
1793. Mbër ca ka la jàggi ruur. (11,12)
1794. Mbër danu koy donn waaye nguur danu koy jënd. (9)
1795. Mbër : doole doolee mën dëgg, waaye dëgg ay mujj. (7)
1796. Mbër du lëlu, day màgg daan. (19)
1797. Mbër mu mag moo gis, ci mbappat lees ko jële. (7)
1798. Mbër mu nëbbu bu yàggee feeñ. (20)
1799. Mbëtt ñaaw, saf ñeex. (2)
1800. Mbey bey a koy jeexal. (18)
1801. Mbiijum taat saful suuf. (2)
1802. Mbindaan du jaam, (daan sa doole la). (2)
1803. Mbojj, boo bëggee xam ni saw jal di tollu, dangay fekke mbees ma. (7)
1804. Mbokk : dox ak wax la, suñu ko noppee dox, noppi koo wax, dara desatu ca. (2)
1805. Mbon moo di li nekk ci sa xol, nga di ko nëbb. (7)
1806. Mbonaat ñawkat la woon. (9)

1807. Mbooloo mooy doole. (11,12,20)
Mboolooy indi doole. (2)
1808. Mboteey doon kuuy (14)
1809. Mbott yiy tëb nawet yépp, ku leen tàccu, sa tool booy. (7)
Li mbott di tëb nawet, lépp, ku ko tàccu, sa baxaw booy. (2)
1810. Mbubb mi nga dul sol, bu ko solal sa nawle. (7)
1811. Mburu, su amoon gàllaaj takkal ko boppam. (2)
Mburu su amoon gàllaaj gu muy digle suy dem ci taal ba takk ko. (14)
1812. Mbuus deful lu gën pepp. (14)
1813. Mbuusum gone munul sol yaxi mag. (9)
1814. Mécce, mu ca bënn am njariñ. (2)
1815. Meew mu wayul tuuru na. (2,11,12,19)
1816. Meex-sedd, rey. (2)
1817. Mel né ba Ngóor jaaye mbaam ma te ne nopp ya duñ(u) ca bokk. (2)
1818. Mel né tuq su bënn te saañ ba réer, (te mu defoon lu neex). (2)
Tuq su bënn, saañ ba réer. (7)
1819. Melax gaaw na, waaye yóbbuwul wërsëgu kàkkatar. (18,19)
Melax a gëna gaaw, waaye du yóbbu wërsëgu kàkkatar. (7)
Gaaw taxul yelaana dunde wërsëgu kàkkatar. (2)
1820. Mëna dugg màndiŋ amub yóbbal a ko gën. (19)
1821. Mën gan : ci la ko neex. (2)
1822. Mën ko, defoo ko, tëlee ko gën. (2,3,5)
1823. Mën na maa lugg tabandoor. (2)
1824. Mëna gàntu nib sonjaan. (2)
1825. Mëna làyyi taxul nga bëgg sa kenn di tooñ. (2)
1826. Mënaatoo yàqoon gëti golo. (2)
1827. Mëneesu laa tàgg ba tawtewoo ! (2)
1828. Menn picc mënula yàq ndiiraan. (2,3,5,6)
Menn picc, bu beddiku, yàqul ndiiraan. (9)
Menn picc mënula yàq am ndaje. (14)
Menn picc yàqul um ndaje. (19)
1829. “Mënuma ko”, dëgg la, waaye “mëneesu ko”, leneen lay niru. (2)
1830. Mënuñu am dara tey sonnuñu ca. (4)
1831. Mer mu bari ñàkk la, ku am beg. (9)

1832. Mer, noonub boroom la. (19)
1833. Mere buur, jege xol baa ko gën. (2)
1834. Mere màndiŋ, mëna waaxoo ko gën. (17,18)
Mere màndiŋ, dox bu gaaw a ko gën. (4)
1835. Merum ginaar lu muy wàññi tusuñe ? (2,3,5,6)
Merum ginaar saful tusuñe. (7,17)
Merum golo saful boroom tool. (2,3,5)
Merum janax saful muus. (14)
1836. Merum golo saful boroom tool. (2,3,5)
Congol golo lu mu bugal boroom tool ? (13)
1837. Merum janax saful muus. (14)
1838. Merum muus, wokki sàkket, rekk. (2)
1839. Metitu xol su nekkoon ci tànk ñu soox ko. (4)
1840. Miin day tax nga yab loo warula yab. (7,20)
1841. Miineef laago la, suy ñëw du tàggu boroom. (19)
1842. Mo, ku sa biir xottiku, looy doye dugub ? (2)
1843. Momar ay Mëló, Ndiix ay Ndaax, Sàmbaay Bàcc. (2)
1844. Moo juddu ciy géléem nàmp ciy mbaam. (2,15,19)
1845. Mooy buur, mooy bummi. (7)
1846. Mpeccu sagóor loo ca gaawantu kon a wàlli, na nga yobbu gub. (13)
Mpeccu sagóor lu nga ca gaawantu koon yobbul gub. (4)
1847. Mujjug mbaam i tan. (19)
1848. Munu malaa wutal dàll war-waraan nga. (9)
1849. Muñ a gën, yàgg bàyyiwul dara. (13)
Muñ a gën. (4)
1850. Muus, boppam la nekkal Gànnaar. (19)
1851. Muus mu ne moo xam na muy toje boppu janaxam. (7,14)
Muus mu nekk ak sa tojinu boppu janax. (2)
Muus mu nekk xam na nu muy toje boppu janaxam. (9)
1852. Muus na ba di wowali garab. (13)
1853. Na góor aay biir, wànde bu mu aay làmmiñ. (4,13)
1854. Na ku ne bay wallam ci waar wi. (14)
1855. Na ku ne beyali baayam ! (2)
1856. Na nga bëgg sa waay mel ko, sa waayi moroom a koy mel. (9)

1857. Na nga fexe ba ku Tabaski jox la pooj, foo Tamxarite, jox ko këllu cere. (19)
1858. Na ñu bàyyi wànneen ba xam nu muy mujjeek i gëtam. (2)
1859. Na sànqaleñ topp ña diwoo suukar. (9)
1860. Naa, ku bàyyi xët mu nàcc ! (2)
1861. Naaga mën naa juddoo ci wanag, waaye du fa màgge. (2)
1862. Naaj wi dina saxloo lu nekk. (13)
1863. Naan du dul faj mar, loo ca mos mu doy. (7)
1864. Naanu rafetal soow mi nu dugge ko ja ba. (9)
1865. Naar ba fa Gànnaar boppam la fa nekkal. (9)
1866. Naar bu ndaw, lu mu wax, ca berkelle ba la ko dégge. (6,8)
1867. Naar, maam ja maam ja, Gànnaar. (14)
1868. Naaru-góor, bu déggoon i tëggoon mallu. (2)
1869. Naaw doy na, waaye koo jub mu dee amu ciw yoon. (2)
1870. Nag, balaa dee wéqu. (2)
1871. Nag, balaa jur ñoqi. (2)
1872. Nag bu suuree wara gërëm sàmm. (19)
1873. Nag, bu xeeboon béjjanam du ko xasanoo. (2)
1874. Nag wéq na doom ja, waaye bañu ko. (2,3,5,6,9,12,20)
1875. Nag wu màggat du yàq mboob. (9)
1876. Nag wu ñuul, ku ca am soow mu weex wara daw ba fattu. (9)
1877. Nagu naankat, dex a koy tiiñ. (2,12)
1878. Naka sagal, naka ndeer. (2)
1879. Nàkk sol mbaam taxu koo yenuy goroŋ. (19)
1880. Nàkk wéy na jiw. (13)
1881. Nàkkug doj koogu teeyloo koy naan. (19)
1882. Namm reytil weer. (6)
1883. Namm yàpp du ma taxa lekk war-waraan. (9)
1884. “Na nu def” joo gis, “na nu wax” a ko jëkk. (16)
    “Ayca nañ(u) ko def” joo gis, “ayca nañ(u) ko wax” a ko jiitu. (2)
    “Ayca nañ(u) ko def” joo gis, “ayca nañ(u) ko waxtaanee” wara jiitu. (2)
1885. Nanu dëkk doy nab dige. (19)
1886. Nawet boo dikk di taw i xal, bu ko ñeme. (4,13)
1887. Nawle, nit rekk ka ko sonnal. (20)

1888. Naxe, ku ca am mbubb, am ca tubéy, mbaxana të la ca. (2,15)
Kuy nax may mbubb, tubëy ja të la. (19)
1889. Ndaa, feesal mbaa nga toj ! (2)
1890. Ndab, bu taqee, doo ca mëna yakk. (7)
1891. Ndab ku ca mënuta sukk sukkin wu jekk, waru caa jéema lekk. (11,12)
1892. Ndànk-ndànk mooy jàpp golo cib ñaay. (2,3,5,6,8,13,14,19,20)
1893. Ndar, xëyul sotti. Tepp-tepp, a gën yuréet. (19)
Ndar xëyul xëy sotti. (2)
Ndar, xëyul sotti. (11,12)
1894. Ndawul ñetteelu mag, lamb lay bañ, waaye lamb na ba-noppi. (2)
1895. Ndax àddina, bu tukkee, añ day naaj ? (2)
1896. Ndëféenaay yóbbuwul nagi mbëtt. (19)
Ndëfeenaay yóbbuwul nagi bët. (12)
Dëféenu yóbbuwul nag i mbëtt. (2)
1897. Ndegam baaraamu dey moo aay, gëntee tëstën. (4)
1898. Ndegam naar bay jaay xorom laa gisul waxantu maak bay jaay laalo. (9)
1899. Ndegam ña ca wolu waa daanu ca teen ba, astamaak ña ca pind ba. (9)
Ndegam ña ca waluwaay ba ñoo daanu ca teen ba, rawatina ña ca pind ba. (2)
1900. Ndegam seq a jommi astamaak cuuj. (9)
1901. Ndegam tukkee tiis astemaak dee. (9)
1902. Ndëmm ndey, ngaana baay. (2)
1903. Ndey dàllu géléem la amul kuutlaay. (9)
1904. Ndey géléem, baay géléem, bu sëful i ngaax waar i mbokkam. (2)
1905. Ndey-ji-seex, njaaxaanaay lay tëdde. (2,3,6,7,9,11,12,19)
1906. Ndeyu maye dee na; ndeyu jënde rekk a des. (13)
1907. Ndigg toq moo gën taati neen ! (2)
1908. Ndimbal, na ca fekk loxol boroom. (6,7,9,10,11,12,14,15,16,20)
Ndimbal na ca fekk loxol boroom, (ba mu des lol liir mbaa lol néew). (2)
1909. Ndóbin, la ko suub, moo ko gëna ñuul. (20)
1910. Ndox du fàtte yoonam. (7)
1911. Ndox du gëlëm mukk. (7)
1912. Ndox du mbokk nde kon du togg jën. (2)
1913. Ndox du toxu. (9)

1914. Ndox, fa mu daan taa ba-tey, ku fa dem fekk fas tepp-tepp. (2)
    Fu ndox daan taa ku fa dem fekk fa tepp-tepp ya. (9)
    Fa ndox daan taa, ku dem fekk fa tepp-tepp. (7)
1915. Ndox mi taw ci joor gi ba mu sax ñax, taw na ci jànj bi, te taxu koo sax ñax. (2)
1916. Ndox mi taw ci banaana ba mu saf suukar, moo taw ci kaani ba mu wex kaani. (2)
1917. Ndox moo fekkewul ba muy taa, bul jiite xuusam. (6,15)
    Ndox moo fekkewul am taam, bu ko xuus. (2)
    Ndox moo fekkewul ba muy taa, sangu ca wóorul. (19)
1918. Ndox mu sedd, marul a ko dàq. (2)
1919. Ndoxum kese du forox. (2,3,5,6,20)
1920. Ndoxum linjaan tàngul waaye day rey màtt. (14)
1921. Ndull jeex, surga yooy. (6,13)
1922. Ndund du xëccóok ndee. (12)
1923. Ndung, bu juree ndung, ruus. (2)
1924. Ndur-nduri jab daaneelul ñey. (19)
1925. Né xàjj ne Maxujja Xàjj
    Gaanag Ndànd ga doon xool piisub perkaal
    Ba m(u) soppalikub mayluus. (2)
1926. Nebbon bi ci dënnu tuabéer, ba tax ko tëbëntu, mungi ci xàbban te mu ne tekk ak moom. (15)
1927. Nëbbul te ne gisuma kenn, waaye bul wax ne kenn gisu ma. (15)
1928. Néegi baadoolo yépp a niroo ba ca gayet ga. (9)
1929. Néegu mbon, ku nekk dana ca fanaan, wànte biddantee ca amul njariñ. (2)
1930. Néegu séy dafa xat. (14,19)
    Néegu sëy xat na.
1931. Néegub jargoñ la, du la fegalub sedd, du la fegalu tàngoor. (19)
1932. Néegub ngor, kenn terewu ko, ku ci duggul ci yow la. (7,10)
1933. Neenug neen, du rey bukki. (6,13)
1934. Néew, bu rombeey armeel, robam dootul neex. (2,3,6)
1935. Néew na a gëna na ñu ko bàyyi. (13,20)
1936. Néew na moo gën dara.

1937. Neex i tànk, bumu la yóbbu ci sàq moo beyul woon. (7)
Neex i tànk bumu la yóbbu ci sàq moo beyutoon. (19)
1938. Neex làmmiñ ci njaay, dem fu soree a ko gën. (4)
1939. Neex làmmiñ ci njaay, neex njég a gën. (13)
1940. Neex xel taxula mëna nettali sa géntu moroom. (18)
Neexum xel àggul ci nettali sa géntug moroom. (19)
Lu waay muus muus doo mëna nettali sa géntuk moroom. (20)
1941. Neexal ku la fasale, neexal ku la daan a ko gën. (4)
1942. Neexum ngont, xam fooy fanaanee ko gën. (7,17,19)
1943. Ség ba jaan dem, nga topp ca watit way dóor. (2,3,6)
Xaar ba jaan dem nga topp ca watit way dóor. (5)
Bàyyi nga jaan dóor watit wa. (15)
Bàyyi ba jaan wéy, nga topp ca watit wa di dóor. (7)
Bul bàyyi jaan ba mu dem, nga topp ca watit way dóor. (9)
Bul xaar ba jaan wéy ngay dóor ci watit wa. (14)
1944. Nekk ci sa donkaasigi. (9)
1945. Nelaw ay rakki dee. (19)
1946. Nelaw tax naa gëm dee. (6)
Gëm naa dee ndax i nelaw. (2)
1947. Nen boo xam ne balaa nga tëdd ne ko cateel ko nen a gën. (9)
1948. Nen du bëreek doj. (2,3,5,8,20)
Nen du wuréek u doj. (19)
Nen du wure ak doj. (7)
1949. Nettali, ci làmmiñu boroom la dàqe. (7)
1950. Nettali du màggat, yal nay lu baax. (7)
1951. Nettali sa géntug moroom, waane weesuwu ko. (7)
1952. Nettali sa njongal baay, “neex na” doy na ca. (2)
1953. Ngaaxi tukkal, kenn du ko perngal mboccor. (2,3,6)
1954. Ngan gu yàqu, gunge gu sori faju ko. (9)
Ngan gu yàqu, gunge defaru ko. (19)
1955. Nganug nàkk amul ub nettali. (19)
1956. Ngaram ngaram baayi ngaramoon na baa muy bëgg ngaram. (20)
1957. Ngasum ñàmbi ku ñu cay yoori goj, daa weesu reen ya. (11,12)
Ngasum puloox ku ca wuti ay goj booba weesu nga reen ya. (20)

1958. Ngawar ay daanu. (2)
1959. Ngeeroo-ngeer, ngeer a ngi ! Kañ ngay xam ngeer ? (2)
1960. Ngelaw la dugal xob ci pax, génnewu ko ca. (2,3,5,6,20)
1961. Ngéntél jasig bu ko mbëtt yëgee bar a ko wax. (9)
1962. Ngësëm wacce wu ma dama ñor tabbi. (20)
1963. Ngooxi mbott du tee gaynde naan cib déeg. (14)
1964. Ngor moo di lekk suurul, mu jóg. (1)
1965. Nguri wocc na ban. (19)
1966. Nguur kenn du ko ñadd. (2,7)
1967. Nguur, kenn du ko summiku cig ëkk. (2)
1968. Ni ñuy def saa njëkk kenn du ko def saa béjjén. (20)
1969. Niitu ba lakkle. (3,19)
    Kuy niitu ba lakkle. (2)
    Dafa doon niitu, faf lakkle. (7)
1970. Niru sa baay, niru jamanoo ko gën. (2)
1971. Nit a ngay jëggaani lu ni gàññ ca péeyam. (19)
1972. Nit ak jikkoom, pax rekk. (2)
1973. Nit ay juum. (2)
1974. Nit ay liggéey alal, waaye alal du liggéey nit. (2)
1975. Nit balaa xam li mu yoor mu ñàkk ko. (14)
1976. Nit bu ca jom jógee, dara desatu ca. (2,15)
1977. Nit dëgg, du fot ci ndab, fotati ca (11,12)
    Ndab, mag du ca fot, fotati ca. (2)
1978. Nit dina ànd ak moroomam, te du maasam. (4,13)
1979. Nit du dara. (2)
1980. Nit fukki mbubb la. (9)
1981. Nit kenn du ko bañ. (20)
1982. Nit ki, li muy gëne moroomam, buy sangu, du ko summi. (7)
    La nit di gëne moroom ma, buy sangu, du ko summi. (2)
1983. Nit koo gis, bu waxee, peese boppam. (7)
1984. Nit koo ne “doo dara”, mu mer. (2)
1985. Nit ku baax dey xam lu bari, wax lu néew. (15)
1986. Nit ku bon, jikko mat na moytu. (13)
1987. Nit ku dee te amul doom, raaf na. (13)

1988. Nit ku lu nga denc, mu def ca loxoom, doyula dëkkal. (4,13)
1989. Nit ku nekk a ngoo xasaw néew. (1,13)
Nit ku nekk, xasaw na néew. (13)
1990. Nit ku nekk ab tool la, lu ca waay ji, moom la cay góobé. (12)
1991. Nit ku nekk àddina war na bàyyi xel nawleem. (20)
1992. Nit ku nekk, juddoom a ko mag. (20)
1993. Nit ku nekk nu la neex nga mel. (20)
1994. Nit ku saay-saay a bañ ku ko gëdd. (13)
1995. Nit ku wóor te doon gor du bari bor. (20)
1996. Nit la mu jëf la du la mu wax. (15)
1997. Nit li ko gëna sori mooy àddina, li ko gëna jege mooy dee, li mu gëna bëgg mooy alal, li mu gëna ragal mooy dee. (9)
1998. Nit men naa xeteñ, waaye Yàllaay dàgg. (19)
1999. Nit mënul lekk lu gën li mu liggéey ci loxol boppam. (7)
2000. Nit moo gën tibbam. (9)
2001. Nit, nit ay garabam. (2,6,7,8,15,18,20)
2002. Nit, nit ña ! (2)
2003. Nit xam na demam, waaye xamul dikkam. (20)
Jaam xam na demam, waaye xamul delluseem. (2)
2004. Nit xam nga fooy yenoo waaye xamoo fooy yenneekoo. (9)
2005. Niti téyé, ku ñu dogal tubéy itam, ngemb laa nga ca wet ga di la xaar. (2)
2006. Njaay mu xajam lamb. (7)
2007. Njaayum póon ak làqarci. (2)
2008. Njalbéenug toroxte dey neex. (2,15)
2009. Njàng mu ne am na àllarba. (2,20)
2010. Njàng mu ne, ci baa lay tàmbalee. (2)
2011. Njariñ : loo fekke ! (2)
2012. Njatu, bu juree njatu, seŋŋ. (2)
2013. Njaw des naw xambin. (2,6,7,19)
2014. Njeexaataat, foo foreeb doom, delloo fa sab loxo. (2)
2015. Njekk-njekkal a yàqoon gëti golo. (12)
2016. Njëlbéen du dara, muj gu rafet rekka mata ñaan. (2)
Njëlbéen du dara, ag muj rekk a takku. (19)
2017. Njiit du ki jiitu, ki nu jiital la. (18)

2018. Njobba dem, Gànna wat ! (2)
2019. Njong li, na yem ci aat yi, te bàyyi baayi aat yi. (2)
2020. Njonkonaay, sampul kër. (2,19)
2021. Njort lu ñaaw dinay faral di wattu boroom. (18)
2022. Njula du yàgoo cim xel. (19)
2023. Njulli dafa xasaw néew bu ñorul
2024. Njullit moo di naan màndiwul, mu bàyyi. (1)
2025. Njuumte du ñàkk, yàgg caa bon. (7,10,20)
2026. Njuutaay guddagul, mbate géléem juutoo. (2)
2027. Nopp a mag boroom. (2,7)
2028. Nopp a xereñ. (9)
2029. Nopp amul kubéer. (2,7,19)
2030. Nopp bu doon jogé ci boroom tukki bu ñëwée boroom yokk mbaa waññi. (20)
2031. Noppal na baay Diba dee na guddi amul càngaay. (9)
2032. Noppaliku, noppee ci gën. (6)
Noppalu, noppee ko gën. (19)
2033. Noppi sëllu mag bejjenam. (13,20)
2034. Nox gaynde matula wooye sa baay. (2)
2035. Nu golo xam, na ko boote doomam. (2)
Nu golo xam, boote doomam. (19)
2036. Nu xeex tax ñu tàggoo booba ag bokk dafa doxul seen digganté (20)
2037. Nuni neen la. (20)
2038. Nxarit ba laa dëër nu takk ko ciw naaj. (19)
2039. Ña bokk lël, def ñu di ànd ba moos. (13)
2040. Ña daan ñaane njekk, jeexuñu ; ña daan maye njekka jeexe. (1)
2041. Ñaag bu réy ray na boroom waaye regg la ca jublu woon. (9)
2042. Ñaan gu daje ak amiin la. (6,8)
2043. Ñaan su nangoo sonal boroom. (14)
2044. Ñaar a di def aye ci àdduna : Njéemé ak Mbanik. (1)
2045. Ñaar a di yëf di jàmm ji àddina : ngor ak njullit. (8,13,20)
Ñaar di def jàmm ca àdduna : ngor ak njullit. (1)
2046. Ñaar a mën kenn, te ñett du bëre : lii, ku ñu sot nga xam ko. (2)

2047. Ñaar a ngi nii ñu xam :
- Ki xam, te xam ne xam na,
- Ki xam, te xamul ne xam na. (2,3,20)

2048. Ñaar a ngi nii ñu xamul :
- Ki xamul, te xam ne xamul,
- Ki xamul, te xamul ne xamul. (2,3,20)

2049. Ñaar ñu bokku yoon ay dëggantey tànk. (19)

2050. Ñaar ñu gudd-bakkan duñu mëna fóonante. (2,3,4,14)

2051. Ñaar xam nañ, ñett a xamul. (2)

2052. Ñaari bët a gën di gis as benn. (13)
Ñaari bët danañu gëna gis as benn. (4)

2053. Ñaari gët du yër butéel. (9)

2054. Ñaari loxo doŋŋ la, bu ci ne mooy raxas moroom ma. (7)

2055. Ñaari yëf duñu mëna ànd. (20)

2056. Ñaari yëkk yu mat xajuñu ci menn mbalka. (2,3,6)
Ñaari yëkk xajuñu ci menn mbalka. (5)
Ñaari kuuy xajuñu ci menn mbalka. (19)
Ñaari kuuy mënuñu bokk gaal. (7)

2057. Ñaaw a gëna gore rafet. (9)

2058. Ñaaw i gonee gën àbbi ko. (19)

2059. Ñaaw jikko, rafet jikkoo ko gën. (13)
Rafet jikko moo gën jikko ju bon. (4)

2060. Ñaaw ngemb, rafet bëre. (2,7)

2061. Ñaaw, ñàkk-faayda : Yàlla tegu ko kenn. (2)

2062. Ñag, bala ngay ruurle. (2,3,5,6)

2063. Ñag boo gis dafa wara gëna ñagas la muy ñag, mbaa du ko mëna ñag. (2)

2064. Ñag bu sore kaw, teewul am picc a ruur. (2)

2065. Ñag, dabas baax na ca lee-léeg. (19)

2066. Ñàkk kilifa baayam amul fulla (14)

2067. Ñàkk a xam, la mu waral bari na. (2,9,17)

2068. Ñàkk a yeewu amul, naajee yeewoo am. (19)

2069. Ñàkk buubu, ñàkk ceen ga, ñàkk xer ba ñu ko yeewoon. (2)

2070. Ñàkk dayul ni am. (2)

2071. Ñàkk kersa na deeg timis. (2)

2072. Ñàkk pexe, pexe la. (2,9,19)
2073. Ñamu lël, njulli bi ci la bokk. (19)
2074. Ñamu njulli selbe ba ca la bokk. (12)
2075. Ñaq du feeñ cib taw. (2,3,5,20)
2076. Ñaq jariñu, jëf jël. (2,20)
2077. Ñaq, tédd. (15,20)
    Ku ñaq, tédd.
2078. Ñaq yiy daw ci yaramu doomu Aadama yépp dañoo saf xorom, benn rekk a ci saf suukar, mooy biy daw ci sab jë. (10)
2079. Ñàq du jóge ci taat jëm ci loos. (9)
2080. Ñax gu wow dina lakk gu tooy (2,11,12,16)
    Ñax mu wow dina lakk gu tooy, waaye it mu tooy dina wallu bu wow. (9)
2081. Ñax mi ñu dogoon anga saxaat. (13)
2082. Ñebbe ji rax na cocc. (9)
2083. Ñeeti yaa seex jigul gamb. (14)
2084. Ñeex, bu ñ(u) ca dee bojjantey paaka, am na lu nekk ca biir. (2)
2085. Ñeme lu metti, dëkk fu sori. (2)
2086. Ñeme njatt, ragal xerandi. (2)
2087. Ñeme Yàlla, ragal alkaati. (2)
2088. Ñetti lonk, benn du ca fàq : lunku jigéen, lunku buurfari, lunku jinne. (13)
    Ñett ñu lunku duñu fàq : lunkum jigéen, lunkum buurfari, lunkum malaaka. (1)
2089. Ñettiku ca ba muy tooy, ndax bu wowee kadadaan. (19)
2090. Ñey mënul ci daqaar dara, xanaa gësëm-gësëm bàyyi. (4,13)
2091. Ñey wu dox njolloor moo lu njiinam sakku. (4)
2092. Ñey wu nëb xajul cig ron lal. (2,8,19)
2093. Ñi ci làng gee dàq a bëre ñi ci géew bi. (2)
2094. Ñi la teg ci ker gaa ngi ci naaj wi, ñi la teg ci naaj waa ngi ci ker gi. (2)
2095. Ñi mana kott amuñu mbaam. (6,19)
    Ka mëna kott amul mbaam. (2)
    Kottkat yi amuñu mbaam. (9)
2096. Ña waroona bind mu dee jàngu ñu. (9)
    Ñi warkoona bind mu dee jànguñu. (2)

2097. Ñiy gàmmu ak ñiy raas déem bokkuñu. (7)
2098. Ñoŋali neexul beykat, bu ko defee daa jekkul. (2)
2099. Ñoxar a neexa ñoqali. (2)
2100. Ñu bokk teen ñooy laxasooy goj. (2,3,5,6,12)
2101. Ñu ma doon wax baay, juruma leen. (4)
2102. Ñu may la lépp, nga jël lépp, dum xel. (7,10)
2103. Ñu yemul i lor, duñu mëqandoo sunguf. (2,3,4,6,13)
    Mëqandoo sunguf koo yemal i lor. (11,12,18)
2104. Ñuluge sëb, sóore sëb. (2)
2105. ŋëb mbott, ŋibbi mbott. (2)
2106. ŋóobi, matula jàngal nopp-si-jaboot. (2)
2107. Opp ju metti du taxa dee. (4,13)
    Opp ju metti bokkul ak dee. (13)
2108. Paaka bay rey nit mbokkam a koy tëgg. (9)
2109. Paaka bi lay rendi, sa waay a koy daas, jox la. (6)
    Paaka bi lay rey, say mbokk a koy daas. (7,20)
2110. Paaka laa, kenn du ma ko jëkk ci sama mbar. (20)
    Paaka, kenn du ko jiitu ci mbaram. (19)
    Kenn di jiitu jaasi ci mbaram. (7)
2111. Paaka lu mu yàgg-yàgg ci kuude, li muy yàgg ci luppub boroom a ko raw. (2)
    Lu paaka yàgg-yàgg ca kuude ga, yàgg ca poojub boroom lu ko raw. (19)
2112. Pàq bi ñu la xame, boo ko watee ñu ba la. (2,3)
    Pàq bi ñu la xame, boo ko watee ñu bàyyi la. (6)
2113. Pas-pas ba Yàlla fas, kenn mënu ko fecci. (13)
2114. Pataas bu ñor, ku mu damm sa bëñ, fekkoon na koy kalaj-kalaji. (19)
2115. Patt ba mu yàqee la defaratul dara. (9)
2116. Peccum liir bu neexee, ndey jaa jàpp ca wagg ya. (9,11,12)
    Peccum liir bu neexee, ndey jaa téyé ca wagg ya di yëngal. (2)
    Peccum liir, bu neexee, ndeyam a téye ca tank ya. (6)
    Su peccum liir neexee, ndey jaa téye ca wagg ya. (7)
2117. Pem-pem, mooy taseek pelam. (11,12)
2118. Pëndub tànk a gën pënduw taat. (2,6,8)
    Tànk yu pënd a gën taat yu pënd. (14)

2119. Pepp a wax, waaye sëb a gajaf. (2)
2120. Pepp a wax, waaye, soq a gajaf. (2)
2121. Petax am rab la. (4,13)
2122. Petax mu nekk ci taal, nirowul sabin ak ma ca kaw garab. (4)
2123. Petax nampatale bët. (9)
2124. Pexe bu naree fande, reere boroom. (19)
2125. Pexe du jeex. (2)
2126. Picc a moom boppam, garab gu ko neex lay dal. (8,19)
2127. Picc a nga ca kow, waaye xel maa nga ca suuf. (2,7,8,9,14,19)
2128. Picc a nga ca béntéñe ga, waaye xelam a nga ca dugub ja. (6,13)
2129. Picc beyul, bëgga mboolu. (19)
2130. Picc, la muy wax ci banqaasu garab, du ko wax ci loxol gone. (2,3,6,8)
2131. Picc mu lakk taat a fi gëna bëgg moroom. (6)
    Picc mu lakk bopp a gëna bëgg moroom. (2)
2132. Picc mu masula naaw, su naawee firim réew. (2,3,5)
    Picc mu mësula naaw, bu wëree am réew, tas ko. (6)
2133. Picc muy naaw di reg, bu dalee matula wax. (2)
2134. Picc, picc : ndóbin,
    ramatu da cay naawandoo rekk,
    waaye, picc, picc : ndóbin. (2,9,19)
2135. Picc xeebul mbey. (2,19)
2136. Picc yi njàmbal rax na ci. (9)
2137. Piccum soowkat, balu polom a aay ca gémmiñ ga. (2)
2138. Ponkal mu la timis may, fajar a la koy xañ. (2)
2139. Pont day dugge, te kenn du ko dugg. (2)
2140. Póotum pël, bu wowee laab. (2)
2141. Powum jaar ca buntu pax ma. (2)
2142. Powum xaalis du yàgg. (7,14)
2143. Puju néeg dana xeex ak taw, te boroom néeg yégul ko. (13)
    Puju néeg dana xeex ak taw, tey seelu yegul. (4)
2144. Purux du gërëm ñamu daaw. (2,6,7,12,14,19,20)
2145. Puubi njugub ci boppam la rot. (13).
2146. Puukarey àddina ku ko yendoo, torox ngay fanaane. (2)
2147. Raagalkati ràmmkat yomb na ràmm. (13)

2148. Raam gën na sakkam ndox. (9)
2149. Raay gaynde, dee fa yomb na (11,12)
    Raay gaynde dee fa, ku nekk mën na ko. (19)
2150. Ràcc baax na ci laax bu tàng. (11,12)
2151. Rafet kanam, rafet jikkoo ko gën. (9)
    Jikko gëna taar. (20)
2152. Rafet perantal, jarula ñeewe sa moroomum jeeg, bu doom ya màggee, àtte. (19)
2153. Ragal, boo takkee gët ya, xel may gis. (19)
2154. Ragal du jam guy. (19)
2155. Ragal naa ñaar yépp, ba mu des bay jaay xorom ! (2)
2156. Ragal, yab Yàlla la. (2)
2157. Ràmm taxul nga di ràmmkat. (13)
2158. Raxas boppu golo, yàq saabu la. (20)
2159. Raxasit, am ndox la woon, loxo yaa ca bari, moo tax ñu tuur ko. (2)
    Raxasit, ndox la woon. (9,11,12,18)
    Raxasit ndox la woon, yoxo yaa ca bari. (19)
2160. Rëbb, ca coow la. (2,19)
2161. Rëbb fa ñey wa dee, ku fa yendu añ, ku fa fanaan reer. (19)
2162. Reer ci goloo gën fande. (11,12)
2163. Reer tëdd mooy wallu reer doxi. (9)
    Reer tëdd mooy wallu reer jog. (14)
2164. Réeroo amul, ñàkka waxtaan a am. (6,8,19,20)
    Mbañ amul, ñàkk waxtaan a am (15)
    Ñàkka juboo amul, ñàkk waxtaan a am. (2)
    Ñàkka déggoo amul, ñàkk waxtaan a am. (7)
2165. Reew làmmiñ gàtt gànnaay. (1,15)
    Reew làmmiñ, te néew xeex.
2166. Reewaande ga du jariñ mukk. (13)
2167. Reewalal sa jabar ak sab jaam, te yar sa doom. (2,15)
2168. Regaju gumba yàq say gët la. (2)
2169. Rëkk rey na suññeel waaye loxo muñu ko. (12)
2170. Rendi bu ñaaw a gën médd. (2)
2171. Rey Naar yomb na, waaye xaar fa dëj baa jafe.

2172. Réy biir am lu nga lekk baax na ca. (4)
2173. Réy day sewloo nit. (19,20)
2174. Réy i nopp, mëna dégg a ko gën. (2)
2175. Réy jëf tuuti defin. (20)
2176. Réy nopp bu doon taxa dégg, kon mbaam yat du ko dal. (19)
2177. Riir mi ci géej, ngelaw lee ko waral. (2)
2178. Rombuw xur, di jaluw tund. (2)
2179. Roof-roppi du fékke ayu boroomam. (13)
2180. Rootaan jéggi nam ndox. (2)
2181. Rootum Pël amul nége. (2)
2182. Roy doxinu waay jéggiwul jàtti. (19)
2183. Roy du nurook piir. (2,6)
2184. Rumba tanewul Dégën. (2)
2185. Rus sa goro du tee nga tëdd ak sa jabar. (14)
2186. Sa bopp lay wax sa moroom. (15)
2187. “Sa gémmiñ xasaw na”, sa doomu-ndey a la koy wax. (2,8)
“Sa gémmiñ gi xasaw na”, sa mbokk a la koy wax. (19)
2188. “Sa jëkkër ju bon ji” moo gën “sa far wu baax wi”. (6)
2189. Sa ndogalu moroom, gént la. (13)
2190. Sa tëbtëbéenug baay, mooy damm sa ndigg. (20)
2191. Sa xaritu noon, sa noon la. (20)
2192. Saabu du fóot boppam. (2,3,5,7,8,13,18,20)
Saatu du wat boppam. (2,4,8,11,12,19)
2193. Saaga ku la man duw fit ñàkk jom la. (12)
2194. Saajo yàgg naak Jaar. (2)
2195. Saaku bu deful dara du taxaw. (18,19)
Saaku bu deful, du taxaw. (11,12)
2196. Saalit nga (20)
2197. Saan su baree, dal. (19)
2198. Saan wuy dem di dellusi, dayu béy doy na ca. (2)
Saan wuy dem di dellusi puubu béy doy na ca. (9)
2199. Saatu du wat boppam. (2,4,8,11,12,13,19)
2200. Saatu ku ko log yàbbi damm. (4)
Saatu ku ko log yàbbi dàmp. (13)

2201. Saay-saay ñemewul ku jub.
2202. Saay-saay waxul dëgg, waaye yàq nam xel. (7,12,19,20)
    Saay-saay waxul dëgg, waaye yàq na xol. (6)
    Seytaane waxul dëgg waaye yàq nay xalaat. (20)
2203. Sabaaru dugub du ñàkku rusit (14)
2204. Sàcc ak ki ko yebal, ñépp sàcc lañu. (20)
2205. Sàcc ba noppi, ànd ca xeñkat ya. (2)
2206. Sàcc bu dul raw jarula yàq i nelaw. (2)
    Sàcc bu dul raw mëtula yàq i nelaw. (14)
2207. Sàcc bu rawee, doon buur. (19)
2208. Sàcc xam na nu muy def ba sàcc, waaye xamul nu muy def ba raw. (2)
2209. Sàccum ndënd yomb na, waaye na nga xam foo koy tëgge. (2)
    Sàcc um ndënd yomb na, waaye foo koy tëgge moo jafe. (7)
    Sàcc um nand yomb na waaye foo koy tëggee jafe. (14)
    Sàcc ndënd yomb na, waaye foo koy tëgge ? (6)
2210. Safara, ndox a koy fey. (20)
2211. Sagar du ŋoor jombas. (2)
2212. Sagaru tubéy a gën taati neen. (2,8,19)
2213. Sagoy jigéen mooy wujj wu dee ci ngóobte. (20)
2214. Sakk dall, wacc kolloor. (2)
2215. Sàkk kolloor, wocc folloor. (19)
2216. Sakkantal du la taxa texe. (13)
2217. Sàkket, xer ba koy téyé da cay sës rëkk. (2)
    Xer bay tëyéw sàkket da cay sës. (12)
2218. Sàkketu boŋ-boŋ, xer ba ko téyé di suukar, kenn du ko dénk ab dongo. (2)
2219. Salaan gaaw naa jooy, waaye ku ko laalul du jooy. (19)
2220. Salaan jooyul wéet. (2)
2221. Sàll laajul tenqo
2222. Sama bopp a ma la gënal, du bañ naa la. (7)
    Kenn duma gënal sama bopp. (2)
2223. Sama jaan wàcc na. (2,9,20)
2224. Sama loxo jotul sama gannaaw. (2)
2225. Sama nijaay a boot njaboot gi. (20)
2226. Sama rakk te duma rëkk. (9)

2227. “Sama waa ja, sama waa ja”, ndam a nga ca, gàccee nga ca. (19)
“Saa waa ji, saa waa ji”, ndam a nga ca, gàccee nga ca. (2)
2228. Sama xef yaa ngiy nobante. (2)
2229. Samba bañ bootaay bay ràkkam. (9)
2230. Sàmba baaxati, kon sàntali yóolóor. (9)
2231. Sàmba-say a mënu gan, saa-jëkk a mën saa-naar. (2)
2232. Sàmm a xam li mu waliis. (20)
2233. Sàmm bañ na neex baaraam. (4)
2234. Sàmm bañula xam dafa fekkewul. (9)
2235. Sàmm bu baax moo xam fa ñaxum noor di baree. (11,12)
2236. Sàmm sañ naa maye meew, wànte sañula maye aw sëllu. (2,3,4,5,6,13)
2237. Sàmmkatu mbott moo xam ba cay soox. (9,11,12,14,19)
Sàmmkatu mbott a xam ba cay soox, wànde ba cay soox a xam la koy metti. (2)
2238. Sanqaleñ bu booloo wat weer. (7,19)
2239. Sanqaleñ yu bari men nañoo watat janax ju dee. (18)
2240. Sant dëkkul fenn. (2,3,20)
2241. Sàqami nga samab lanc. (2,3,6,7)
2242. Saraxatul gumba doy na koy duma. (2)
2243. Saw mënul raxas sobe. (9)
2244. Sawaan, sëppaan, tëraan, ku ko sàlloo, doo baax doo am jom, doo tekki. (9)
2245. Sawoor bëgg na dugub waaye du bey. (6,13,20)
Sagóor bëgg na dugub, wandey du bey. (4)
2246. Sawoor mënta rey jaan, wante man na kaa reeteet ba ku ka man rey fekk ka fa. (20)
Picc mënul ci jaan dara waaye dina ko reeteet ba ñu gis ko. (9)
2247. Sawta sëgg na, waaye du kersaam. (2)
2248. Saxaar, safaraa ko yabal. (2)
2249. Saxaar xamul jàmmi réew. (9)
2250. Saxaarus laax yáqul gëti mage yàgg na koo suuroo. (2)
2251. Saxadi, lekkadi, wéradi, tool bu mu am dugub du ca am. (4,13)
2252. Sëb ak dugub ca àll ca lañu ànde woon doora daje ci cin li, ba ci ndab ci, nit ka fii la ñu fekk. (7)

2253. Sëb, la ko bënn a nga ca biir. (11,12,19)
    Sëb la, la ko bënn a nga ca biir. (2)
    Sëb, li ko mbët a ngi ci biir. (9)
2254. Sëb ñi am naw kojj. (2)
2255. Sébb buy tàkk, deesu ca ji. (11)
    Sébb buy tàkk kenn du ci def jiwu. (9)
    Sébbu buy saxar deesu ca suulu jiwu. (12)
    Sébb du tàkk, ngay ji. (7)
2256. Sébbu bu taa tàkk wet gu ne la nu koy taale. (12)
2257. Sebetum dërëm amul ndéx-ndéxóor. (2)
2258. Séddale, ca kuddu yu jëkk ya. (19)
2259. Seedes mbey dàgga. (2,9,12)
2260. Séentu asamaan jarul buuxaane té. (20)
2261. Seet seet du tere boroom alal jél alalam. (20)
2262. Seetaan a dàq cim ndaje. (2,19)
2263. Seexoo, féexoo, Yàlla tegu ko kenn. (2)
2264. Sëf géléem, sëf jaam a ko gën. (9)
2265. Sëfub géléem, mbaam àttanu ko. (2)
2266. Sëgu bu doon tee tooy taatu garab du sax ñax. (20)
2267. Sëlamlée ngi tàq ci loxo. (9)
2268. Sëll soo lokki, mu fekki ndeyam. (9)
2269. Senuss lam du kandang. (14)
2270. Sëpp-jaleñ du dindi xuuxaan. (2,4,13)
2271. Sëpp sayu xat bët sébbi. (9)
2272. Sëpp-jaleñ du la fasale ak say teeñ. (4,6,13)
2273. Sëqat du tàggook baat. (2)
2274. Sëriñ ba niwoon mën naa «nodd» tisbaar jot na. (9)
2275. Sëriñ du sàcc, dafa randal, ba ñu fàtte, mu jël. (13)
2276. Séyi, seeti lu tane sa kër baay la. (2)
2277. Si gitax lanuy jàpp ba amu yat. (14)
2278. Siis, ji rafetu ndugg a ko gën. (4)
2279. Siiw, du jàmmi boroom. (5)
2280. Sikket amul bàjjen. (12)

2281. Sikkét ba ca Jàjj ak jagal ba ca Njaañ,
Réex, ma né jédd fii ba ca kolobaan. (2)
2282. Sikkim buy wuyuji reer, te du yóbbu reer, booba rus na. (2)
2283. Sikkim la, geestoo ko yóbbaale. (2,19,20)
Fu sikkim jëm, séen ko fa yóbbu. (4)
2284. Sindax, ndaa lañu koy ruse. (18)
2285. Singili aram bàkka, dégg bañ gis nangu. (9)
2286. Siti aayul, topp maa aay. (2)
2287. Sob na, benn sëb ci cin. (2)
2288. Soccooy jiituy ree. (2)
2289. Soo bëgg loo lekk nawet na nga di sakkantal ci noor. (13)
2290. Soo dee jéem ŋampat jalam mbool nga amul. (4,13)
2291. Soo deetee dox ba ëkk fël la, danga koy gor. (6)
2292. Soo demee dëkk, fekk ñépp di fecce benn tànk, defal na ñoom. (20)
2293. Soo éggul fekki golo gi, golo gi wàcc fekksi la. (20)
2294. Soo jiwul, doo góob. (20)
2295. Soo xamoon li lay yoot, nga bàyyi li ngay yoot te daw. (3,5,6,15,20)
Ku xamoon li lay yoot, nga bàyyi li ngay yoot te daw. (2,19)
Ku xamoon li lay dàq, nga bàyyi li ngay dàq. (20)
2296. Soow, lu ñuul bokku ca. (2)
Soow, la cay ñuul bokku ca. (19)
2297. Soow um pël kum taxa tuur sam soow loonku nga. (14)
2298. Sopp buur aayul, wànte buur sopp laa ko gën. (4,6)
Sopp buur aayul, wànte buur bu la sopp a ko gën. (13)
2299. Sopp, daganal. (6)
2300. Soppee gën taati neen. (2)
2301. Soppi du wees. (14)
2302. Soppiw doxin jàllulum tan. (19)
2303. Soq a gajaf, waaye pepp a ngi ci yéer. (2)
2304. Soq a sàkkan, waaye pepp a wax. (9)
2305. Sori kaw a tax jaxaay di saw bukki. (2,3)
Sori kaw moo tax jaxaay di puup bukki. (20)
Sori kaw a tax jaxaay di xarab bukki. (19)
Su jaxaay sawee bukki, sore kaw a tax. (6)

2306. Sori Sañaxóor taxul ron doon ŋgeer. (3)
    Sori Sañaxóor taxul ron a doon geer. (2)
    Ron, sori Sañaxóor du ko taxa yem ak geer. (19)
    Ron, sori Sañaxóor du ko tee di ron. (12)
2307. Sorim réew bu m(u) la taxa fen. (2)
2308. “Sotti ceek def ci”, dara du ci moy ndab il. (2)
2309. Soxla ku ca dul faj dara, léegi dootoo ko yëg. (19)
2310. Soxmaat day yab ndox ma mu dëkkal. (2)
2311. Soxor soxor benn la. (13)
2312. Su àndub ñaar yàggee, kenn a muñ (6,15)
2313. Su bët sébbee, mbott yendoo ngoox; su daay tàkkee, bàqaar yendoo naaw. (2)
2314. Su biddéew doon mburu, bare ñu fanaan biti. (2,4,8,13)
2315. Su buntu néeg doon gobar kenn du génn. (13)
    Su buntu néeg amoon i gobar kenn du génn. (4)
2316. “Su doon man”, dee yàq mbooloo. (18)
2317. Su dul kon baaraamu ndey, loxo di kuddu. (13)
    Su dul koon baaraam loxo di kuddu. (4)
2318. Su eer naawee, mbott du fande. (4,13)
2319. Su faayda doon jaay, dina lamb. (19)
2320. Su gan ŋàbboo, dëkk a ko ca bàyyi. (6)
2321. Su janax dee sóoru muus, ñag baa fa jege. (2,3,6,20)
    Bu janax dee ŋéléju muus, pax maa fa jóge. (9)
    Fu janax yabe muus, pax a jege. (6)
    Fu janax yabe wundu, kan a fa jége. (4)
    Fu janax yabe muus, pax a fa jege. (6)
2322. Su kaw neexoon golo du wàcc suuf. (2,9,14)
2323. Su kumpa deñee, yebeel dugg. (19)
2324. Su la nag dee dàq nga tëdd. (4)
2325. Su la sa baay mayee ñax la, su la sa yaay mayee ñax la, waaye loo liggéey yaa ko moom. (2)
2326. Su lëf defulee dëgg, bul ko waat. (13)
2327. Su liggéey mettee, setal mpey ma. (13)
2328. Su loxo yàggee ci pax jàmm la fa fekk. (20)

2329. Su ma xëccoo suuf, doore fa ma nekk. (4)
2330. Su may dee, ci àll, gayndee may rey ! (2,3,5,6,20)
Kuy dee ci àll na la gaynde rey. (14)
2331. “Suma yëgoon” a nga naley dem ! (2)
2332. Su mbaam duufee, neex i tan. (2,6,8,12,13)
2333. Su mbàttu ndaa jëkkoon ca sàq, jeextil. (4,13)
2334. Su mbaxana doon naan yuur, kenn du ko sol. (2,3,4,5,6,13)
Su mbaxana doon naan yuur, koo gis mu xeeru. (13)
2335. Su mbote bootoo ci gaynde tey ree, ñàkk ku ko yedd a tax. (7,10)
2336. Su Mbul bañee, Làmbaay nangu. (2,3,5,6,11,12,19)
Su buur bañee lambaay nangu. (14)
2337. Su nag duggee saxaar ruuram jeex na fa mu jóge. (14)
2338. Su nga amee fas, war ko. (4)
2339. Su nga duggee ci néeg yuux, génn yuux, doo xam ñaata laat a ca nekk. (4,13)
2340. Su nga fekkee ñu di xuloo, su nga ca faree, waxete dëgg ga. (4)
2341. Su nga njëloo, lay laal la. (4)
2342. Su nit gisee asamaan di dëng, mu jajjanti ko. (13)
2343. Su nopp doon ràcc laax, ñu woo mbaam-sëf. (4,6,13)
2344. “Sunu”, soo dàqee mu daw. (2)
2345. Su ñu la dóoree ca bérab, beneen yoon doo fa dem. (13)
Su ñu la ittee ci bérab, beneen yoon doo fa dem. (4)
2346. Su ñu la séddee ci gaalu xaj itam, nanga fexe ba bu ca lekk. (2)
Mën nañu la yekkal ci gaalu xaj, waaye bu ca lekk. (6)
Su ñu la yakkalee ci gaalu xaj, fexeel ba bu ca lekk. (6)
Ku la sédd ci gaalu xaj, bu mu fekk nga cay lekk (18)
2347. Su ñu nee : “na xob yépp yëngu”, paftan taxul ñuy wax. (2)
2348. Su picc geddee ab déeg, dafa ñal ag suux. (2,6)
Picc su bañeeb déeg, ñal naw suux. (19)
Picc su bañee dex, suux la ñal. (4,13)
2349. Su sàngoo dër, na wottu jége safara. (4,13)
2350. Su sippu ŋàbboo gëntee paat. (4,13)

2351. Su tan gore woon, bu ñuy gubal mbaam, mu ëpp caw say. (2,3,6,14,17,19)
Tan dafa gàtt xel nde kon bunuy gubal mbaam mu ëpp caw say. (9)
Bu tan gore woon, bu nuy gubali mbaam kenn du ko ca jiitu. (12)
2352. Su xam doon jiitu, réccu du am. (20)
2353. Su yàpp yépp meloon ni res, paaka du ca am yoon. (9,19)
Su yàpp yépp meloon na res, sémmiñ du ca am yoon. (2)
2354. Sug ngone doon dëkk, maam yaa ngi raam. (19)
2355. Sukk du tee yóbbu say wóom. (2,6,8,9,11,12,18,19,20)
2356. Suma i bët dañoo rembat. (13)
2357. Sumbal loo mëna fóot ! (2)
2358. Sunuy sikkim lakkandoo nañu. (13)
2359. Surga yakkal moroom ma. (2)
Surga yàkkal morooman. (9)
2360. Suuf, bu sutantee, dañu koo jal. (2,19)
Suuf bu sutantee, dees koo jal. (11,12)
2361. Suuf moo di buuri lal. (4,13)
2362. Suuf, suuf, suuf rekk. (2)
2363. Suul ker du ko teree soor. (4,6,13)
Suul ker du ko teree feeñ. (9,20)
2364. Suuna nangu na suus na waaye nanguwul sust na. (12)
2365. Suusalab kaani, la ko tay mëqu ko. (2)
2366. Suusalub kaani siim mu saf naaka siim mu saf. (14)
2367. Suuxlu mbër, làng ak moom a ko gën, muy bëre di daan ngay ree. (20)
2368. Taal bu Yàlla taal, sànni cag matt a gën fey ko. (6,11,12,19)
Taal bi Yàlla taal, sànni ci matt moo gën di ko jéem fey. (7)
Taal bu Yàlla taal, sànni cag matt a gëna jéem koo fey. (2)
2369. Taar tigi ci jikko lay ne. (7)
2370. Taaru, tabee ko gën. (2)
2371. Taarub kanam taarub xol a ko gën. (14)
2372. Taataan fa daan taa. (2)
2373. Taawub baay, baay la fu baay nekkul. (6,15)
2374. Tabaski du bés bu nekk. (18)
2375. Tàbbi ca teen matula jéemantu ; soo weesoo dëgmal bi léegi nga dem. (6,13)
2376. Tàgg, lu ca jóge naaw, mbaa doo boroom. (2)

2377. Tàgge boo gis, am na jàppal diw. (11,12)
2378. Taluma ndajem ndetteelu xott laa woddoo. (9)
2379. Tama ñaari boor. (2)
2380. Tàmm, laago la. (2,7,20)
2381. Tan fiiru jant fenk. (9)
2382. Tànk, bu jàddee yoon, dég jam ko. (7)
2383. Tànk bu toogul dëgg day. (6)
    Tànk bu toogul dëgg dara. (2)
    Tànk bu toogul rébbi lu bon. (9)
2384. Tànk ci suuf, jaan ci suuf, fu ñu jaar daje. (2,3,6,20)
2385. Tànk du tàmm gudd, gàtt. (19)
2386. Tànk na barngalu maabo. (9)
2387. Tànnkatu dàll boo gis, ci ñoxetu lay mujj. (2)
2388. Tarxiis bu dammee baatub mbonaat boroom géléem war naa jaari ca joor ga. (20)
    Tarxiis su dammee loosu mbonaat, ku yor géléem, war ngaa yësal. (19)
    Fu mbott tarxiise ba damm, bu fa géléem jaaree wara def ndànk. (6)
    Fu mbott tarxiise ba damm, géléem war na fa teggi. (2)
2389. Tawub daaw ba mooy bu ren bi. (19)
2390. Tàyyeel tayul dara. (2)
2391. Teb ceppu. (9)
2392. Tëddal, mëtula digal néew. (6)
    Tëddal doyul digal néew. (4,13)
2393. Teddul màggat di reju. (13)
2394. Téeñ baa ngoog, yen ba ñëwagul. (2,9)
2395. Téere, digle cangaay, te du sangu. (2)
2396. Téf-téflu taxula naaw. (2)
2397. Teg sa takkandeer ci ndox taxul nga tooy. (6)
2398. Tëggal ndànk deru lëg nga foore. (9)
2399. Tepp-tepp ay yóbbu cim xuus. (11,12)
    Tepp-tepp ay indim xuus. (2)
    Tepp-teppal mooy indi xuus. (20)
2400. Teraanga du tuut. (19)
2401. Teraanga mën naa gor guy te fekk du dooleem. (19)

2402. Teraanga neexal na Yàlla. (13)
2403. Teraangay góor a ngi ci ténqu loxol jigéen. (7)
2404. Tëraay sosul kër. (14)
2405. Tëradi àggul njaniiw. (2,4,6,13)
2406. Tere, tere, mu të, bàyyil mu gis. (2,6,7,14,15)
2407. Tey yaw ëllëg sa moroom. (9,20)
2408. Tey yoggoorlu, ëllëg neex deret. (13)
2409. Tib bay ub làmb, kenn du ko sàqamee cib géew. (2)
    Lanc buy ub làmb, kenn du ko sàqamee cib géew. (19)
2410. Tib bu rëy rey na boroom, te dund la ca (boroom) bëggoon. (2,7)
2411. Tilim dina dem fu saabu mënula dem. (2,3,6,15,20)
2412. Till a la gëna xam Xaali Majëmb. (2)
2413. Tinki mbaam, ña ko tënkoon. (19)
2414. Tojali doom du xeeñ yaay ja. (2)
2415. Tombe mooy indi aay gaaf. (6)
    Tombee waral aay gaaf. (2,7)
2416. Toŋ-toŋ, la nga teggee ca der ba, rekk. (2)
2417. Toŋ-toŋi naat, saa yu wëreem réew, dunq yaa tax. (2,3,5,19)
    Toŋ-toŋu naat bu wëree am réew, dunq yaa tax. (6,9)
2418. Tontu du forox. (14)
    Tont du forox. (7)
2419. Tooba bu dee menn, nga toog fa, gàddu saw yet, fa la ko cullet may bàyyi. (2)
2420. Tooba, saxal mbaa ma sulli ! (2,9)
2421. Toog ci naaj, ba ker fekk la fa. (2)
2422. Toog di jàmbat te defoo dara du maye dara. (7)
2423. Toogaay, ndaa rekk la jig. (2)
2424. Tool bu fi ñay ruuj, gëléem su koy ji, seet lay mana wey. (15)
2425. Toolu golo du meññ. (2,3,5,6)
    Toolu golo du ñor.
2426. Tooñ du gàllaj. (6)
2427. Tóor-tóori garab gi yépp duñu def ay doom. (4,6,13)
2428. Toppandoo, sag maas. (9)
2429. Toppe ku mu tere doon kilifa boo toppewul woon itam doo doon kilifa. (9)

2430. Toxal dëkk a gëna yomb toxal jikko. (9)
2431. Tubaab ba ca géej xajam ak wundam. (9)
2432. Tubaab Jaxate : dàll saŋ kawas ! (2)
2433. Tubay i paate kepp ci bolle. (9)
2434. Tubéy su amul géño, nu la neex takke ko. (2)
2435. Tuddub dëkk du ko taxa lakk. (2)
2436. Tugg du and ak togglu. (11,12)
2437. Tukkal séenati nay Naar,
Xel ma dellu na Gànnaar,
Léegi jàmmi boroom jeex. (2)
2438. Tukki yokkul wërsëg, ña ko lekk a ko fa nekkul. (19)
2439. Tunguni du teew, ñu di ko nataal. (2,20)
2440. Tuñum géléem lang na, waaye rotul. (2,3,5,6,19)
2441. Tuurule barca, for barca jafe na. (2)
2442. Tuut ca teew, njëgubambey. (9)
2443. Tuut gi baay, naqari yaay. (9)
2444. Tuuti aayul, tuuti pexee aay. (14)
2445. Tuuti bet a gën toppal sa ndijoor. (11,12)
2446. Upp baax na ci laax bu tàng. (2,7,14)
2447. Waa jaa ngi, li sàcc di bañ. (17)
2448. Waajur du moroom. (12)
2449. “Waaw” du booy i lex. (2)
2450. Waay a rigay weer gejj, te xamul kuy weri. (2)
2451. Waayoo ku mat waay, te mu waayoo la. (7)
2452. Waayu kilifa, kilifa la. (6)
2453. Wacc sa wow, nekk ci wowu jàmbur. (2)
2454. Wàcc, daanoo ci gëna gaaw. (2,6,7,14,19)
2455. Waccal xal wu, nexeley magati ko. (4)
2456. Wàccal, ma fay la sa ngooñ. (9)
2457. “Wacc ma, ma wasin” talula njaaloo. (2)
2458. Waggi rammatu du wékk tama. (12)
2459. Wallu teen, ca pind ba rekk ngay yem. (7)
2460. Wann per a gën, diñé. (9)

2461. Wànnent ku mu bàyyi say bët nga bàyyiy bëtam. (19)
Wànnent ku mu bàyyi say get nga wara bàyyi yosam. (20)
2462. Waññ boo gis ci benn lay doore. (20)
Waññi ca benn lay doore.
Waññi bu nekk ci benn lay tàmbalee. (2,14)
Waññ boo gis ci benn lay tàmbalee. (7)
2463. Waññ yemul ci benn. (2)
2464. Wàññil sa gàllaaj, ñu jam la. (2,19)
2465. War fasu gattax ba am fasu weñ. (2,3)
Dawal fasu gattax ba am fasu weñ. (6)
2466. War loo, di jëwu nag. (2)
2467. Warugar, wenn waru ca, moroom ma tànku. (2)
2468. Wat a gën wef. (4,6)
2469. Wat gaal, ak yëgoo. (7,9,15,16,19)
2470. Watiis matula naw, la ko wat a mata naw. (2)
2471. Wax, ab xottiku la, kenn ku ne, yaa xam noo koy ñawe. (2,3,6,20)
2472. Wax daaneelul bëstul. (19)
2473. Wax ju bari, wax ju néew te wér a ko gën. (15)
2474. Wax ju jëkk, fasu par la, tontu la, naaru-góor. (6)
Wax : par la ; tontu : naaru-góor. (2)
2475. Wax ju neex sarax la. (18)
2476. Wax ju ñaaw dëkkul fa mu jëm, fa mu jóge la dëkk. (7)
Wax ju ñaaw dëkkul fa mu jëm, fa mu jóge la cosaanoo. (2)
2477. Wax ma sa ànd ma wax la sa jikko. (9)
Won ma sa xarit, ma wax la sa jikko. (8)
2478. Wax ma sa goro, ma wax la kuy sa doom. (6,15)
2479. “Waxoon naa koo” gën “xamoon naa ko”. (2,12)
Magum waxoon naa ko moo gën magum xamoon naa ko. (16)
Duma magum xamoon naa ko, wànte magum waxoon naa ko. (19)
2480. Wax sa jos. (2,9)
2481. Wax sa wax, waxu jàambur du wax. (2)
2482. Wax, soxu fetal la, su rëccee, dabu ko wees. (2,3,5,6)
2483. Wax, su guddee, ñaar a ko guddal. (6)

2484. Wax, toŋ-toŋ la, kenn ku ne am nga ca wàll. (2)
Wax, toŋ-toŋ la, ku ko fekke am nga ca wàll. (2)
2485. Wax yomb na, wànte def yombul. (13,20)
2486. Wax-waxee du def-defee. (19)
2487. Waxi dof, taaw baay gën caat ma. (11,12)
2488. Waxi mag “waaw” la sant. (2)
2489. Waxi mag dana guddee àll, waaye du ca fanaan. (2,3,5)
Waxi mag day guddee, waaye du fanaan àll. (6,8,12,14,16,19)
Baatu mag dafa guddee ca àll, waaye du ca fanaan. (13)
2490. Waxi mag doyula weddi. (4,13,20)
2491. Waxi mag, weddi, gis. (19)
2492. Waxi ndee bu taxawee, ndund yaa tax. (2,3)
Bu waxi ndee saxee ndund yaa. (12)
2493. Waxin la déggin la laaj. (20)
2494. Waxkat dina wax ba làmb taatam, ni bii du sama bos. (7)2
2495. Waxtaan amul ub ñag. (19)
2496. Waxtaan day neex boroom kër. (14)
2497. Waxtaan, ñam la, ku ko teewe ca nga. (2,3,6)
2498. Waxtaan, wax dëgg ca la. (7)
2499. Waxtaan woo gis diggante baay ak doom dafa war mel na taggtoo. (20)
2500. Waxu jëgg doyul ndërëklaay. (15)
2501. Weddi, boo gisee, gëm. (13,20)
Weddil, soo gisee gëmal. (4)
2502. Weddi, gis bokku ca. (2,6,7)
2503. Wéet bàmmeel doy na ca. (14)
2504. Wéet du tee gayndee xeex. (2)
2505. Wéet duma tee gore. (18)
2506. Weexu taat taxul ndongooy jàng. (2)
Weexali tubëy taxul ndongo dugg daara. (14)
Weexi óom taxul ndongay jàng. (9)
2507. Wëllooy féeté gémmiñug gaynde. (2,15)
2508. Wenn fepp du kandaŋ ci gënn. (2)
2509. Wenn feppu dugub du jar sëllu. (4)
2510. Wenn lay pàq la. (2)

2511. Wenn taat, mënula war géléem, war mbaam. (19)
2512. Wenn yattay sàmm gétt, waaye nit ña ku nekk ak sa yatt. (15)
2513. Weñ nga, fu tooy nga dal. (9)
Weñ, fu tooy mu dal. (2)
2514. Wéq dono la ci mbaam. (14)
2515. Wër gënn taxul dog a mokk. (19)
2516. Wëraleel, say cékk. (9)
2517. Werante xuuxaan, tekki tubéy. (2,6,14)
2518. Wërsëg dina jóge ci njoñ. (15,19)
2519. Wërsëg, soo dawee mu daagu. (2)
2520. Wërsëgu jaambur ku cay tukki war koo gërëm. (2)
2521. Wërsëgu jàmbur réerul boroom. (2)
2522. Wërsëgu jë, fomp du ko dindi. (4,13)
2523. Wësin mbaa dem tool. (2)
2524. Wewu gar dëgg na wu janaab. (12)
2525. Wéxu géléem du moy dem, moy dikk. (2)
2526. Wokkal ma, wokkal ma, taxul wokk a neex. (9)
Wokkal ma, wokkal ma du tax moo wokkal la foo la neex. (20)
Ku nga ne wokkal ma, du la wokkal fu la neex. (4,13)
2527. Wokkatu bu dajeek geestu. (7)
Wakke, bu dajeek ub geestu. (2)
2528. Wol di mëq du jikko, jamono la. (19)
2529. Wommat ginaar, gàddu koo ko gën. (6,13)
2530. Woññ bëñu gaynde, day fekk mu dee. (18)
2531. Woote Yàllaa gën bu nit. (14)
2532. Woppi mag ; féppay metti. (12)
2533. Wor sa ŋaamaan moo gën a wor sa léttkat. (2,6,8,13,20)
2534. Wow mënula weesu koŋŋ. (2)
2535. Woy wu am yékkati wara am daaneel. (14)
2536. Woya-mbéntee : guy gu sëqul laalo ! (2)
2537. Woyu biir jafe na awu. (13)
Woyu biir jafe na dégg. (4)
2538. Wóyu, bàndeey baayam. (2)

2539. Wuré wa dem na këŋŋ, waxi mag dem na ndañ-taali. (2)
Wuré dem na këŋ waxi mag dem na ndëñtaali. (19)
2540. Wurus rusula dellu ngalam. (2)
2541. Wurusu mandiŋ, teela xéy du ko maye, yaay ju liggéey-a koy maye. (15)
2542. Wutinu xasin aminu ñeewin. (19)
2543. Wuude du ëwal boppam. (2,3,6)
2544. Wuude, nu mu la gise, la lay ëwale. (2,5,7,14,19,20)
2545. Wuy dana jurub xatax. (2)
Buy dina jur xitax. (14)
2546. Xaalis, seexluwul.(9)
2547. Xaaraan fa nag wa dee. (2)
2548. Xaaraani tawte ca, dem tool tawte caa ko gën. (2)
2549. Xaaral sa wàll ci na(g) wi. (2)
2550. Xaaral yekk bi sedd ëpp na ci waaju xiif. (14)
2551. Xaayaan balaa neex nga déggi séeréer. (12)
Xaayaan si ñi deeg seereer. (14)
Xaayaan ca ña dégg seereer. (2)
Xaayaan, ku dégg i séeréer. (19)
2552. Xaj baw na, golo yendoo jaab. (2)
2553. Xaj bi dina raastu ci wetu waañ. (13)
2554. Xaj biy mbaw, du màtt, waaye dàq nab ragal. (19)
Xaj buy baw du màtt. (2,8)
2555. Xaj bu génn amul boroom. (4)
2556. Xaj bu sësul du baw. (4,8,13,20)
2557. Xaj bu toŋal biddéew fanaan biti. (19)
2558. Xaj bu xeex amul boroom. (13)
2559. Xaj sax, ku koy xont, saa su la séenee wiccax geen. (2)
2560. Xaj yaakaar na njël lu dul njëlul baayam. (19)
2561. Xaju cokkeer ak séenam, ku ca fàtte gësi, om. (4,13)
2562. Xalam demoon na bay neex, buum ya dog. (2)
Xalam demoon na bay neex, buum ga dog. (11,12)
Xalam demoon na bay neex, buum ya dogandoo. (19)
2563. Xale bu reew, toolam du ñor. (19)
2564. Xale bu tàmmul tumuranke du xam àddina. (15)

2565. Xale du sant : laa ! (2)
2566. Xale xamul Yàlla waaye xam na yar. (15)
2567. Xaleel amul bopp. (13)
2568. Xaleel poto-poto la, noo ko raaxe rekk lay wéye. (20)
2569. Xalele bañ na loo mu tàmm. (4)
2570. Xàll yoon yomb na, jaar ca xàll waa jafe. (7)
2571. Xalu ndéef gëmm na, waaye feyul. (18,19)
    Xalu ndéef gëmm na, ne feyul. (9)
2572. Xam denc, ba soxla jëli ko. (9)
2573. Xam lépp, wax lépp, baaxul. (2,20)
2574. Xam nga sa wàll ci tànkub na(g) wi. (2)
2575. Xam nit, xam jikkoom a ko gën. (2)
    Xam sa waay, xam jikkoom a ko gën. (19)
2576. Xam sa bopp a gën nég ba ñu la koy xamal. (2)
    Xam sa bopp a gën, nég ba nu la koy wax. (11)
    Xam sa bopp a gen ñu xamal la ko. (15)
    Xam sa bopp, moo gën ku la ko wax. (1,4,8,13)
    Xam sa bopp ca teel moo gën nég bañ la koy wax. (12)
2577. Xam wax, yab na xam noppi. (9)
2578. Xam-xam ; “xawma” bokku ca. (2)
2579. Xam xam na, xamul xamul. (2)
2580. Xam-xam ñeent a koy kulóor : di ko bind, di ko jàngale, di ko waxtaane, mbaa di ko jëfe. (7,10)
2581. Xam-xam sorewul, dafa làqu. (6,7,14)
2582. Xam Yàlla ca la nga weesu. (15)
2583. Xamal lu ñu la waxul. (19)
2584. Xamal tëraayu mag te bul xam i nelawam. (2,3)
2585. Xamoo lu ma sama yaay bootewoon ! (2)
2586. “Xamul” aay na wànte “laajtewul” a ka yées. (2,3,6)
    Xamul aay na, tey laajtewul a ko raw. (4,13,20)
2587. Xamuloo fóonante, mbate bakkan daggee. (2)
2588. “Xamuma” ku mu yóbbu pénc ma, danga ko wàndel. (13)
2589. Xanaa bu ginaar saxeey gëñ. (2)
2590. Xanaa, xorom weccikootul barca ? (2)

2591. Xàndoor, bu dammee ci waar, wàcc na. (2)
2592. Xarit benn la, bañ ñett ak ñenent.
2593. Xarit dina gën doomu-ndey. (2,19,20)
2594. Xaritu jaawaandu, boo ko amee bu ko ñàkk, waaye boo ko amul bu ko wuti. (2)
2595. Xarkatub matt ay ñaan wogg. (2)
2596. Xarum waay, gayndeg waay. (2,15)
    Gayndeg waay, xarum waay. (19)
2597. Xasu kaf, bañ na sikkas boroom. (11,12)
2598. Xawala wax, ma xawa xam. (19)
2599. Xay doy na garab, gudd na, rëy na, te wex na ba né xàtt. (2)
2600. Xay du gëna wex xay. (2)
2601. Xëbël yar bu njëkk ba day dal. (14)
2602. Xédd, dug bëgg. (11,12)
2603. Xeeb, ñàkk a cay bàjjo. (9)
2604. Xeeb ñàkk a cay buur. (11,12)
2605. Xeeb sa takkum, mu takk saw say. (2,3)
    Xeeb sa takkoon, mu yeew saw say. (6)
2606. Xeeb xal, mu lakk sa dàgga. (2,11,12)
    Xeeb nga xal mu lakk sa dàgga. (19)
2607. Xeex, ku ko fekke, boo àttewul, dangaa sot. (2,3)
2608. Xeex neexul, dàq a neex. (19)
2609. Xeexa jàmmaan na ëllëg, tey ñàkk-sutura tax ko di téye. (4)
2610. Xel ak boroom bokkuñu jëmantéel. (14)
2611. Xel ay yeggale lépp. (19)
2612. Xel, bu doon jaay, lamb. (2,3,5)
    Bu xel doon jaay, lamb. (9)
2613. Xel du doy. (7,14)
2614. Xel du namm fu mu xamul. (11,12)
2615. Xel du njaaloo. (2,19)
2616. Xel koomum boroom la. (19)
2617. Xel mëneesu ko tëye. (20)
2618. Xel mi nga gase teen bi, la ci keneen di naane. (2,3,6,15)
    Xel mi nga gase teen bi la ci sa moroom di duye. (6)

2619. Xéllëre, ku ca dëkk, réy i gët, mbaa nga mëna xoole. (2)
2620. Xélu ndaw, mag àttanu ko. (2)
2621. Xëq-nooy, yëgul xetam. (9)
2622. Xew xewwi aayul, ñàkka xew a aay. (2)
Xew xewwi aayul, ñàkka xew a bon. (19)
2623. Xippi taxula gis. (14)
2624. Xobu xël rémb na gémmiñug tef. (19)
Xobu xël ëpp na gémmiñug tef. (2)
2625. Xodd wor na jasig ba mu ñaleeg suux. (2)
2626. Xoddiku bala ngay lakkle. (5,2,10,20)
Xoddilu, ca ba nga lakkleegul. (6,11,12)
2627. Xol day gise. (2)
2628. Xol du màgget, te jikko du toxu. (19)
2629. Xol du wóom ba ñu koy bës. (2,19)
2630. Xol, lu fa jëkk të fa. (2)
2631. Xol xam na li xel di xalaat. (20)
2632. Xolub doxandéem, soo ko xaree fekk ca ñibbi. (19)
2633. Xool, bàyyi, gannaaw loola nga wokk sa pooj. (13)
2634. Xool nit fa toggkat di xool ginaar. (2)
2635. Xoole, bu ca xef àndee du metti. (2)
2636. Xooromas kiy wax mooy ñi lay déglu. (14)
2637. Xootu xaal bu yendoo naj kotom. (14)
2638. Xuloo ab sën la, lu waay jot xëpp sa moroom. (7)
2639. Xunqu nóor xamul xetam. (19)
2640. Xuq-nooy yëgul xetam, nde kon du daagu. (2)
2641. Xutumba gi ci yomb, gi ci nit a ko raw. (9)
2642. Xuus mu soreey indi ngiró. (2)
2643. Xuy-xuy a gën kamac. (14)
2644. Y góor yépp ametil jabar, y jigéen yépp ametil jëkkër. (4)
2645. Ya neex àndul, sump saa nga Mbaakol, dex gaa nga Yàjjin. (19)
2646. Ya yi di maye alal, dara saxu ca kawar : tank, ak tëstën, ak làmmiñ. (1,13)
2647. Yaa bari pexe, ni masoŋ. (9)
2648. Yaa fi sësay taxa donn/falu. (2,14,18)
2649. Yaa gàttum xel, ni sàccub yoor-yoor. (9)

2650. Yaa ko mujje mu réer. (2)
2651. Yaa ma newoon,
ma ne la,
te neeteetoo ma,
gis naa ku ma ne,
te yaa tee ma ne ko,
soo ma newul,
su ma neetee,
danaa ko ne. (2)
2652. Yaa ŋàyyi sa tubay, sol ci jaan. (9)
2653. Yaa ne woon, man ngaa faj dof, gasali nuy reen. (9)
2654. Yaa ñàng, ni kaani. (9)
2655. Yaa tulli, yaa sabaru. (6,13)
Yaa tëgg, yaa tulli. (2)
Yaa di sabaru, yaa di tulli. (13)
2656. Yaa yées, yaa yéccét, yaa takk sa ngoro gàddu. (9)
2657. Yaak kam ak Bawal bay xëccoo suuf ? (2)
2658. Yaakar a tax nit di dem MAKKA. (14)
2659. Yaay moom day juug, yére yi bu mu jot sol. (9)
2660. Yaay sarwet, doo daanu. (9)
2661. Yaayu jàmbaar amul doom. (2,15)
2662. Yàgg ay wone légétub taat. (2,3,6,20)
2663. Yàgg bawul dara. (5,6,7,15)
Yàgg bàyyiwul dara. (4)
2664. Yàgg ci yoon wi moo gën yàqule ci yoon wi. (20)
2665. Yàgg du saabu, waaye dana fóot. (2,3,6,15)
2666. Yàgg, lu mu dugg, ñaawal ko. (7)
2667. Yàggay dindi tuuma. (19)
2668. Yakk, ba ca dàq da lay fekk diñe, te amuw gan. (2,16)
2669. Yakk ba la fekk fande moo gën ci yakk yi. (30)
2670. Yakk du romb gan. (19)

2671. Yàkkamti ak gaawantu, bu ñu jurée doom, réccu am caw yoon. (2,9,10,14,15,16,19)

Yàkkamteek gaawtu bu ñu juree doom, réccu am caw yoon.

Yàkkamteek gaawantu, bu ñu juree doom, réccu am ca turandoo. (1)

2672. Yàkkamti ku mu tax war suñeel, loo am su lay tey lay yem, te du tax say yoon gaaw. (20)

2673. Yàkkamti, muj ga : yàqati. (7)

2674. Yàkkamti yàqule. (19,20)

Yàkkamti, yàqati. (20)

2675. Yàkkamti, yegg a ko gën. (20)

2676. Yakktaan bokkul ak yakk coow. (2)

2677. Yàlla amul palanteer bu mu naan la tollu ma foofu ma jox la. (15)

2678. Yàlla bindul ku mu dul rey waaye am na ñu mu dul toroxal. (20)

2679. Yàlla bu mbootu di menn. (2)

2680. Yàlla buy séddale, ñatt, ñatti nit, dey jox ñaar kenn, jox benn kenn, ne ka ca des topp leen lu rot nga for. (15)

2681. Yàlla deesu ko jàngal ab nawet. (11)

Yàlla matula jàngalum nawet. (12)

2682. Yàlla dekkal, yomb na ko. (4)

2683. Yàlla du la jox njëgu saaku ceeb, jox la doole joo ko yenoo. (2,15)

2684. Yàlla du reyal nit y bañam (4)

2685. Yàlla du teg nit lu mu àttanul. (7,14)

2686. Yàlla, gémmiñ gu mu xotti sànni ca ab tib. (2)

Gémmiñ gu Yàlla sàkk sànni ci pepp. (6)

2687. Yàlla ku mu yakkal, jiñ lay xaarkat. (19)

2688. Yàlla mayewul, day able. (2)

2689. Yàlla na piccum jàmm naaw ba ñu koy wax booba njéeréer a tax. (20)

2690. Yàlla nee na “duma sànk mukk yoolu kuy rafetal” (7)

2691. Yàlla, njuuy la. (9)

2692. Yàlla rëbb na képp kuy yee fitna. (7)

2693. Yàlla rekk moo moom baax. (20)

2694. Yàlla su doon def sago bañee, def sago soppee. (4)

2695. Yàllaa ngeek ndawal lu dul kóoba. (2)

2696. Yàllaay rootal max. (9)
Yàllaay rotal ug max. (19)
2697. “Yàlla, Yàlla”, bey sa tool. (2,3,5,6,7,8,9,14,15,16,19,20,20)
2698. Yan bi diis, ku ci sàkkal boroom yanu mu war laa gërëm. (9)
2699. Yàpp, bu ñoree, du jar àbb paaka. (2)
2700. Yàpp du jeexal yàpp. (4,13)
2701. Yàpp neex na yëy, waaye yaxit neex naa seeñu. (14)
2702. Yàppu xaj bu seddee soof. (2)
2703. Yàq a gëna yomb defar. (2)
2704. Yàqkatub marse bu jeexlee toog. (12)
2705. Yar sa doom taxul nga bañ ko. (2)
2706. Yar xaj a gën yar nit. (19)
2707. Yaram wenn la : woo ca dóor mu metti. (2)
2708. Yar ca kër (20)
2709. Yaru maam du yar. (15)
2710. Yax bu réy gobar toju ko. (11,12,19)
Yax bu réy, gobar mënu koo toj. (2)
2711. Yebu ca, namm ca, ku la ca yónni, nga gaawa dem. (13)
Yebu ca nangu ca, ku la ca yónni nga gaaw ca dem. (4)
2712. Yebu ca, namm ca, ku la ca bëmëx nga jél. (6)
Namm ca, yabu ca, ku la ca bëmëx nga jël. (2,7)
2713. Yedd, yërëm a ko gën. (2)
2714. Yéeg bu weesooy xob jéll a cay topp. (12)
Yéeg du weesu xob. (2)
Yéeg boo bëggee weesu xob ya ci suuf nga jëm. (20)
2715. Yeenay joxe, Yàllaay fey. (2)
2716. Yéene néeg la, boroom a cay fanaan. (2,3,5,6,7,11,12,15,19,20)
2717. Yéene wanaasu la, boroom a koy wannaat. (7)
2718. Yëf sa yëf, yëfi jaambur du yëf. (19)
Yëfi jaambur du yëf. (7)
2719. Yëf yi bëréb, bukkeek mbaam la. (19)
2720. Yëf yi kasaray lem gu mbaam naan la. (19)
2721. Yëg ay jiitu yëgle. (2)
2722. Yëgata, gan gu geddub reer ! (2)

2723. Yëkk, kenn du ko fóonal. (9)
2724. Yemal ci kuddu ñu roof la ci gayet. (2)
    Yemal ci mbàttu, ñu roof la ci gayet. (6)
2725. Yen bi la Yàlla yenul, bala nga sonn, yow mi ko yenu, ñi lay seetaan ñooy jëkka sonn. (7)
2726. Yëngu-yëngu bu ne, yëngug ki ko yëngal la. (7)
2727. “Yenni ma ! Yenni ma !” diisul, nde kon da koy mbas. (2)
2728. Yenukati xëddéen, dañuy yëgoo bala ñoo jóg. (2)
    Yenukati xëddéen, dañuy waxtaan bala ñoo jóg. (19)
    Yenukati xëddéen, dañuy waxtaan bala ñoo yenu. (6)
    Yenuy xëddéen, ak yégóo. (9)
    Yenukatu xëddéen dañuy yëgoo. (14)
2729. Yëréet kësëŋ, toq-toq yàgg fi rekk. (2)
2730. Yërmande day wàññi doole. (14)
2731. Yéwén : ci sa alal. (6)
2732. Yóbbante àq la. (2)
2733. Yóbbante gal-gal sa mbër taxul mu daan. (14)
2734. Yóbbante, kuy tukkee ca gën. (19)
2735. Yòbbante bu ca xuloo amee, dafa jar. (1,13)
2736. Yóbbanteb gal-gal ubul làmb. (11,19)
    Yóbbante gal-gal, ubul làmb. (9)
    Yóbbanteeb gal-gal ubul làmb. (2,12)
2737. Yóbbu mbir mi fa mbaxane nekke benn. (7)
2738. Yokkule, sakkanlee ko gën. (19)
2739. Yomb day tax nga ñàkkal faayda lu am faayda. (7)
2740. Yomb fey na naajo, ba wes ko. (2)
2741. Yónni golo, mu yónni geen ba. (2,19)
2742. Yónni ma, bu yàggul yàq. (19)
2743. Yoon amul ker. (4,13)
2744. Yoon yemul ci wenn. (2)
2745. Yoonu jàmm du wiir. (11,12,15)
2746. Yoonu jàmm soriwul. (2,8,19)
2747. Yoonu ndaw du gaaw. (7)

2748. Yóoxul ma yóoxul sa bopp a ko gëna wóor. (12)

Yuuqul ma, yuuqul ma, kaay yóoxul sa bopp. (14)

2749. Yor jikkoy géléem baaxul buy for ci gi garab di xool ca gee. (20)

2750. Yuqamtiku, baaraamub dév, waaye ndaagum tëstën. (19)

2751. Yuqamtiku yokk nab taxawaay, waaye yàgg caa jafe. (12)

2752. Yuqamtiku yokk na taxawaay waaye ku sonn dellu fa nga nekkoon. (20)

Yuqamtiku yokk nab taxawaay, waaye ku sonn, dellu ca saw manin. (19)

Yuqamtiku dina yokk taxawaay, waaye boo sonnee dellu. (15)

2753. Yuqamtikum mbaam du ko taxa tollu ci ñay. (20)

Yuqéelu mbaam, du ko taxa day ni géléem. (6,13)

Téere yu ñu jële léebu yi
Bibliography

1. **BOILLAT** 1858 *Grammaire de la Langue Woloffe*

2. **CISSE, Mame Thierno; GUEYE, Mamadou; TOURE, Mangone** 1982 *Proverbes Wolof* (Centre de Linguistique Appliquée de Dakar (CLAD), Dakar)

3. **CRIBIER, Jacqueline; DREYFUS, Martine; GUEYE, Mamadou** 1986 *Léebu proverbes wolof* (Conseil International de la Langue Française, Paris) Collection of Wolof proverbs with an explanation of how the proverbs are used.

4. **DARD, J** 1826 *Grammaire Wolofe* Reproduced with English translation in **BURTON, Richard** 1865 *Wit and Wisdom from West Africa*

5. **DIAL, Abdoulaye** 2002 *Apprentissage rapide de la transcription du Wolof (wolof-français)* 2nd Edition (Saint Louis)

6. **DIOUF, Jean Leopold** 2003 *Dictionnaire Wolof-Français et Français-Wolof* (Karthala, Paris)

7. **FAAL, Aram** 2000 *Mbindum baat yi ci làmmiñu wolof* Dictionnaire orthographique de la langue wolof illustré de proverbes (OSAD, Dakar)

8. **GAMBLE, David P**, *Wolof Proverbs*

9. **JUUF, Liisa Samba** 1998 *Léebu Wolof ak Séeni tekkin ànd aki Tàggat ci Biir* (PAPA, Dakar)

10. **KAN, Buubakar; FAAL, Aram; NJAAY, Mamadu** 1993 *Njàngum Wolof* (Organisation Sénégalaise d'Appui au Développement [OSAD], Dakar)

11. **KANJI, Sëriñ Lamin Baara** 2004 *Ndaamakocc* (PAPA II, Dakar) Explanation of game with Wolof proverbs explained in Wolof (3rd edition)

12. **KANJI, Sëriñ Lamin Baara** 1986 *Ndamakocc* (Ministere de la Femme, de l'Enfant et de la Famille, Dakar) Explanation of game with Wolof proverbs (1st edition)

13. **KOBES** *Proverbes et énigmes wolof cités dans le Dictionnaire volof-français de Mgr Kobès et du R.P. Abiven* Collected by **BECKER, Charles; MARTIN, Victor; MBODJ, Mohamed**

14. **NJAAY, Manel** *Léebu ci Kallaama wolof* (Projet Alphabétisation Priorité Femmes [PAPF])

15. **SYLLA, Assane** 1994 *La Philosophie Morale des Wolof* (Institut Fondamental d'Afrique Noire [IFAN], Dakar)

16. **SYLLA, Assane** *Ijjib Wolof* (Projet Alphabétisation Priorité Femmes [PAPF])

17. **SAAR, Xaalima** 1998 *Téereb Dawal* (PAPA, Thies)

18. **TINE, Alphonse Samba** *Proverbes nones et wolof du Càngin et du Kayoor Miroir du langage populaire Tome I* (ENDA GRAF SAHEL)

19. **WÀDD, Maam Daawur** 2004 *Léebuy Wolof*

20. **Miscellaneous sources**

my notes

CHURCH, Eric Unpublished course in Wolof

DIOP, Abdoulaye-Bara 1985 *La Famille Wolof* (Editions Karthala, Paris)

Yoonu Njub

GAYE, Pape Amadou *Practical Course in Wolof - An Audio-Aural Approach* (United States Peace Corps, Lome)

JOOB, Lamin 1998 *Gis-gis ci Kocc Barma Faal* (PAPA)

LY, Boubakar 1966 *L'Honneur et les Valeurs Morales dans les Sociétés Ouolof et Toucouleur du Sénégal* (Université de Paris)

SAMB, El-Hadj Amadou Ndiaye *Sagesse Africaine - Proverbes Wolof*

http://www.osad-sn.com/proverbes.php (Araam Fal)

http://www.ausenegal.com/-Proverbes-wolof-.html

http://lesenegalais.jeun.fr/apprendre-le-wolof-f7/vos-proverbes-en-wolof-t502.htm

http://linguaromana.byu.edu/Sow-Fall4.html